**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TARİYX HA’M HUQIQ FAKULTETİ**

**MİLLİY İDEYA, MA’NA’WİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ KAFEDRASI**

**5141500 – Milliy ideya, ma’na’wiyat tiykarları ha’m huqıq ta’limi qa’niygeliginin’ 4-kurs pitkeriwshi studenti**

**Rasbergenov Sultannin’**

**«O’zbekstannin’ rawajlaniw kontseptsiyasi, milliy ideya ha’m jaslar ta’rbiyasi» teması boyınsha**

# PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent J.Sag’ındıqov**

**Kafedra baslıg’ı:** **filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent A.Bayrıeva**

**Nukus-2012j**

# MAZMUNI

**Kirisiw**______________________________________________

**I BAP. Milliy ideya - O’zbekstannın’ o’zine ta’n rawajlanıw kontseptsiyası tiykarı**

§ 1. O’zbekstanda qurılıp atırg’an ja’miyet ha’m rawajlanıwdın’ o’zbek modeli ma’nisi.________________________________________

§ 2. Azat ha’m abat Watan, erkin ha’m parawan turmıs qurıw negizleri ha’m faktorları. ________________________________________

§ 3. G’a’rezsizlik, demokratiya ha’m rawajlanıwdın’ o’z-ara baylanısları.________________________________________

**II BAP. Ha’zirgi rawajlanıw basqıshı, milliy ideya ha’m jaslar ta’rbiyası**

§ 1. Milliy ideyanın’ tiykarg’ı wazıypaları ha’m ulıwma insaniy pikirleri________________________________________

§ 2. Milliy ideya, milletler ara tatıwlıq, diniy bawırıken’lik birligi________________________________________

§ 3. Ha’zirgi da’wir rawajlanıwı: milliy ideya ha’m jaslar ta’rbiyası________________________________________

**Juwmaqlaw**________________________________________

**Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi** ________________________________________

# I BAP. MILLIY IDEYA - O’ZBEKSTANNIN’ O’ZINE TA’N RAWAJLANIW KONTSEPTSIYASI TIYKARI

## § 1. O’zbekstanda qurılıp atırg’an ja’miyet ha’m rawajlanıwdın’ o’zbek modeli ma’nisi.

XX a’sirdin’ aqırında xalqımızdın’ a’sirlik arzıwları ju’zege shıqtı. O’zbekstan g’a’rezsizlikke eristi. Ma’mleketimiz ja’ha’n birge islesiwinin’ ten’ huqıqlı ag’zasına aylandı, jan’a ja’miyet qurıw ushın tu’pkilikli o’zgeris ha’m reformalar a’melge asırıla baslandı.

Watanımızda bu’gin qanday ja’miyet qurılmaqta, onın’ sotsiallıq, ekonomikalıq, siyasiy, ma’na’wiy tiykarları nelerden ibarat boladı? Prezident İslam Karimovtın’ «O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta» kitabında bul sorawlarg’a tolıq juwap berilgen. Bul joqarı paziyletli maqsetler ja’miyet turmısının’ barlıq tarawlarına tiyisli ko’pten-ko’p siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, ma’na’wiy wazıypalardı a’melge asırıwdı ko’rsetedi.

Biz qanday ja’miyet qurmaqtamız? Qurılıp atırg’an ja’miyettin’ ma’nis-mazmunı, abzallıqları haqqında pikir ju’riter ekenbiz, en’ da’slep bul g’a’rezsizlik bergen u’lken imkaniyat ekeniligin sezemiz. G’a’rezsizlik o’z ta’g’dirimizdi o’zimiz belgilew imkanın berdi. G’a’rezsizlik sebepli tariyxıy, milliy ha’m a’dep-ikramlıq qa’diriyat ha’mde da’stu’rlerimiz, muqaddes dinimiz qayta tiklendi. Ma’mlekemtimizdin’ tariyxın ha’m suverenitetin qorg’ay alatug’ın jan’a milliy armiya du’zildi, ma’mleket qa’wipsizligi ha’m ja’ma’a’t ta’rtibin saqlawshı pu’tkilley jan’a tiykardag’ı sistema jaratıldı.

G’a’rezsizlik jıllarında erisken en’ u’lken jetiskenligimiz ulıwma shan’arag’ımızda qarar tapqan tınıshlıq ha’m turaqlılıq, milletlerara ha’m puxaralarara tatıwlıq esaplanadı.

Bul da’wirde Watanımızdın’ ma’plerine mas sırtqı siyasat islep shıg’ıldı ha’mde du’nyanın’ en’ rawajlang’an ma’mleketleri, ataqlı xalqara sho’lkemler menen sırtqı ekonomikalıq baylanıslar ornatıldı.

O’tken da’wir ishinde qala ha’m awıllarımızdın’ ko’rinisi o’zgerip, elimiz abat ha’m ko’rkem boldı. Mu’lkdar ha’m isbilermenlerdin’ ja’miyettegi ornı ha’m abıroyı bekkemlendi. İri imaratlar, karxanalar, zavod ha’m fabrikalar boy tiklegeni, janılg’ı ha’m g’a’lle g’a’rezsizligine erisilgeni, ekonomikada quramlıq o’zgerisler ju’z bergeni, makroekonomikalıq turaqlılıqqa erisilgeni, barlıg’ı g’a’rezsiz O’zbekstannın’ rawajlanıwının’ anıq na’tiyjeleri esaplanadı.

En’ a’hmiyetlisi, g’a’rezsizlik sebepli adamlardın’ sanası ha’m turmisge mu’na’sibeti o’zgerip barmaqta, olardın’ ma’mleketimizdin’ ullı keleshegine bolg’an isenimi ku’sheymekte.

Bulardın’ barlıg’ı jan’a ja’miyet qurıwday joqarı pazıyletli ha’m juwapkershilikli iste xalqımız su’yenetug’ın tiykarg’ı jetiskenlikler esaplanadı. Biraq bul maqsetlerge jetiw ushın ma’mleketimizde baslang’an reformalardı izshil dawam ettiriw, azat ha’m abat Watan, erkin ha’m parawan turmıs jolında ja’nede belsene ha’m pidayı bolıwımız lazım.

Milliy g’a’rezsizlik ideyası xalqımızdı mine usı maqset a’tirapında birlestirip, ullı islerge atlandıratug’ın, bizge su’yenish ha’m ko’mek bolatug’ın ma’na’wiy miyzan bolip esaplanadı.

G’a’rezsizlik jıllarında rawajlanıw jolına kirgen milliy g’a’rezsizlik ideologiyası xalqımızdın’ a’sirlik da’stu’r ha’m qa’diriyatların, milliy o’zligimizdi o’zinde ja’mlestirip, olardı ulıwmainsaniy qa’diriyatlar, du’nya tsivilizatsiyası jetiskenlikleri ha’mde aldag’ı, rawajlang’an ideyalar menen bayıtıp, ma’mleketmiz o’z aldına qoyg’an maqset ha’m wazıypalardı anıq-rawshan sa’wlelendiredi. Onın’ ja’rdeminde ha’r bir watanlasımız, biz qanday ja’miyet, qanday ma’mleket, qanday sistema qurmaqtamız, onın’ sotsiallıq-ekonomikalıq, siyasiy-ma’na’wiy tiykarları nelerden ibarat, degen sorawlarg’a juwap taba aladı.

Ma’mleketimiz basshısı İslam Karimovtın’ «O’zbekstannın’ o’z g’a’rezsiz ha’m rawajlanıw jolı», «O’zbekstan ullı kelshekke qaray», «O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta» sıyaqlı shıg’armalarında ha’mde ko’plep bayanatlarında O’zbekstan xalqı qanday maqsetke qaray umtılıp atırg’anı, qanday ja’miyet qurg’anı ilimiy tiykarda ken’ jarıtıp berilgen.

A’sirese, Prezidentimizdin’ «O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta» shıg’armasında g’a’rezsiz rawajlanıw jıllarında arttırılg’an ta’jriybelerge su’yengen halda, burıng’ı sovet du’ziminin’ awır izlerine qaramay, jurtımız u’lken rawajlanıw jolı, O’zbekstan jan’a a’sirge qanday rejeler menen kirip baratırg’anı tiykarlanadı. Jurtımızda ma’nis-mazmunına qaray pu’tkilley jan’a ja’miyet qurıw ha’m XXI a’sirdin’ da’slepki jıllarına go’zlengen rawajlanıw strategiyasının’ u’stin bag’darları ko’rsetip berilgen.

*Bizin’ bas strategiyalıq maqsetimiz – azat ha’m abat Watan, erkin ha’m parawan turmıs, bazar ekonomikasına tiykarlang’an erkin demokratiyalıq ja’miyet qurıw esaplanadı.* Bazar ekonomikası, en’ da’slep, ko’pmu’lkshilikke ha’m olar ortasındag’ı

ba'sekige su'yenedi. Onda mu'lktin' barlıq nızamlıq formaları ten' huqıqqa iye bolıp, bul huqıq ma'mleket ta'repinen kepillenedi. Ekonomikalıq rawajlanıwdı bazardag'ı talap ha'm usınıs jolg'a saladı ha'm basqara baslaydı. Onı oraydan turıp basqarıwg'a, qa'rejet ha'm fondlardı rejeli bo'listiriwge qa'jet qalmaydı. Burıng'ı sotsialistlik ma'mleketlerdin' ta'jriybesi usını ko'rsetedi, oraydan turıp basqarılatug'ın rejeli ekonomika aqır-aqıbette baribir kriziske ju'z buradı.

Ko'pmu'lkshilikke tiykarlang'an bazar ekonomikasın ju'zege shıg'arıw arqalı jurtımızda jamastug'ın barlıq isnanlar ushın milleti, tili ha'm dinine qaramastan, mu'na'sip turmıs sharayatı jaratıp beriw, rawajlang'an demokratiyalıq ma'mleketlerdegi sıyaqlı kepillengen turmıs da'rejesi ha'm erkinliklerin ta'miynlew – ma'mleketimiz siyasatının' mazmun-ma'nisin sa'wlelendiredi.

Biraq bazar ekonomikası mu'na'sibetlerine o'tiw ha'm olardı a'melde ju'zege shıg'arıwdın' tayın u'lgisi joq. Bul boyınsha biz ha'tte ja'ha'ndegi en' joqarı rawajlang'an ma'mleketler ta'jiybesin de soqırlarsha qollay almas edik. Sebebi bizin' ma'mleketimiz ekonomikasının' quramlıq du'zilisi, qazılma baylıqları ha'm ıqlım sharayatı, ta'biyiy resursları, xalqımızdın' mentaliteti, xalıqtın' quramı ha'm o'siwi hesh bir ma'mlekettikine usamaydı. Basqa ma'mleketlerde jaqsı g'ana na'tiyje beretug'ın rawajlanıw modeli bizde hesh qanday na'tiyje bermewi yaki kerisinshe, krizisti ja'nede teren'lestiriwi mu'mkin edi. (Ma'selen, ayırım doslıq ma'mleketlerdin' shok terapiyası usılın qollap, qıyın awhalg'a tu'sip qalg'anın eslen').

*Sol sebepli xalqımzdın' ku'shi menen tan'lap alıng'an ha'm o'zimizge sa'ykes rawajlanıw* bul – ja'miyetlik la'rzelersiz, krizisli sekiriwlersiz, evolyutsion ta'rizde alg'a barıwdı ko'rsetetug'ın jol esaplanadı.

Tan'lap alıng'an bul jol, ha'mde og'an mas milliy g'a'rezsizlik ideyasının' *strategiyalıq maqsetleri ja'miyet turmısının' barlıq tarawlarına tiyisli bolg'an to'mendegi bir qatar wazıypalardı a'melge asırıwdı ko'rsetedi.*

Siyasiy tarawda:

Ja'miyet turmısın demokratlastırıw protsessin ja'nede teren'lestiriw, onın' izshilligi ha'm na'tiyjeliligin ta'miynlew – ma'mleketimizde a'melge asırılıp atırg'an siyasiy reformalardın' en' tiykarg'ı bag'darı esaplanadı.

Birinshiden, *ma'mleketimiz siyasiy turmısının' barlıq tarawların, ma'mleket ha'm ja'miyet qurılısın erikinlestiriw, xalıqtın' siyasiy aktivligin asırıw, onda milliy ha'm ulıwma qa'diriyatlarg'a tiykarlang'an siyasiy ma'deniyattı qa'liplestiriw.* Milliy

g'a'rezsizlik ideyasının' siyasiy tarawdag'ı qa'siyetlerinin' ma'nisi a'ne usılarda o'z ko'rinisin tabadı.

Siyasiy turmıstı erkinlestiriwdin' tiykarg'ı sha'rtlerinen biri xalıqtın' siyasiy sanasın o'siriw, og'an demokratiyalıq erkinliklerdin' ma'nis-mazmunın tuwrı tu'sinip alıw ha'm o'zlestiriwge imkan jaratıwdan ibarat.

Ja'miyetlik rawajlanıwg'a umtılıp atırg'an, siyasiy ha'm ekonomikalıq turmıstı eriknlestiriw jolınan baratırg'an ha'r qanday ja'miyet huqıqıy ma'deniyattı joqarı, azat ha'm erkin shaxstı ta'rbiyalawg'a umtıladı. Sonda g'ana demokratiya, pikir ha'm hu'jdan erkinligi, plyuralizm ha'm insan huqıqların ta'miynlew, gumanizm ha'm ulıwmainsaniy qa'diriyatlarg'a a'mel qılıp jasaw printsipi ja'miyet turmısının' tiykarg'ı miyzanına aylanadı. Sebebi demokratiyanın' do'retiwshisi, a'melge asırıwshısı, rawajlandırıwshısı – insan. Demokratiya – tek xalıq ha'kimiyatı bolıp qalmay, ol bir waqıtta ha'r bir insan, ha'r bir ja'ma'a't ha'm pu'tkil xalıqtın' o'z ma'mleketinin' keleshegi, o'z ta'g'diri aldındag'ı juwapkershiligi de esaplanadı.

Ekinshiden, *ja'miyetimizdegi tu'rli ma'pler, qarama-qarsı ku'shler ha'm ha'reketler ortasındag'ı ten'salmaqlıqtı ta'miynleytug'ın na'tiyjeli mexanizmdi qa'liplestiriw, siyasiy turmısta haqıyqıy ma'nistegi ko'ppartiyalıq printsipin endiriw.* Bul ta'repler milliy g'a'rezsizlik ideyasının' siyasiy tarawdag'ı o'zine ta'n printsiplerin sa'wlelendiredi.

Mu'lkshiliktin' ra'n'-ba'ren' formaları ju'zege shıg'ıp atırg'anı, olar ten' huqıqlılıg'ının' ma'mleket ta'repinen kepillengeni ja'miyettin' ja'miyetlik-klasslıq quramın o'zgertpekte. Bu'gin jan'a ja'miyetlik qatlam ha'm toparlar – paydaku'nemler, isbilermenler ha'm orta klass payda bolmaqta. Ma'mleketimizde ko'ppartiyalıq sistemasının' qa'lipleskeni bunın' ayqın mısalı bola aladı.

Ha'zirgi o'tiw da'wirinde mu'lkshiliktin' ma'mleketlik emes formaları ha'm siyasiy partiyalar ele bekkem ayaqqa turıp alg'anı joq. Biraq, olar ku'nnen-ku'nge ku'shke tolıp o'z abıroyların asırıp barmaqta.

Sol ma'niste, Prezidentimiz İslam Karimovtın' to'mendegi so'zleri u'lken a'hmiyetke iye: «Sog'an erisiw kerek, ma'mleketimiz siyasiy turmısında haqıyqıy ma'nistegi ko'ppartiyalıq ortalıg'ı ju'zege keliwi za'ru'r. Ha'r bir partiya belgili bir sotsiallıq qatlamg'a su'yengen halda, mine usı taypa ma'plerinin' qorg'awshısı sıpatında o'zinin' anıq ha'm rawshan ha'reket da'stu'rine iye bolıwı kerek. Onda ha'r bir partiyanın' maqset

ha'm wazıypaları, ja'miyet rawajlanıwı barısındag'ı usınısları o'z sa'wleleniwin tabıwı lazım»[1].

Tu'rli ma'pler, qarama-qarsı ku'sh ha'm ha'reketler ten'salmaqlıg'ın ta'miynleytug'ın ma'na'wiy faktor bul – milliy ideyalar esaplanadı. Ol sotsiallıq toparlar ma'pi ha'm ideologiyasındag'ı ulıwmalıqtı, yag'nıy ulıwmamilliy ma'plerdi ha'm birden-bir joqarı maqsetti sa'wlelendiriwshi ideya esaplanadı. Ol millettin' birligine, konsolidatsiyasına xızmet qılıwshı ma'na'wiy ku'sh esaplanadı. Sol sebepli ma'mleketimiz g'a'rezsizligi, keleshek rawajlanıwımız onı xalqımızdın' sanasına sin'dirip barıwdı ko'rsetedi.

U'shinshiden, demokratiyalıq institutlardın' g'a'rezsiz iskerlik ko'rsetiwi ushın ja'nede ken'rek shart-sharayat jaratıw, ha'kimiyattın' konstitutsiyalıq bo'liniwi printsipine qatan' a'mel qılıw, ja'miyet ag'zalarının' barlıq siyasiy, sotsiallıq potentsialın, erkinligin ju'zege shıg'arıw ushın za'ru'r imkaniyatlardı iske salıwdı ko'rsetedi.

*Bul – ma'mleketimizde demokratiya printsiplerine tiykarlang'an, hesh qanday siyasiy ku'shtin' subektiv tilegine bag'ınıshlı bolmastan isti aktiv sho'lkemlestiretug'ın, o'z ma'nisine qaray, ja'miyettin' alg'a jılısıwına kesent beretug'ın illet ha'm izlerdi joq ete alatug'ın na'tiyjeli sistemanı qa'liplestiriw demekdur.*

G'a'rezsizlik bul – huqıq, huqıq bolsa – juwapkershilik yaki, bir so'z benen aytqanda, g'a'rezsizlik – juwapkershilik. Mine usı baylanıslılıqtı, a'piwayı puxaradan tartıp, juwapkershilikli xızmetkerlerge shekem teren' tu'sinip, o'z iskerligin a'ne sol tiykarda ju'ritiwi maqsetke muwapıq.

To'rtinshiden, *jergilikli ha'kimiyat ha'm puxaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organlarının' iskerlik shen'berin ken'eytiw, olarg'a ma'mleket wa'killiklerinin' bir bo'legin basqıshpa-basqish o'tkizip barıw, ma'mleketlik emes ha'm ja'ma'a't du'zilmelerinin' huqıqı ha'm abıroyın asırıwdı ko'zde tutatug'ın* **«Ku'shli ma'mleketten – ku'shli ja'miyetke qaray»** *kontseptsiyasın a'melge asırıw.*

*Bul – adamlardın' siyasiy sanası, siyasiy ma'deniyatı ha'm belsendiligi joqarılap barg'an masın, ma'mleket wazıypalarının' ma'mleketlik emes du'zilmeleri ha'm puxaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organlarına basqıshpa-basqısh o'tiwi, ma'ha'llelerdin' abıroyının' asıwı, olarg'a ko'birek huqıqlar beriliwi demekdur.*

Siyasiy turmıstı erkinlestiriw protsessinde ja'miyetti basqarıw barısındag'ı wazıypa-funktsiyalar eki bag'darda qayta bo'listirilip baradı. Birinshisi – ma'mleket oraylıq

---

[1] **Ислом Каримов** «Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз». Тошкент, «Ўзбекистон», 2000., 7-бет.

basqarmalarının' ayırım huqıq ha'm wazıypaları jergilikli ha'kimiyatlar moynına o'tkiziledi. Sol ta'rizde jergilikli ha'kimiyattın' huqıq ha'm wazıypaları asırıladı.

Ekinshisi – ja'ma'a't sho'lkemlerinin' huqıqı ha'm juwapkershiligin asırıw, ma'mleket moynındag'ı wa'killiklerdin' bir bo'legin olardın' moynına o'tkiziw. Bunın' ushın Konstitutsiya ha'm nızam shen'berinde iskerlik ko'rsetetug'ın ja'ma'a't, yag'nıy ma'mleketlik emes ha'm hu'kimetlik emes sho'lkemlerinin' tarmag'ın ken'eytiw za'ru'r.

Ma'mleketlik emes, ja'ma'a't sho'lkemlerinin' ko'beyiwi, olardın' ku'ndelik turmısımızdag'ı a'hmiyeti artıp baratırg'anlıg'ı, puxaralıq ja'miyet tiykarları barg'an masın bekkemlenip, rawajlanıp baratırg'anlıg'ınan derek beredi. Mine usı sho'lkemlerdin' aktivligi ha'm juwapkershiliginin' artqanı, puxaralardın' sanası ha'm ko'z-qarasında, ku'ndelik turmısında olar barg'an masın ko'birek qatnasıp atırg'anı «Ku'shli ma'mleketten – ku'shli ja'miyetke qaray» kontseptsiyasın turmısqa endiriwdin' a'hmiyetli sha'rti ha'm forması. «Ku'shli ja'miyet» tu'siniginin' ma'nisi sonnan ibarat, xalıq ja'miyetlik sho'lkemleri arqalı ma'mleketlik mekemeleri iskerligin baqlaydı, olardın' o'z wazıypaları ha'm ja'miyet aldındag'ı juwapkershiliklerin tuwrı ha'm na'tiyjeli orınlawına ta'sir ko'rsetedi.

O'zbekstanda qurılıp atırg'an ja'miyet a'ne usınday ku'shli ja'miyet boladı. Onın' siyasiy siseteması – demokratiyalıq, huqıqıy ma'mleket bolsa, ja'miyetlik du'zimi – nızam u'stin bolg'an puxaralıq ja'miyet.

Besinshiden, *ma'mlekettin' reformatorlıq wazıypaların demokratiyalıq talaplar tiykarında, xalqımız ha'm ja'miyetimizdin' ma'plerine mas halda a'melge asıratug'ın qa'biletli, izleniwshi, teren' bilimli ha'm joqarı ta'jriybeli, Watang'a, ana jerimizge sadıq jas kadrlardı tan'law, orınlı-ornına qoyıw ha'm jan'alawg'a imkan beretug'ın sisetmanı qa'liplestiriw. Bul – hesh qaysı zamanda an'satlıq penen sheshilmeytug'ın, adamlardın' sanası ha'm du'nyaqarası o'zgerisin ko'rsetetug'ın, a'dette subektivizm, ma'pgo'ylik, urıw-aymaqshılıq sıyaqlı ko'p-ko'p illetlerdi joq etiw, ja'miyetti tu'pten jan'alawdı talap etetug'ın protsess esaplanadı.*

Ma'mlekettin' ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy siyasatının' qanshelli tuwrı ha'm na'tiyjeli a'melge asırılıwı ko'p ta'repten tu'rli buwındag'ı sho'lkemlestiriwshi – atqarıwshılarg'a baylanıslı. Olardın' ka'siplik tayarlıqları qanshelli ba'lent bolsa, o'z wazıypaların qanshelli hadal ha'm hu'jdan menen orınlasa, isler sonsha alg'a ketedi, ku'ndelik mashqalalar tezirek sheshiledi.

Watanparwarlıq ha'm milliy ideyag'a sadıqlıq basshının' iskerligin, izleniwlerin joqarı ma'nis-mazmunı menen toltıradı. Ol jolında ushıraytug'ın qıyınshılıqlardı, ayırım

a'wmetsizliklerdi psixologiyalıq jaqtan a'nsat jen'edi, tu'skinlikke tu'speydi, jetiskenliklerge albıramaydı. Ol o'z iskerligine ha'm ja'ma'a'ti erisken jetiskenliklerge barqulla en' joqarı miyzanlar menen baha berip, og'an kritikalıq baha beredi. Ol en' aldag'ı ta'jriybelerdi go'zlep is ju'ritedi, olardı ja'ma'a't iskerligine engiziwge urınadı. Watanparwarlıq ha'm milliy ideyag'a sadıqlıq onın' ku'shine ku'sh, aqılına aqıl qosadı, onı haqıyqıy pidayıg'a aylandıradı.

Bul tu'rli buwın basshılarının' kadrlardı tan'law, orınlı-ornına qoyıw barısındag'ı o'zbasımshalıqlardın', a'dalatsızlıqlardın' ko'p ta'repten aldın aladı yaki kadrlardı olardın' o'zbasımshalıg'ınan, tu'rli kewilsizliklerden qorg'aydı. A'shkaralıq printsipin qollaw, ayırım tarawlarda konkurs-tan'law tiykarında lawazımg'a usınıw, tan'lanıp atırg'an qa'niyge haqqında ja'ma'a'ttin' pikirin u'yreniw ha'm usı sıyaqlı ta'dbirler de kadrlar tan'law mexanizmin qa'liplestiriwge, jan'a ja'miyetti qurıwdı tezlestiriwge xızmet qıladı.

Ekonomikalıq tarawda:

*Ekonomikanın' barlıq taraw ha'm tarmaqlarında erkinlestiriw protsessin izshillk penen a'melge asırıw ha'm alıp barılıp atırg'an reformalardı ja'nede teren'lestiriw, xojalıq ju'ritiwshi subektlerdin' g'a'rezsizligin ja'nede asırıw, isbilermenlik iskerligin rawajlandırıw jolındag'ı bar bolg'an tosıqlardı joq etiw – bul tarawdag'ı o'zgerislerdin' tiykarg'ı bag'darı esaplanadı.* Bul o'zgeris ha'm bag'darlar milliy g'a'rezsizlik ideyasının' ekonomikalıq tarawdag'ı qa'siyet ha'm printsiplerdi belgileydi. Bunda bir qatar wazıypalar a'melge asırıladı.

Birinshiden, *ekonomikanı erkinlestiriwdegi bas wazıypa – en' da'slep, ma'mlekettin' basqarıwshılıq wazıypaların – funktsiyaların qısqartıw, onın' karxanalar xojalıq iskerligine, birinshi gezekte, jeke biznes iskerligine aralasıwın sheklew.*

Bul – jeke bizneske, ulıwma, ekonomikalıq iskerliktin' bazarg'a ta'n mexanizmlerine ko'birek erkinlik beriw, bunın' ushın tiyisli huqıqıy ortalıq, sho'lkemlestirilgen ha'm ekonomikalıq shart-sharayat ha'm kepilliklerdi jaratıw, institutsional o'zgerisler, finans ha'm bank sistemasın reformalawdı ja'nede teren'lestiriw, rawajlang'an bazar infradu'zilisin qurıw, ba'sekini qa'liplestiriwge tiykarg'ı itibardı qaratıw demek.

Ekinshiden, *menshiklestiriw protsessin ja'nede teren'lestiriw ha'm bul barıstag'ı haqıyqıy mu'lkdarlar klassın payda etiw, bul protsesske tarmaqlardın' tiykarın quraytug'ın iri karxanalardı tartıw.*

*Bul – jeke mu'lktin' mug'darı ha'm u'lesi u'zliksiz artıp baratug'ın ko'pukladlı ekonomikanı rawajlandırıw, ja'miyette mu'lkdarlardın' ko'pshilikti qurawına erisiw arqalı ja'miyetlik turmıstag'ı turaqlılıq ha'm parawanlıqtı kepillew demekdir.*

Menshiklestiriwdin' tiykarg'ı maqseti, bir ta'repten, mu'lkshiliktin' tu'rli ma'mleketlik emes formaların rawajlandırıp, olar ortasındag'ı haqıyqıy ba'sekini payda etiw bolsa, ekinshi ta'repten, mu'lkdarlar sanın, a'sirese ba'nt xalıqtın' quramındag'ı jaqın keleshekte ko'pshilikti quraytug'ın orta klasstı qarar taptırıwdan ibarat.

U'shinshiden, *ekonomikag'a sırt el tovarların ken'nen tartıw ushın qolaylı huqıqıy shart-sharayat, kepillik ha'm ekonomikalıq faktorlardı ja'nede ken'eytiw.*

Bul – potentsial sırt elli sherkiler menen aktiv sheriklik qılıw, olar menen birge zamanago'y, xalqımız za'ru'riyatına mas, du'nya bazarında ba'sekige shıdam bere alatug'ın tovarlar islep shıg'arıwdı a'melge asırıw demekdur.

Shet ellilerge o'zlerinin' karxanaların ashıwg'a, belgili bir sha'rtler tiykarında jer astı baylıqların qazıp alıwda qatnasıwlarına ruxsat berilip atırg'anı da bul barada alıp barılıp atırg'an islerdin' qatarına kiredi.

Ma'mleketimizde sapalı, ba'sekige shıdam bere alatug'ın tovarlardı islep shıg'arıw qanshelli ko'beyse, xalqımızdın' materiallıq za'ru'rlikleri sonshelli qandırıladı, turmıs parawanlıg'ı o'sedi, ma'mleketimizdin' ekonomikalıq qu'direti asadı.

To'rtinshiden, *ma'mlekettin' eksport potentsialın asırıw, onın' xalqara miynet bo'listiriwinde ten' huqıqlı ha'm o'z-ara ma'pdar sha'rtler tiykarında qatnasıwı, ekonomikamızdın' ja'ha'n ekonomikalıq sistemasına ken' ko'lemde integratsiyalasıwın ja'nede ku'sheytiw. Bul – Watanımızdın' du'nya bazarındag'ı ornı ha'm abıroyın, puxaralarmızdın' o'z jurtının' ekonomikalıq potenitsialı ha'm qu'direti menen maqtanısh sezimin joqarılatıw demekdur.*

Ma'mlekettin' eksport potentsialın asırıw tikkeley ja'ha'n bazarında qarıydarlı, ba'sekige shıdam bere alatug'ın tovarlar islep shıg'arıw menen baylanıslı.

O'zbekstanda alıp barılıp atırg'an ekonomikalıq siyasatta onın' eksport potentsialın asırıwg'a ayrıqsha itibar berilmekte. Tovardın' sapası ha'm narxının' maqullıg'ı menen g'ana ja'ha'n bazarındag'ı abıroyın bekkemlep alıw, sherikler ha'm qarıydarlar tabıw mu'mkin. Sonnan keyin g'ana xalqara miynet bo'listiriliwinde ten' huqıqlı qatnasa alamız. Biraq ma'mleketimizdin' eksport potentsialın asırıw ushın tek g'ana da'stu'riy tovarlardın' ko'beytiwimiz emes, al, burin O'zbekstanda islep shıg'arılmag'an tovarlardı o'zlestirip, eksport qılıwg'a erisiwimiz lazım. Bizde bolsa bunday imkaniyat joqarılıg'ın qısqa mu'ddet

ishinde avtomobilsazlıq sanaatı payda bolg'anı, avtomobillerimizdi sırt ellerge satıp atırg'anlıg'ımız ha'm usıg'an usag'an basqa mısallar ko'rsetip turıptı.

**Besinshiden,** *ekonomikadag'ı quramlıq o'zgerislerdi izshil dawam ettiriw.*

**Bul - bay ta'biyiy resurslarımız, intellektual ha'mde ilimiy-texnikalıq potentsialımızdan tolıq ha'm na'tiyjeli paydalanıw, ekonomikada quramalı texnologiyalıq protsessti o'z ishine alatug'ın, tayar o'nim islep shıg'aratug'ın, mineral ha'm awıl xojalıg'ı shiyki zatın sapalı etip qayta isleytug'ın quwatlar jetekshi orın tutıwın ta'miynlew, xızmet ko'rsetiw tarawların rawajlandırıw, olardın' ekonomikadag'ı ornın ku'sheytiw, awılda jan'a is orınların jaratıw demekdur.**

O'zbekstan ekonomikasında quramlıq o'zgerisler bir neshe bag'darda a'melge asırılmaqta:

1. Ekonomikanın' mu'lkshilik tiykarları rawajlandırılmaqta. Tu'rli mu'lk formaları payda etildi ha'm quramalastırılmaqta.

2. Tayar o'nim islep shıg'aratug'ın karxanalar tarmag'ı ken'eytilmekte, jan'aları qurılmaqta.

3. Kishi ha'm orta biznes karxanaları sisteması qa'liplestirildi ha'm jedel rawajlandırılmaqta.

4. Bazar infradu'zilmesi payda boldı. İsbilermenlerge ha'm xalıqqa ren'-beren' ekonomikalıq, finanslıq, xabar-reklama, huqıqıy ha'm aldın o'zimizde bolmag'an basqa xızmet tu'rleri ko'rsetilmekte. Bul taraw da ken'eyip, o'sip, forma ha'm mazmunın bayıtpaqta.

5. O'zbekstannın' geografiyalıq ornı, geopolitikalıq qa'siyetleri transport ha'm kommunikatsiya ma'selelerine u'lken itibar qaratıwdı talap etpekte.

Sotsiallıq tarawda. *Ja'miyet turmısının' barlıq tarawlarında tu'pkilikli o'zgerisler a'melge asırılıp atırg'an, bazar mu'na'sibetleri u'stin bolıp baratırg'an ha'zirgi sharayatta ku'shli sotsiallıq siyasat ju'ritiw rawajlanıwımızdın' tiykarg'ı printsiplerinen biri bolıp qala beredi.* Bul bolsa milliy g'a'rezsizlik ideyasının' sotsiallıq tarawdag'ı printsiplerin belgileydi, olardın' a'melge asıwına xızmet qıladı.

Ku'shli sotsiallıq siyasat degende, xalıq haqqında – ha'r bir sotsiallıq topar, qatlam, klass, ha'r bir puxara, jaslar ha'm kekseler, er ha'm hayal adamlar – barlıq jerleslerimiz haqqında g'amxorlıq qılıw, reformalardı, ekonomikalıq ta'dbirlerdi xalıq ma'plerin go'zlegen halda o'tkiziw, xalıq ta'limi, den-sawlıqtı saqlaw, ma'deniyat, ilim-pa'n tarawlarına itibardı qaratıw tu'siniledi. Prezident İslam Karimovtın' reformalar reformalar

ushın emes, xalıq ushın, onın' turmıs parawanlıg'ının' o'siwi, mu'na'sip turmıs keshiriwi ushın, degen juwmag'ı ku'shli sotsiallıq siyasat o'tkiziwdin' ma'nis-mazmunın quraydı. Bul – ma'mleketimiz siyasatının' insanparwarlıq mazmunınan kelip shıg'adı.

Jan'a ja'miyetti qurıw protsessinde sotsiallıq bag'darlang'an ku'shli siyasattı dawam ettiriwge qaratılg'an to'mendegi ta'dbirler o'tkiziledi.

**Birinshiden,** *xalıqtin' materiallıq parawanlıg'ın basqıshpa-basqısh ha'm izshil asırıp barıwdı ta'miynlew, jerleslerimizdin' mu'na'sip turmıs keshiriwi ha'm kamal tabıwı ushın za'ru'r shart-sharayatlardı jaratıw, xalıqtı, en' aldı menen, onın' ja'rdemge mu'ta'j qatlamları – balalar, qariyalar, nagiranlar, oqıwshı jaslardı sotsiallıq qorg'awdın' anıq bag'darlang'an mexanizmin ja'nede quramalastırıw.*

**Ekinshiden,** *xalqımız ushın muqaddes qorg'an ha'm ma'na'wiyat besigi bolg'an shan'araq, analar ha'm hayallarımızdın' ja'miyettegi ornı ha'm abıroyın asırıw tarawında alıp barılıp atırg'an islerdi izshil dawam ettiriw.*

Shan'araq ha'r qanday ja'miyettin' de tiykarın quraydı. Ol qansha bekkem, parawan bolsa, ja'miyet sonshelli turaqlı ha'm rawajlang'an boladı. Ja'miyette a'melge asırılatug'ın iri proektler, tu'pkilikli o'zgerisler eger olar shan'araq tiykarların da bekkemlese, quramalastırsa yaki ogan keri ta'sir ko'rsetpese jetiskenlikke erisedi.

**U'shinshiden,** *puxaralardın' huqıqıy ten'ligi ha'm nızam u'stinligin, ja'miyet ma'pleri ha'm xalıq qa'wipsizligin ja'nede na'tiyjeli kepillewshi ma'mleket du'zilmeleri iskerligin quramalastırıw.*

**To'rtinshiden,** *keleshegi ullı ma'mleketti salamat ideologiyalı, ma'na'wiy nawqıran a'wlad qura alıwın na'zerde tutıp, ka'mil insandı ta'rbiyalaw barısındag'ı islerdi keleshekte de ma'mleket siyasatı da'rejesinde ku'sheytip barıw ha'm ulıwmaxalıqlıq ha'reketine aylandırıw.*

Ja'miyetimiz o'z aldına qoyg'an joqarı maqset – keleshegi ullı O'zbekstandı, azat, abat Watandı jaratıw ha'm ulıwma, reformalardın' ta'g'diri aqır-aqıbette bu'gin qa'liplesip atırg'an a'wladtın' du'nyaqarasına, ja'miyetlik maqsetlerine, zamanago'y ilim-pa'n ha'm ka'siplerdi iyelewine, a'meliy sho'lkemlestiriwshiligine tikkeley baylanıslı.

Sol sebepli aqılıy jetik, ruwxıy tetik ha'm salamat, erkin ha'm kritikalı pikirlewshi, ja'miyetlik juwapkershilikti tuwrı sezetugın, belgili bir ka'sip-o'nerdi iyelegen nawqıran a'wladtı ta'rbiyalaw O'zbekstanda jan'a ja'miyetti qurıwdın' quram bo'legine, tiykarg'ı shart-sharayatqa ha'm maqsetine aylandı.

Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’rin orınlaw boyınsha islenip atırg’an sho’lkemlestiriwshi isler, salamat ha’m nawqıran a’wladtı ta’rbiyalaw barısındag’ı barlıq isler Watanımızdın’ keleshekte ja’ha’n maydanında bekkem ha’m abıroylı orındı iyelewinen, biz, bu’gingi ha’m keleshek a’wlad wa’killeri ata-babalarımızdan miyras mine usı mu’ba’rek jerde keleshegi ullı ma’mleket, azat ha’m abat Watan, erkin ha’m parawan turmıs qura alatug’ınlıg’ımızdan derek beredi.

**Ma’na’wiy tarawda.** *Ma’na’wiy qa’diriyatlarımızdı ilim-pa’n ha’m rawajlanıwdın’ jetiskenlikleri menen bayıtıp barıw, o’zligimizdi teren’rek an’law, milliy ideya ha’m g’a’rezsizlik ideologiyası printsiplerin xalqımızdın’ qa’lbi ha’m sanasına sin’diriw, muqaddes dinimiz ha’m tariyxımızdı qa’lbekilestiriw, olardan siyasiy maqsetlerde paydalanıwlarına jol qoymaw – bul barıstag’ı tiykarg’ı wazıypalarımız esaplanadı.* Usı wazıypalar milliy g’a’rezsizlik ideyasının’ ma’na’wiy tarawda o’z ko’rinisin tabıwının’ tiykarg’ı printsiplerin belgileydi.

Jan’a ja’miyet qurıw protsessinde, en’ aldı menen, ma’na’wiy qa’diriyatlardı tuwrı bahalay alıwdı, jasalma qa’diriyatlardan yaki tariyxıy jaqtan go’nergen, o’zindegi do’retiwshilik ha’m unamlı potentsialın sarplap bolg’an qa’diriyatlardan haqıyqıy turmis bag’ıshlawshı qa’diriyattı ajırata alıwdı u’yreniwimiz lazım. Qaysıdır bir qa’diriyatqa baha beriler eken, onın’ ma’mleketimizdin’ g’a’rezsiz rawajlanıwının’ siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, isenim ha’m a’dep-ikramlıq tiykarların qay da’rejede bekkemley alıwı, xalqımızdın’ pu’tkilja’ha’n sotsiallıq rawajlanıwının’ belsene subektine aylanıwına xızmet qıla alıwı bas miyzan bolıwı kerek.

Bul printsipler milliy ideyamızdın’ quramlıq elementleri esaplanadı. Milliy g’a’rezsizlik ideyası pu’tkil ja’miyet, pu’tkil millet, pu’tkil o’zbekstanlılar ushın xızmet qıladı. Milliy qa’diriyatlarımızdı bahalag’anda, olardın’ milliy ideyag’a qanshelli mas ekenin na’zerde tutamız. Biraq biz bahalaw protsessinde tek ayrıqsha bir insan, belgili bir ja’miyetli topar, qaysıdir bir etnos, ma’pin emes, al ulıwmainsaniy ja’miyetimizdin’ ma’pin na’zerde tutamız. Sol sebepli, joqarıda aytıp o’tilgen miyzan ha’m printsiplerden paydalanıp, ma’deniy miyrasımızdı ha’m bu’gin ayırım jat ideologiyalıq poligonlar ta’repinen u’gitlenip atırg’an ayırım ideyaların analizlesek, olarda insannın’ erkin rawajına, o’z arzıw-umtılıslarına sa’ykes halda jasawına, xalqımızdın’ psixologiyası, maqsetleri, Watan ma’pleri ha’m zamanago’y rawajlanıw talaplarına sa’ykes kelmeytug’ın elementlerin, ideyalardı jaqsı bayqap qalamız.

Jan’a ja’miyetti qurıwda ma’na’wiy tarawda to’mendegi wazıypalardı orınlawımız lazım:

**Birinshiden,** *xalqımızdi ma'na'wiy jan'alanıw ha'm reformalar protsessinin' belsene qatnasıwshısına aylandırıw, olardın' ku'sh ha'm potentsialın ja'miyetlik birge islesiw ha'm milletlerara tatıwlıq, diniy bawırıken'lik sıyaqlı jaqsı maqsetlerge xızmet qıldırıw.*

Bul - ma'na'wiyattın' ku'sh-qu'diretinen jaqsı maqsetler jolında na'tiyjeli paydalanıw, ja'miyetlik mu'na'sibetlerdi insaniylıq mu'na'sibetlerdi insaniylıq ideyaları tiykarında rawajlandırıw demekdir.

**Ekinshiden,** *tu'rli qaras ha'm pikirge iye bolg'an sotsiallıq qatlamlar, siyasiy ku'sh ha'm ha'reketlerdin' o'zine ta'n arzıw-umtılısların uyg'ınlastırıwshı ideyalar – Watannın' gu'lleniwi, jurt tınıshlıg'ı, xalıq parawanlıg'ı – barlıq jerleslerimiz ushın muqaddes maqsetke aylanıwına erisiw. Bul – ko'ppartiyalıq ha'm plyuralizm printsiplerine a'melde boysıng'an halda milliy birdemlikti ja'nede bekkemlew demekdir.*

**U'shinshiden,** *ata-babalarımız dininin' gumanistlik mazmunın ken' ja'miyetshilikke tu'sindiriw barısındag'ı islerdi dawam ettiriw. Bul din xalqımızdın mın' jıllıq tariyxı, bu'gingi ma'na'wiy turmısımızdın' da tiykarı, Alla barlıq waqıt qa'lbimizde, ju'regimizde ekeni jerleslerimiz sanasına sin'ip barsın.*

Sol ma'niste, ullı babamız Bahawaddin Naqshbandtın' «Kewlin' – Allada, qolın' – miynette bolsın» degen hikmeti biz ushın a'hmiyetli turmıslıq printsip bolıp qalaberedi.

**To'rtinshiden,** *Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'rin a'melge asırıw barısındag'ı islerdi izshil dawam ettiriw, ta'lim-ta'rbiya sistemasın zaman talapları tiykarında u'zliksiz quramalastırıp barıw.*

Bul – ma'mleketimiz qu'direti, ma'mleketimiz keleshegi bilimli, dana ha'm ma'na'wiy nawqıran kadrlarg'a baylanıslı ekenin teren' an'lag'an halda iskerlik ju'ritiw demekdir.

**Besinshiden,** *O'zbekstanda jasap atırg'an barlıq millet ha'm elatlardın' qa'diriyatları, tili, ma'deniyatı, diniy isenimi, u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerdi hu'rmet qılıw, olardı asırap abaylaw ha'm rawajlandırıwg'a ko'meklesiw.*

Bul – ko'p milletli ma'mleketimiz puxaraları arasında, olardın' milliy ha'm diniy tiyisliligine qaramastan, birdemlik ha'm biradarlıq sezimlerin ku'sheytiw, «Bul aziz Watan - barshemizdiki» ideyasının' a'melge asıwın ta'miynlew demekdir.

Ol ma'mleketimiz xalıqların, milletinen, dininen, tilinen qatiy na'zer, Watan gu'lleniwi jolında, jan'a ja'miyet qurıw jolında birlestiretug'ın milliy konsolidatsiyanı ku'sheytetug'ın qu'diretke iye faktor esaplanadı.

«Biz qanday ja'miyet qurmaqtamız» degen sorawg'a, joqarıda bildirilgen pikirlerdi ulıwmalastırıp, mınaday juwap beriw mu'mkin:

1. Biz qurıp atırg'an ja'miyettin' materiallıq-ekonomikalıq negizin ko'pmu'lkshilikke su'yengen, ja'miyetlik bag'darlang'an, ishki ten'salmaqlılıqqa erisken bazar mu'na'sibetleri quraydı.

2. Ol, siyasiy du'zimine ko're, ko'p partiyalıqqa, ko'p pikirlilikke su'yengen, nızamnın' ha'mme ushın birdey ekeni ha'm u'stinligi ta'miynlengen demokratiyalıq, huqıqıy ma'mleket boladı.

3. Ja'miyetlik mu'na'sibetler xarakterine, ma'mleket ha'm ja'miyetlik institutlar, ja'miyetlik sho'lkemlerdin' o'z-ara ta'sirine qarap, puxaralıq ja'miyet qurıladı. Onda barlıq sotsiallıq toparlar, qatlamlar ortasında tınısh-tatıwlıq, ulıwmamilliy birdemlik ja'nede bekkemlenedi.

4. Ma'na'wiy qa'siyetlerine bola, bul ja'miyet o'zinde milliylikti ulıwmainsaniylıq penen uyg'ınlastırg'an, barlıq aldag'ı jan'alıqlarg'a, jetiskenliklerge ashıq, milliy maxdudlik, milletshilik yaki milliy turaqsızlıq sezimlerinen awlaq, erkin pikirlewshi ha'm ja'miyetlik juwapker puxaralardın' erkin ja'miyeti boladı.

5. Demek, biz bazar ekonomikasına, nızam u'stinligine, ja'miyetlik sheriklikke, milliylik ha'm ulıwmainsaniylıq printsiplerinin' uyg'ınlıg'ına tiykarlang'an demokratiyalıq, jan'alıqlarg'a ashıq, ag'artıwshı puxaralıq ja'miyet qurmaqtamız.

## § 2. Azat ha'm abat Watan, erkin ha'm parawan turmıs qurıw negizleri ha'm faktorları.

Xalqımız a'sirler dawamında Azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'ra'wan turmıs arzusında jasap keldi. Bul ideya xalqımız o'z g'a'rezsizliginen ajıralg'an da'wirlerde de joq bolg'an emes. Bu'gingi ku'nde O'zbekstan xalqının' milliy rawajlanıwı jolındag'ı tiykarg'ı maqseti - Azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'ra'wan turmıs qurıw bolıp, bul ideya milletimizdin' a'zeliy arzu-a'rmanların, umtılıwların, do'retiwshilik is-ha'reketlerinin' mazmun-ma'nisin sa'wlelendiredi. Materiallıq du'nyada insan belgili ma'kanda tuwıladı ha'm turmis keshiredi, shaxs sıpatında qa'liplesedi. A'ne sol ma'kan og'an Watan esaplanadı. Qalbinde Watan sezimi qa'liplespegen, kindik qanı tamg'an jerge miyrimi bolmag'an adamdı haqıyqıy insan dep bolmaydı. Sol menen birge, insan-baxıt ushın tuwıladı. Ol a'ne sol baxıtqa o'zi tuwılıp o'sken watanında erisiwdi a'rman etedi. Bul og'an o'zinin' baxıtın eldin' rawajlanıwı, onın' azat ha'm abatlıg'ı menen birlikte qurıwın an'latadı.

«Azat Watan», «Abat Watan», «Erkin ha’m pa’rawan turmıs» tu’sinikleri sol ta’repten o’zine ta’n mazmun ha’m ma’niske iye. «Azat Watan» - o’z ta’g’dirin o’zi g’a’rezsiz sheshiw huqıqına iye bolg’an millettin’ jasaw ma’kanı bolıp, ja’ha’n ortalıg’ında o’z ornı, abıroyına iye bolg’an ma’mleket.

«Abat Watan» - puqaraları erkin ha’m azat, do’retiwshilik iskerligi menen ha’m sotsial-siyasiy qa’wipsizlikte pa’ra’wan turmisdi qurıw talabında jamastug’ın ortalıq. «Erkin ha’m pa’ra’wan turmıs» - adamlardın’ joqarı da’rejedegi materiallıq ha’m ruwxıy jemislerge erkin ko’riniste, o’zlerinin’ bar uqıbı ha’m imkaniyatları arqalı erisiw.

G’a’rezsizlik milliy qa’diriyatlar, ma’deniyat ha’m u’rp-a’detler, ma’nawiyattı tiklep, adamlarımız qa’lbinde milliy maqtanısh ha’m watanpa’rwarlıq sezimin qa’liplestiriwge imkan jaratadı. Sonday-aq, g’a’rezsizligimizdin’ o’zine ta’n ideologiyasına aylang’an Milliy g’a’rezsizlik ideyası 1000 jıllar dawamında qa’liplesip, jetilisip, kelgen milletimiz ma’nawiyatının’ bulaqlarınan, pu’tkil insaniyat toplag’an ta’jiriybe ha’m qa’diriyatlardan azıqlanadı. Sol sebepli bul ideyanın’ milliy ha’m ulıwmainsanıy ta’repleri haqqında ken’irek toqtalıp o’tiw tiykarg’ı wazıypamız, - dep atap ko’rsetedi Prezidentimiz İ.A.Karimov, - milliy qa’diriyatlarımızdı tiklew, o’zlikti an’law, milliy ideya ha’m ideologiyanı qa’liplestiriw, muqaddes dinimizdin’ ruwxıy turmısımızdag’ı ornın ha’m hu’rmetin tiklew usag’an g’a’rezsizlik jıllarında baslag’an iygilikli jumıslarımızdı izbe-izlik penen dawam ettiriw, olardı jan’a basqıshqa kju’dariw ha’m onın’ ta’sirshen’ligin ku’sheyttiriwden ibarat. Biraq ha’r tu’rli pikir ha’m ko’z-qaraslarg’a iye bolg’an sotsiallıq toparlar, siyasiy ku’sh ha’m ha’reketlerdin’ o’zine ta’n maqsetlerin birlestiriwshi ideya - el tınıshlıg’ı Watan ko’rki, xalıq ma’pi-barlıg’ımız ushın birdey muqaddes bolıwı sha’rt.

Mine sonday sezimler milliy ideya ha’m milliy ideologiyamızdın’ mazmun-ma’nisine, mine usı da’stu’rine aylanıwına erisiwimiz tiyis. Jurtımızda jasap do’retiwshilik etken islam filosofiyası g’ayratkerleri - imam Buxariy, at-Termiziy, Axmad Yassawiy, Abılqasım Zamaxshariy, Abduxoliq G’ijdivoniy, ullı entsiklopedik oyshıllar - Abu Nasır Farobiy, al-Beruniy, İbn Sino, Ulıg’bek, shayırlardan - Yusuf Xos Xojib, A.Navoiy, ullı a’skerbasshılardan Amir Temur, Bobur, Abdullaxan do’retiwshiliginde ha’m a’meliy iskerliginde erkin, pa’ra’wan ja’miyet ideyaları sa’wlelengeni biykar emes. Sonin’ menen birge, shıg’ıs oyshılları insanpa’rwar ja’miyet qurıwdi a’dil patshag’a baylanıstıradı. (F.Attar, A. Jamiy, A.Nawayı, J.Rumiy, B.Naqshband, N.Kubro, Gazaliy, Bedil h.t.b.)

Bunday oyshıllar ha’kim ha’m xalıq, patsha ha’m imperiya qatnaslarında adalatlı is tutıw, ma’mleketti nızam arqalı basqarıw, qabıl etilgen nızamlardın’ xalıq ta’repinen qollanıwı usag’an sotsiallıq mashqalalardı kju’darip shıg’adı.

Bul Azat Watan, xalıqshıl du’zim ideyaların tiykarlaw edi.

Ko’p g’ana suffiylerde o’zlerinin’ ilimiy ha’m a’meliy is ha’reketlerinde erkin ja’miyet ideyasın alg’a su’redi. Hasan, Basriy, A.Ansariy, B.Naqshband, A.Jomiy, A.Nawayı, Xoja Axrar Valiy, Maxdum Azam Kosoniy, A’dalat, haqıyqat jırshıları bolıp tabıladı.

Haqıyqatında da, barlıq da’wirler ha’m xalıqlar oyshılları baxıt keltiretug’ın du’zim haqqında a’rman etip kelgen. Bul haqqında ko’plegen oyshıllarımız ko’z-qarasları tuwralı aytıp o’tiwimiz mu’mkin. Biraq tek g’ana Farabiy qarasları mısalında baxıt-saadatqa, pa’ra’wanlıqqa, ja’miyet qanday erisedi degen ideyanın’ milliy ideyamızda sa’wlelengen ta’replerine toqtalıp o’tiwimiz orınlı. Farabiydin’ pikirinshe, ha’r bir insan o’z ta’biyatına ko’re sonday du’zilgen, ol jasaw ha’m joqarı da’rejedegi jetiskenliklerge erisiw ushın ko’p na’rselerge mu’ta’jlik sezedi, ol bir o’zi bunday na’rselerdi qolına kirite almaydı, olarg’a iye bolıw ushın insanlar ja’ma’a’tinde mu’ta’j boladı sol sebepli ko’p adamlardın’ birlesiwi arqalı adam o’z ta’biyatına ko’re umtılg’an jetik insan da’rejesine erisiwi belgili. Bunday ja’ma’a’t ag’zalarının’ is-ha’reketi pu’tkil jag’dayda olardın’ ha’r birine jasaw ha’m jetiklikke erisiw ushın za’ru’r bolg’an zatlardı jetkizip beredi. Sol ma’niste, Farabiy pikirine ko’re, haqıyqıy baxıtqa jetisiw maqsetinde o’z-ara ja’rdem etiwshi adamlardı birlestirgen ja’miyet esaplanadı. Farabiy o’zinin’ «Talxisu Navolisi Afluton» («Platon nızamları manisi») miynetinde pazıl ja’miyet kontseptsiyasın bayan etiwdi nızamlar haqqında pikir ju’ritiwden baslaydı. Ullı oyshıldın’ pikirine ko’re, insannın’ qa’wipsiz jasawı ushın tek g’ana pa’ra’wanlıqtın’ o’zi jetkilikli emes. İnsan ma’rtligi bolsa sırtqı urıstag’ı ma’rtlik emes, ba’lkim, adamlardın’ o’z kemshilikleri u’stinen u’stem kelip, tınıshlıqtı ta’miynlewi bolıp tabıladı. Demek, insanlardın’ o’z-ara qatnasların jetilistiriwge qaratılg’an ha’reketinen pa’ra’wan ja’miyetke qaray umtılıwdın’ birlemshi basqıshı kelip shıg’adı.

Farabiydin’ ko’z-qaraslarına ko’re, «En’ qıyın jumıs-nızamdı jariyalaw bolıp, al Nızamg’a gu’ma’n menen qaraw ha’m nızam u’stinen arz etiw bolsa en’ an’sat is esaplanadı». Bu’gingi huqıqıy ma’mleket payda etiw protsessinde bul usag’an u’git-na’siyatlardın’ o’zine ta’n ornı bar. A’sirese, onın’ nızamg’a hu’rmet penen qarawdın’ a’hmiyeti haqqındag’ı pikirleri itibarg’a ılayıqlı. Ullı oyshıl sonday dep jazadı: «Nızamnın’ o’zi-o’z halınsha ullı ma’rtebeli bolıwı kerek ha’m onın’ atınan ha’m de ol (nızam) haqqında ne aytılsa muqaddes esaplanıwı tiyis… Xalıq nızamlarg’a mu’ta’jlik seziwi ha’m olardı teren’

u’yreniwi za’ru’r, sebebi olar keyin ala xalıqtın’ o’zine payda keltiredi. Kerisinshe bolg’an jag’dayda nızamnan go’zlengen maqsetke erisip bolmaydı».

Demek, Farabiy ha’r qanday adamda ha’m maqtawg’a ılayıqlı insanıy quwat, ha’m haywanıy ku’sh jasırınlıg’ın atap ko’rsetedi. Nızam aytılg’anınday maqtawg’a turarlı insanıy quwattı rawajlandırıwg’a qaratılg’an bolıwı za’ru’rligin uqtıradı. Qalanın’ barlıq adamlarına kelgende, eger olar maqtawg’a ılayıqlı quwatqa iye bolıwg’a ku’shleri kelmese jol ko’rsetiwshi nızam iyelerinin’ adalatlarına boysınıwı kerek boladı.

Pazıl ja’miyet haqqındag’ı pikirlerdi bu’gingi ku’nde demokratiya dep aytılıp atırg’an bahalıqlar sistemasına ko’p ta’repten sa’ykes ekenligin ko’remiz. Demokratiyanın’ tiykarg’ı talaplarınan biri bolg’anı awlaq emes. Onın’ pikirine ko’re, haqıyqıy nızam ornatıwshı jan’a nızam qabıl qılıp atırg’anında ma’mlekettegi barlıq klasslar a’wladlarg’a, wa’layatlar xalqına baxıt-saadat waqtı-xoshlılıq, erkinlik ha’m pa’ra’wanlıq keltiriwdi esapqa aladı. Nızam ha’r tu’rli xarakter ha’mde qa’siyetlerge iye bolg’an adamlar qollap-quwatlap ku’tip alıwg’a arzıytug’ın bolıwı za’ru’r.

Anıqlang’anınday, Farabiy pazıl ja’miyettin’ tiykarg’ı qa’siyeti dep baxıtqa umtılıwdı tu’sinedi ha’m baxıtqa umtılmaytug’ın ja’miyetti ja’hil ja’miyet dep bahalaydı. Baxıt bolsa joqarı da’rejedegi iygilikli is bolıp, og’an salamatlıq, go’zzallıq, baylıq usag’an bahalıqlar jetekleydi. Ja’hil ha’m adalatsız adamlar ushın iygilikli na’rsenin’ o’zi joq ha’m olar baxıtqa erise almaydı. Olar ushın ha’tteki turmisde bir ta’shwish oyshıldın’ pikirine ko’re, baxıtqa aqıllılıq ha’m og’an barqulla umtılıp jasaw arqalı erisiw mu’mkin. Sonday eken, nızam bekkem ruwx ha’m danalıq ta’repke jetekleydi. Demek, basshı-xalıq, adamlardı tarbiyalawg’a, onın’ ruwxı ha’m danalıg’ın bekkemlewge ha’reket etiwi za’ru’r.

Ha’zirgi waqıtta biz qurıp atırg’an ja’miyettin’ joqarı maqsetlerinen biri insanlardın’ pa’ra’wan basqarıwda adamlardı pa’ra’wanlıqta jasawg’a imkan beriwshi, birlikke jeteklewshi ta’rtipti qa’liplestiriwshi nızamlardı jaratıw biz go’zlegen maqsetke xızmet etedi. Sog’an baylanıslı aytıp o’tiwimiz kerek, XX a’sir baslarında Azat el qayg’ısında jasag’an Abdulla Avloniy bul haqqında sonday degen edi: «Ta’rtip dep, qılatug’ın ibadatlarımızdı, jumıslarımızdı ha’r birin o’z waqtında, ornı menen islewge aytıladı. Eger jer ju’zinde ta’rtip bolmag’anda insanlar bir minutta jamas almag’an bolar edi… Ha’r bir millettin’ rawajlanıwı-jumıslardın’ waqıtında nızamlı tu’rde ta’rtip penen alıp barıwına baylanıslı jumısların ta’rtip penen alıp barg’an adamlardın’ isleri ju’risip, o’zleri tınısh ha’m ra’ha’tte turmis o’tkeredi.

O’z elin Azat ha’m Abat ko’riwin a’rman etken jadidshiler de ta’rbiya ma’selesine o’zgeshe itibar qılg’anları biykarg’a emes edi. Tag’ı da bir ret Avloniydin’ Farabiy pikirlerine

uqsas ta’replerine itibar qaratsaq. «Ha’r bir millettin’ keleshegi, ma’mlekettin’ tınısh ha’m tatıwlıg’ı - dep aytadı Avloniy, - jaslardın’ durıs ta’rbiyasına baylanıslı».

Farabiy ha’m Avloniy tu’rli da’wirlerde jasag’an bolıwına qaramastan adamlardı erkin ha’m pa’ra’wan ja’miyetke ta’rbiya arqalı jeteklewge shaqıradı.

Farabiy ideyasına ko’re, pazıl ja’miyet tek g’ana adamlar ja’ma’a’ti bar bolg’anı ushın g’ana pazıl dep aytılmaydı, ba’lkim, adalatlı nızamlarg’a ha’m basqarıw qag’ıydalarına a’mel etiwi, dana basqarıwshıg’a iye bolıwı, adamlar alg’ısına ılayıq u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rlerdi a’melge asırıwg’a sharayat jaratqan ja’miyet bolg’anı ushında pazıl esaplanadı.

Ma’mlekettegi sistemanın’ go’zzal ha’m jaqsı bolıwı patshanın’ bilimli ha’m basqa sistemadag’ı pa’ra’wanlıq ha’m basqa unamlı ta’replerden xabarı bar bolıwı menen baylanıslı degen pikir de Farabiydin’ zamanago’y demokratiya teoritikleri qatarına qoyıwımızg’a imkan beredi.

Puqaralıq ja’miyeti haqqındag’ı ha’zirde ko’pg’ana bildirilgen oy-pikirleri de oyshıllardın’ na’zerinen shette qalmag’an. Farabiy ma’mleket xalqı unamlı xarakterge iye bolmag’an jag’dayda ku’shli ha’kimshilikke mu’ta’jlik tuwıladı dep atap ko’rsetedi. «… Ha’kimshilik o’z erkinshe qabıl qılıng’anda ko’birek maqul ha’m ha’r ta’repleme qolay esaplanadı… Ja’hil adamlar u’stinen u’stemlik ha’m olardı ha’kimiyatqa boysındırıw haqıyqattan tuwrı is bolıwı menen birge, erkin ha’m miyrim-sha’pa’a’tlilerdi boysındırıw aqılsızlıq». Haqıyqatında da, ka’mil insan u’stinen u’stemlik etiwge za’ru’rlik joq. Ka’millikke umtılg’an insanlar is ha’reketi pazıl ja’miyetti qa’liplestiriwshi faktorlardan biri.

Farabiy pazıllar qalasının’ qarsılası bolg’an qalalar (ja’miyet) haqqında da pikir bildiredi. Bunday jag’dayda ha’zirgi zaman ja’miyettin’ ayrım ta’replerine kritikalı qatnasta bolıwdı talap etedi. Farabiydin’ eskertiwi sonnan ibarat, ja’hil qala xalqı baxıtqa umtılmaydı, baxıt ne ekenligin bilmeydi. Sebebi, ja’hil adam hesh qashan baxıt tappag’an ha’m baxıtqa isenbeydi. Pa’ra’wanlıqqa kelsek, ja’hil adam ayırımlar na’zerinde baxıt da’wlet bolıp ko’rinetug’ın o’tkinshi na’rselerdi, materiallıq baylıqtı, tek g’ana o’z denesinin’ qanaatlanıwın, abroy, ma’rtebe, ataqtı haqıyqıy baxıt, pa’ra’wanlıq dep oylaydı. Sonday azıqlanıwdan ha’r biri ja’hil adam na’zerinde turmisdegi maqset, baxıt bolıp ko’rinedi. Materiallıq ha’m ruwxıy azıqlardın’ barlıg’ı birgelikte birlesken jag’dayda g’ana haqıyqıy baxıtqa erisiw mu’mkin. Bul azıqlardın’ kerisinshesi-dene kesellikleri, jarlılıq, la’zzet ha’m ha’zlik hu’rmet ha’m abroydın’ joqlıg’ı-baxıtsızlıq. Tek g’ana dene talapların qanaatlandrıw, na’psin qandırıw. Ha’zlikke umtılıw bul baxıt emes. Na’pstin’ dizginin qolg’a almastan, jeke maqsetlerin qanaatlandırıwg’a umtılıwlar da solar qatarında Farabiy sonın’day, bir-birewin

maqtawdı, a'psanalarg'a kju'darmelew, bir-birinin' aldına yamasa biytanıslar ko'zine ullı ha'm ko'rkem bolıp ko'riniwge o'tirik urınıwlardı da ja'hillik ko'rinisi dep bahalag'an.

*Pa'ra'wanlıqqa umtılatug'ın ja'miyet ag'zalarının' o'z ideyaları, o'z erkinshe qabıl etken qa'diriyatlarına sadıqlıg'ın talap etedi. Farabiy pikirine ko're, pazıl ja'miyet ag'zalarının' teoriyalıq qarasları ha'm a'meliy islerine salıstırg'anda jat ideyalar a'ste aqırın kirip alıp, olardın' qarasların o'zgertip jibermewi kerek. İnsan, baxıt ne ekenligin tu'singen bolsa da, og'an erisiwdi maqset qılıp almasa, ideya ha'm umtılıwına aylandırmag'an bolsa, og'an salıstırg'anda azg'ana bolsa da, quwanısh sezimi bolmasa, oy-pikiri, ku'sh-quwatın basqa na'rselerge jummastug'ın bolsa bular bari nadurıs. İnsanıylıq ma'nisi haqıyqıy baxıtqa erisiw eken, insan bul maqsetti o'zinin' joqarı ideyası ha'm tilegine aylandırıp, bul jolda barlıq imkaniyatlardan paydalansa, ol baxıtqa erisedi. İnsan aldı menen baxıttın' ne ha'm nelerden ibarat ekenligin biliwi, og'an erisiwidi o'zine ideya ha'm en' joqarg'ı maqset qılıp alıwı, pu'tkil ta'ni menen og'an umtılıwı tiyis. Son'ınan bul baxıtqa alıp baratug'ın jol ha'm qurallardın' nelerden ibarat ekenligin bilip alıwı za'ru'r. Son'ınan bolsa baxıtqa alıp baratug'ın jumıslardı jeke o'zi a'melge asırıwg'a kirisiwi lazım boladı. Farabiydin' bul pikirleri ha'zirgi ku'nde o'z milliy ideyasının' maqseti puqaralıq ja'miyetti payda etiwdi go'zlegen ja'miyetimizdin' maqsetine baylanıslı ekenligin an'law qıyın emes. Juwmaqlap aytqanda, pa'ra'wan ja'miyet ideyası g'a'rezsiz ha'm turaqlı rawajlanıw jolına kirgen ja'miyetler ushın eki ese qa'dirli. Sol ma'niste onın' ulıwmainsanıy ta'replerine, demokratiyalıq ma'nisine u'lken itibar berilip atırg'anlıg'ı tabiyiy. Prezident İslam Karimovtın' Milliy ha'm ulıwmainsanıy qa'diriyatlarg'a su'yenip Azat ha'm Abat Watan, demokratiyaliq ja'miyet qurıw protsessine ma'mleket siyasatı da'rejesinde itibar qaratıp atırg'anlıg'ı da sonnan. Ma'mleketimizde pa'ra'wan, aldıng'ı ja'miyet payda etiw-maqset, a'melge asırılıp atırg'an reformalar-qural bo'lip, ja'miyetimizdegi u'stemlik etip turg'an sotsial-siyasiy turaqlılıq, o'z gezeginde reformalar ushın jay-jag'day tuwdıradı.*

Ma'mleketimizde demokratiyaliq institutlar ha'm puqaralıq ja'miyeti tiykarlarının' qa'liplesiwi haqqında pikir ju'ritip, onın' yag'nıy ja'miyettin' demokratiyalasıwın uzaq dawam etetug'ın protsess sıpatında bahalaytug'ın - Prezidentimiz İ.Karimov, - demokratiya ideyaların a'piwayı aytıp o'tiw, joqarıdan tu'siriw menen onı xalqımız turmısına sin'diriwge bolmaytug'ınlıg'ın atap ko'rsetedi. «Demokratiya-dep aytadı İslam Karimov - ja'miyettin' bahalıqlarına, ha'r bir insannın' baylıg'ına aylanıwı tiyis. Bul tez bolatug'ın jumıs emes. Xalıqtın' ma'deniyatınan jay almag'an demokratiya turmıs qa'lpinin' bir bo'legi de bola almaydı. Bul tayarlıq ko'riw ha'm demokratiya printsiplerine o'zlestiriwden ibarat anag'urlım

uzaq mu'ddetli protsess esaplanadı. Demokratiyanı ja'miyettin' u'stem bahalıg'ına, onın' turaqlı rawajlanıw faktorına aylandırıw ushın a'dalatlı ja'miyet arzuwı jolında insaniyat toplag'an ta'jiriybe ha'm praktikanı u'zliksiz o'zlestiriw za'ru'r. Bunda Shıg'ıs demokratiyalıq printspleri tayanısh bolıp xızmet qıladı.

Biraq, insan ta'biyatı qarama-qarsılıqqa iye. Ol basqalar umtılıwlarg'a qayshı bolg'an umılıwlarg'a iye bolıwı ha'm sol waqıttın' o'zinde basqalar menen birge islesiwge iykem bolıwı mu'mkin. İnsan ta'biyatına ta'n a'ne sol qarama-qarsılıq onın' ja'miyettegi turmısı ha'm is ha'reketlerin de belgileydi.

Adamlar bir ta'repten jeke erkinlikke umtılsa, ekinshi ta'repten sotsiallıq ten'likti talap qılıwg'a iykemlesken boladı. Adamlar o'z ma'plerin go'zlew menen birge ulıwma sotsial ma'plerge de umtıladı. Biraq bul qarama-qarsı tendentsiyalardı, jeke ma'p penen ja'miyetlik ma'lerdi qanday etip muwapıqlastırıw mu'mkin? Ja'miyet bul mashqalanın' sheshimine Demokratiya mexanizmlerin iske salıw arqalı erise aladı. Sol demokratiya ha'm ulıwma ma'pler birligi sotsialliq qatnaslardı ten' salmaqqa keltiriwge xızmet qıladı.

Demokratiya turaqlı polyus - «qarama-qarsılıq»-«kelisim»-«birlik» arqalı o'zine jol ashadı, adamlardın' o'z-ara razılıg'ı kelisimine su'yenedi. Ga'p sonda, demokratiya - bul jalg'ız o'z maqset ha'm talapların a'melge asırıw quralı bolmay, ba'lkim o'z-ara qatnasıqlardın' maqul qag'ıydalarına a'mel etiw bolıp tabıladı.

Ulıwma adamzatlıq, atap aytqanda, demokratiyalıq bahalarg'a su'yengen milliy g'a'rezsizlik ideyasi a'ne sol umtılıwlardı muwapıqlastırıw arqalı ulıwma ma'plerdi o'zinde sa'wlelendiredi.

Ja'miyet turaqlılıg'i - erkin ha'm pa'ra'wan turmıs qurıw faktorı. O'zbekstannın' g'a'rezsiz rawajlanıwı jıllarında sol na'rse anıq o'z da'liylin taptı, - azat ha'm abat Watan pa'ra'wan turmıstı payda etiwdin' tiykarg'ı faktorlarınan biri bul turaqlılıq. Son'g'ı jılları du'nyada turaqlı rawajlanıw kontseptsiyası ken' ko'lemde tarqaldı. Atap aytqanda, BMSh hu'jjetlerinde de turaqlı rawajlanıw en' joqarı bahalıq retinde tallıqlanıp, onın' universal qa'siyetleri, tu'rli modellerinin' ku'shli ha'm ku'shsiz ta'repleri analiz etiledi.

Qa'niygeler arasında turaqlılıq degende demokratiyalıq du'zilmelerdin' tez o'zgeretug'ın sotsial protsesslerge salıstırg'anda keri ta'sir ko'rsete alıw uqıblılıg'ı tu'siniledi. Bunda turaqlılıq demokratiyanın' wazıypası dep qaraladı, ol adamlardın' puqaralıq ja'miyeti institutları arqalı ma'mleketti basqarıwdag'ı qatnasıwın da o'z qaramag'ına alıwı tiyis. «Ku'shli-ma'mleketten-ku'shli ja'miyetke qaray» qag'ıydası ha'zirde ja'miyettegi sotsial-turaqlılıq jamaatshılıktın' aktivligine tiykarlanıwı za'ru'rligin ko'rsetpekte.

O’z ornında aytıp o’tiw kerek, «Turaqlılıq» tu’sinigine ha’r ta’repten jandasıwımız mu’mkin. Olardı to’mendegi ko’riniste ulıwmalastırıp keltiriw mu’mkin:

a) ja’miyette nızamsız zorlıq ha’m ku’sh isletiw qa’wipinin’ bolmawı;

b) anag’urlım uzaq waqıt dawamında bir hu’kimettin’ a’mel etiwi onın’ o’zgermeli sha’ra’yatlarg’a u’nemli ko’riniste sa’ykeslesiwi.

v) konstitutsion ta’rtiptin’ turaqlılıg’ı;

g) legitim ha’kimiyattın’ turaqlı bar bolıwı;

d) siyasiy sistemada strukturalıq o’zgerislerdi basqarıw imkaniyatının’ bar bolıwı;

e) siyasiy ku’shlerdin’ ten’salmaqlılıg’ı h.t.b.

Pikirimizshe, bunday qa’siyetler demokratiyalasıw protsessin bastan keshirip atırg’an ja’miyetlerge ta’n ulıwma o’lshemler biraq, ulıwmalıq barlıq waqıt jekelikten payda boladı. Bizin’ ma’mleketimizde turaqlı rawajlanıw, onın’ tiykarg’ı faktorları ha’m sha’rtleri İ.Karimovtın’ «O’zbekstan XX1 a’sir bosag’asında: …» kitabında tolıq keltirilgen. Ma’mleketimizdin’ turaqlı rawajlanıwı bar sha’rt-sharayatlar menen baylanıslı jag’dayda analiz etilgen ha’m onın’ sha’rtleri, ko’rsetilgen. Bular:

a) ruwxıy qa’diriyatlar ha’m milliy o’zlikti an’lawdın’ tikleniwi;

b) ma’mleketshilikti qa’liplestiriw ha’m qorg’anıw uqıplılıg’ın bekkemlew;

v) demokratiyalıq institutlardı ha’m puqaralıq ja’miyeti tiykarların qa’liplestiriw;

g) bazar qatnasıqlarının’ ha’m mu’lik iyeleri klasının’ qa’liplesiwi

d) ku’shli sotsiallıq siyasat ha’m xalıqtın’ sotsiallıq aktivliginin’ artıwı.

Bir soz benen aytqanda, turaqlılıq belgili bir siyasiy obekt yamasa instituttın’ jag’dayına g’ana emes, ba’lkim ishki ha’m sırtqı qatnaslar sistemasın da sa’wlelendiriwi za’ru’r.

Solay etip, demokratiyanı ta’miynlew, basqarıwdın’ nızamlılıg’ı ha’m isenimliligin sa’wlelendiriwshi sotsialliq-siyasiy turaqlılıq sha’rayatında g’ana a’melge asırılıwı belgili. O’z gezeginde, demokratiyalıq rawajlanıw azat ha’m abat Watan payda etiw jolın ta’miynleydi.

Demokratiyalıq protsessler na’tiyjeliligi tek g’ana siyasiy institutlarg’a emes, puqaralardın’ sol protsesslerde qatnasıwına da baylanıslı. Siyasiy turmisdegi qatnas demokratiyalıq ta’rtip ha’m protsesstin’ tiykarg’ı o’lshemi bolıp, onda siyasiy subektlerdin’ siyasiy qatnasıqlar ha’m ha’kimiyat sistemasına tartılıwı da’rejesi, a’sirese, maslawlar protstsessinde anıq ko’zge taslanadı.

Sol ma'niste, demokratiya ja'miyette maslawshılar dawısı ushın ashıq, ha'mmenin' ko'z-aldında hadal bellesiwge kirisiwdi ha'm xalıqtın' ken' toparlarının' siyasiy protseske «qatnastırılıwı»n talap etedi.

Azat ha'm abat Watan, erkin ha'm pa'ra'wan turmıs qurıw ideyası liberallastırıw, erkin miynet iskerligi ha'm isbilermenlikti rawajlandırıw protsessleri menen tikkeley baylanıslı. O'tirik «ulıwma ten'lik» ideyasına tiykarlanıp erkin ha'm pa'ra'wan turmisge erise almag'an erkin ekonomikalıq ha'reketke tiykarlang'an bazar ekonomikası ushın ta'n bolg'an erkin ha'm salamat konkurentsiya ortalıg'ı orta mu'likdarlar klası qa'liplesip baradı. Bul bolsa, o'z gezeginde, azat ha'm abat Watan Erkin ha'm pa'ra'wan turmıs qurıwdın' sotsial negizi esaplanadı.

Al, orta sotsial klass-bul o'z jeke mu'lki, yag'nıy turaq jayı, jeke transportına iye bolg'an, o'z shan'arag'ının' turmısın mu'na'sip ko'riniste ta'miynley alatug'ın, o'zinin' ha'm shan'araq ag'zalarının' fundamental mu'ta'jliklerin (bilim alıw, dem alıw, sapalı meditsina xızmetinen paydalanıw) qanaatlandırıw ushın jeterli materiallıq imkaniyatları bar bolg'an, ruwxıy turmisi mazmunlı bolg'an ha'm en' a'hmiyetlisi - bul imkaniyattı o'z is haqısı ha'm da'ramatları esabına ta'miynley alatug'ın ha'm aktiv ko'riniste ja'miyettin' sotsialliq-siyasiy turmisinde qatnasatug'ın puqaralar esaplanadı.

Ja'miyettin' bul qatlamı milliy baylıqtın' tiykarg'ı bo'legin do'retiwshi, ma'mleketke qaramlıqta ku'n keshirmeytug'ın, ja'miyettin' «Omırtqa su'egin» payda etedi. Bunday klasstın' qa'liplesiwi, sonday, ja'miyettin' qatan' qatlamlasıwına–ha'dden tıs bayıp ketiw yamasa kambag'al-jarlılarg'a bo'linip ketiwine jol qoymaydı. Jamiyette tu'rli sotsial toparlardın' ma'plerin birlestiriw, puqaralar birligin ta'miynlew tiykarında ulıwma pa'ra'wanlıqtı ornatıwdın' en' sınalg'an qurallarınan biri.

Ma'mleketimizde bazar qatnasıqlarının' qa'liplesip barıwı protsessinde da'ramatları, turmıs da'rejesi ha'm sapasina ko're bir-birinen parq etetug'ın klasslar qa'liplespekte. Bul ta'biiy jag'day. Biraq, bunday jag'daydı ha'mme de durıs bahalay almaydı. Bug'an ayrım shaxslardın' baylıqqa o'sh bolıwı, ashko'zlik, ısrapkershilik, o'z-ara ja'rdem ha'm tuwg'an-tuwısqanshılıqtın' jaqsı ta'replerin ta'n almaslıq, o'z-o'zin ko'z-ko'z etiw usag'an illetler de sebep bolmaqta. Bug'an ayırımlar ushın turmis qa'lpine aylang'an da'mego'ylik, paraxorlıq, to'reshilik usag'an ayanıshli ko'riniske kiretug'ın jag'daylardı qosatug'ın bolsaq, hadal miynet adamının' ruwxıy azaplardı tu'siniw qıyın emes. Sol ma'niste Prezidentimizdin' bazar mexanizmlerin turmısqa asırıw menen birge nızamshılıqtı bekkemlew ha'm bunda ruwxıy tiykar bolıp xızmet etetug'ın etikalıq normalardı ha'm sotsial turmisde ken' tarqatıw tuwralı

janı ashıp so'ylewi biykarg'a emes. Onın' ju'rek so'zleri a'dalatlı ja'miyet qurıwg'a salıstırg'anda xalqımızdın' umtılıwın sa'wlelendiredi.

Bazar qatnasıqlarına tiykarlang'an ha'zirgi ku'nde ayrımlar tek g'ana jaqsı jep-ishiw, kiyiniwdi g'ana o'z turmisinin' baslı maqseti dep biledi. Bundaylar ortasında ko'zge taslanıp turıwshı tutınıwshılıq jag'dayı bir qarag'anda «ziyansız» bolıp ko'rinse de ma'nawiyat ha'm etikanı mensinbewshilikten baslanıp, aqıbetinde nızamdı shetlep o'tiw, keyin ala onı buzıw usag'an ja'miyet ushın ju'da qa'wipli aqıbetlerge alıp keliwi anıq.

Ha'zirde ma'mleketimizde sotsial-siyasiy rawajlanıwdı turaqlı rawajlanıw ma'pleri tiykarında jolg'a qoyıwdın' a'meliy-teoriyalıq ha'm ilimiy tiykarların islep shıg'ıw talap etiledi. A'sirese, sotsial protsessler rawajın aldınan ko'rip biliw, onı boljaw, za'ru'r o'zgertiwler kiritip, olardın' na'tiyjeliligin ko'rip, ta'jiriybelerdi ken' ko'lemde a'melge asırıw go'zlengen maqsetke alıp keliwi belgili. Solay eken, ha'zirgi da'wirde sotsial protsesslerdin' rawajlanıw tendentsiyaların aldınan boljaw, reformalar ushın ju'da a'hmiyetli bag'darlardı proektlestiriw, modellestiriw u'lken a'hmiyetke iye. Bulardın' na'tiyjeleri, juwmaqları reformanı ju'ritiw siyasatında u'lken ja'rdem beredi.

Ma'mleketimizde erkinlik printsplerinin' waqıt o'tiwi menen ken'nen tamır atıwı, erkin miynet iskerligi, isbilermenliktin' rawajlanıwında mu'lk iyeleri klasının' qa'liplesiwi ha'm bekkemleniwi ushın imkan jaratpaqta.

Prezident İ.Karimov 2004-jıl, 7-fevralda O'zbekstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' 2003 jıl juwmaqları ha'm de 2004 jıl ekonomikanı tag'ıda erkinlestiriwdin' tiykarg'ı bag'darlarına arnalg'an ma'jilisindegi qılg'an bayanatında ja'miyetimizde isbilermenlik ko'z-qarasların qa'liplestiriw jolındag'ı, atap aytqanda, kishi ha'm orta biznes rawajına tosqınlıq etetug'ın byurokratiyalıq illetlerdi orınlı kritikalıp o'tti. Bul tarawdag'ı aktual is-ilajlardı belgilep ko'rsetti.

Ulıwmainsanıy printsplerge tiykarlang'an pa'ra'wan turmis qurıw ideyası xalıq hu'kimetke emes, hu'kimet xalıqqa xızmet qılıwın talap etti. Biraq bug'an erisiw ushın demokratiyanı jaratıw, onı do'retiw, og'an ko'nligiw, ol menen jasaw ko'nlikpeleri, ta'jiriybesi, bir so'z benen aytqanda demokratiyalıq ma'deniyat ta za'ru'r.

Demokratiyalıq protsessler tariyxı sonnan guwalıq beredi, onı u'yreniwdegi en' an'sat jol-porodiya, en' isenimlisi-u'yreniw ha'm en' qıyını-ta'jiriybe.

Massanın' siyasiy-huqıqıy ma'deniyatın jetilistiriwde demokratiya ma'deniyatı tiykarg'ı orın tutadı.

O’zinin’ jeke ma’pinen kelip shıg’ıp, o’z huqıqlarınan paydalana alatug’ın, o’z ta’g’diri ushın juwapkershilikti sezine alıw menen birlikte, o’zi ha’m perzentleri ushın erkinlikti a’melge asırıwdın’ sotsial ha’m siyasiy quralların u’yreniw uqıplılıg’ı da za’ru’r. Demokratiya ilajı bolg’anınsha ko’birek adamlardın’ siyasiy, huqıqıy ha’m ulıwma ma’deniyatı menen olardın’ ja’miyet turmisindagi ken’ qatnası menen baylanıslı.

Biz umtılıp atırg’an turaqlı rawajlanıwg’a erisiwde insanlardın’ turmısı jaqsı bolıwı, mag’lawmatlı bolıwı, xadal daramat tabıwları, sotsiallıq ta’miynatqa baylanısıp qalmawı tiykarg’ı a’hmiyetke iye.

En’ kereklisi, pa’ra’wan turmısqa erisiw ushın adamlardın’ erkin miynet jemisinin’ «mazasın» tatıp ko’riwi hadal jol menen ko’p da’ra’mat tabıwdın’ ha’ddisin alıwı za’ru’r. Puqaralardın’ ekonomikalıq erkinliginin’ asıwı bolsa, olardın’ siyasiy erkinligin jetilistiredi, sotsial-siyasiy ta’repten aktivlestiredi.

Ma’mleketimizde pa’ra’wan turmıstı payda etiw jolında aldı menen, ekonomikanı turaqlastırıwg’a qaratılg’an is-ha’reketler da’wiri, keyin ala praktikada demokratiyalıq institutlardı payda etiw, ekonomikanı sezilerli o’siw protsessleri menen birge keshedi. Ju’zlegen zamanago’y sanaat ka’rxanaları ha’m imaratları qurıldı. Endi ekonomikalıq o’siw da’wiri baslanıp, bunda ja’miyet turmisinin’ barlıq tarawların o’z qaramag’ına alatug’ın protsessler tag’ıda ku’sheyip, adamlarımızdın’ turmısı jaqsılanbaqta. Biraq, ekonomikalıq pa’ra’wanlıq ha’m siyasiy na’tiyjeliliktin’ o’zi erkin ha’m pa’ra’wan olar ushın jeterli me? Bul tek g’ana ekonomikalıq ha’m sotsial institutlar sistemasına da baylanıslı bolıp qalmaqta. Basqasha aytqanda, O’zbekstanda demokratiya bekkem ayaqqa turıwı protsessinde onı erkin ha’m pa’ra’wan turmis qurıw quramına aylandırıp barıw za’ru’r.

Puqaralarımız bolsa, ekonomikalıq turmista da adamlardın’ o’z-ara qatnaslarında da bir ta’repten erkinlikti, ekinshi ta’repten ta’rtip-intizamdı birlestire alıw uqıplılıg’ın esapqa alatug’ın ma’deniyattı islewleri kerek boladı.

A’lbette, o’tiw da’wirinde ekonomikalıq demokratiya tiykarg’ı rol atqaradı. Ol xalıqtın’ o’z da’ra’matlarına ko’re joqarı ha’m to’mengi qatlamları ortasındag’ı ten’sizlik da’rejesi tez o’sip barıwının’ aldın aladı. O’zbekstanda mu’lkshiliktin’ polyuslanıwı, ja’miyettin’ ha’dden tıs bayıp ha’m kambag’al-jarlılarg’a ajralıp qalıwına jol qoymaw siyasattın’ belgilep berilgenligi endi rawajlanıp kiyatırg’an demokratiyanı qorg’aw mu’ta’jliginen de kelip shıg’adı. Bul siyasattın’ izbe-iz a’melge asırılıwı ma’mleketimizde demokratiyanın’ keleshegin ko’p ta’repten belgileydi.

Ma’mleketimizde erkinlestiriw ja’miyetti demokratiyalastırıwdın’ tiykarg’ı bag’darı dep esaplanadı. Bul da bizin’ ideyamız, biraq bul, o’z gezeginde, erkinlikti o’zine ta’n sotsial-siyasiy qa’diriyat sıpatında an’lawdı talap etedi.

O’z ornında jeke mazmunda erkinlik tu’siniginin’ unamlı ha’m unamsız ko’rinislerge iye ekenligin atap ko’rsetiw kerek. Onın’ unamlı ta’repi shaxstın’ o’z ma’plerine muwapıq ko’riniste is ha’reketler etiw imkaniyatın sa’wlelendiredi. Bunda shaxs belgili is ha’reket etiwi mu’mkin, onın’ bul umtılıwları o’z gezeginde basqalardın’ ma’plerine qarsı kelmegen jag’dayda a’dalat shegarası erkinlikler ken’ligi birlesedi. Kerisinshe shaxs is ha’reketi sırtqı ta’sirlerden pu’tkilley azat bolg’an jag’dayda ha’m ol o’z maqsetlerine erisiwge umtılıwı hesh bir keri ta’sirdi ta’n almag’an jag’dayda erkinliktin’ unamsız ko’rinisi ju’z beredi.

A’lbette, erkinliktin’ ha’r eki ta’repi ortasında quramalı qarama-qarsı qatnaslar bar. Erkinliktin’ unamlı ha’m unamsız qa’siyetleri ten’ salmaqlılıg’ı shaxs erkinligin belgileydi. Shıg’ıs ha’m Batıs ja’miyettanıwshılar aldınan shaxs erkinliginin’ ruwxıy-lirik (Nawayı, Bedil) sotsial-ruwxıy (Farabiy, Lebon, Tard, Ortega-İ-Gasset), ruwxıy-individual (Freyd), kontraktsion (Dyui, Mid) is-ha’reketler (Maks Veber) sotsiometrik (Moreno) sotsiallıq (Frankfurt mektebi) fenomenologik (Shyuts) biyganalasıw (Fromm) anomik (Dyurkgeym, Merton), ma’pli (Rassel), qarama-qarsı (Darendorf), ekzistentsial (Xabermas), talqılawların sa’wlelendirip kelgen. Biraq ha’zirde ma’selenin’ tiykarg’ı mazmunın shaxs erkinligin ta’miynlewde siyasiy ha’m huqıqıy-yuridikalıq institutların a’dalatlı du’zilmesin qa’liplestiriwge ku’shli itibar qaratılmaqta.

O’z ornında tag’ıda sonı atap ko’rsetiw za’ru’r, siyasiy ko’z-qaraslar tariyxında erkinlik ha’m ken’lik salıstırmalı mashqalaları ba’sekelerge sebep bolmaqta.

Tiykarınan en’ baslı mashqala-bul qa’diriyatlardan qay birine ko’birek dıqqat qaratılıwında emes ba’lkim, olardı o’z ara muwapıqlastırıwda. Haqıyqatında puqaralardın’ o’z rawajlanıwları boyınsha imkaniyatlarg’a ten’ huqıqların kepillewi za’ru’r. Kerisinshe ten’likke ziyan etedi. Eger bunnan ko’biregi talap etilse erikinlikke zıyan etiledi. Basqasha aytqanda, shaxs erkinligi ten’ imkaniyatlar, huqıqlar ha’m minnetler sistemasına tiykarlang’an ha’r qanday demokratiyalıq ja’miyet erkinlikler ha’m ten’lik qarama-qarsılıg’ında shaxs ka’milligine su’yeniwi za’ru’r. Pa’ra’wan turmıstı ta’miynlew, aldı menen shaxstın’ aktivligine baylanıslı.

O’zbekstan pa’ra’wan turmıs qurıw jolında anıq na’tiyjelerge erispekte. Sol ma’niste insannın’ ja’miyet turmisinda tutqan ornı ha’m rolinin’ milliy ha’m ulıwmainsanıy o’lshemlerin an’lawımız kerek. Bunın’ ja’ne bir ta’repi sonda, demokratiyalıq rawajlanıw

jolına o'tken ha'm o'tip atırg'an ma'mleketlerde insannın' ja'miyettegi ornı ma'selelerine ko'z-qarasta tu'p o'zgerisler payda bolmaqta. İnsaniyat rawajlanıwı tuwralı sapa ta'repten jan'a konseptsiyalar payda boldı. Bul du'nya ma'mleketlerinin' dıqqat itibarların o'zine qarattı.

İzertlewshilerdin' ko'rsetiwinshe, ekonomikalıq o'siw ha'm insanıy rawajlanıw ortısında tikkeley baylanıs bar. Adamlarg'a sarp etiletug'ın investitsiyalar adamlardın' o'zine kerek.

O'zine toq, salamat xalıq, jaqsı ta'lim alg'an ha'm jetik qa'niyge ja'miyet rawajlanıwında tiykarg'ı faktor esaplanadı. Xalıqara ekspertler esabına ko're, ekonomikalıq na'tiyjeliliktin' 60% i insan faktorı, tiykarında ha'm qalg'an 40% i ta'biyiy kapital dep aytılatug'ın zapaslarg'a (jer astı baylıqları x.t.b.) ha'm texnik kapital-mashinalar, texnika-texnologiyalar…h.t.b. esabınan ta'miynlenedi. XXI a'sirde insan faktorınan paydalanbay turıp sotsiallıq o'siwge erisiw mu'mkin emes. İnsaniyat rawajlanıwı mashqalaların siyasat orayına qoyıw mexanizmleri iri qa'niygelerdi oylandırmaqta. Bul tarawda iri o'zgerisler bolıwı jan'a a'sir ushın rawajlanıw strategiyasın tan'lawda insan ushın, onın' imkaniyatların ashıw ushın, yag'nıy insandı rawajlandırıwg'a ma'mleketimizde ayriqsha itibar qaratılmaqta.

Haqıyqatında, ha'r bir insan potentsialı aldıng'ıdan ko're ko'p a'hmiyetke iye bolmaqta. Da'ra'mattı xalıq jan basına esaplag'anda en' joqarı da'rejege iye bolg'an ja'ha'n ma'mleketleri arasında tabiyiy zapasları ju'da az ma'mleketler barshılıq (Yaponiya, Shveytsariya, Daniya). Sonın'day, o'zine ta'biyiy zapasları ju'da ko'p bolg'an ma'mleketler (Rossiya, Braziliya, Argentina) xalıq jan basına esaplag'anda, to'men da'rejege do'retiwshilik ku'shin durıs sarp etiwge de ko'birek baylanıslı. Ha'r bir ja'miyet ag'zasının' u'lesi esabına ma'mlekettin' rawajlanıwı mu'mkinshiligin Germaniya, Yaponiya, tu'slik Koreya, Qıtay ta'jiriybesinen ko'riwge boladı.

Uzaq mu'ddetli da'wirde ekonomikalıq o'siw ha'm insan rawajlanıw bag'darları bir-birine mas kelse de, bul baylanıs ha'r bir ma'mleket ushın ma'mleket siyasatına baylanıslı boladı. Ayrım ma'mleketler puxta oylang'an ma'mleket siyasatı arqalı xalıqtın' den-sawlıg'ın saqlaw, bilimlendiriw da'rejesin asırıw boyınsha ekonomikalıq o'siwden alıng'an paydadan na'tiyjeli jen'islerge erisilmekte. O'zbekstan hu'kimeti bul bag'dardag'ı ko'p g'ana da'stu'rlerdi dag'aza qıldı ha'm olardı a'melge asırmaqta. Bul g'a'rezsizlik sha'rayatında reformalar ushın emes, reformalar insan ushın xızmet qılıwı, insannın' ja'miyetke qatnası onın' ja'miyette o'z ornın tabıwg'a baylanıslı ekenligin teren' an'lawg'a alıp keledi. Demek,

insan faktorı tiykarında pa’ra’wan turmısqa erisiledi. Bu’gingi ku’nde bul da milliy g’a’rezsizlik ideyasında sa’wlelengen qa’diriyatlarımızdan biri.

### § 3. G’a’rezsizlik, demokratiya ha’m rawajlanıwdın’ o’z-ara baylanısları.

İnsan ha’m ja’miyet turmisi belgili bir pikirler, ideyalar menen tıg’ız baylanıslı ideologiya insan ha’m ja’miyet rawajlanıwında a’hmiyetli rol oynaydı ha’m u’zliksiz quramalasıp, rawajlanıp, waqıt o’tiwi menen o’zgerip baradı. Sol sebepli, insan, ja’miyet rawajlanıwında ideya ha’m ideologiyanın’ ornı ha’mde ta’sirin u’yreniw barlıq waqıtta u’lken a’hmiyetke iye.

İdeya tu’siniginin’ mazmunı neden ibarat?

İnsan o’zinin’ sanası, aqıl-zakawatı, iyman-isenimi ha’m do’retiwshi miyneti menen basqa tiri janzatlardan parıq qıladı.

İnsan sanası haqıyqatlıqtı an’law barısında tu’rli pikirler, qaraslar, ideyalar ha’m ta’liymatlar jaratadı. Demek, birinshiden, ideya insan oylawının’ jemisi.

Ekinshiden, ideya aldın bolmag’an, o’zinde jan’alıqlardı tasıwshı pikir.

U’shinshiden, da’slep ideya payda boladı, onnan keyin ideya tiykarında ideologiya, ideologiya tiykarında bolsa sistema, siyasat payda boladı.

İlimiy-filosofiyalıq a’debiyatlarda «ideya», «ideologiya», «g’oya», «mafkura» tu’sinikleri isletilmekte. İdeya ha’m ideologiya ko’birek Batıs ma’mleketlerinde ha’mde rus tilindegi dereklerde ushırasadı. «İdeya» so’zi grek tilindegi «idea» so’zinen alıng’an bolıp, «ideologiya» so’zi ushın tiykar bolıp esaplanadı ha’m tu’sinik bir pu’tin pikir ma’nisin an’latadı. İdeologiya (idea-ideya, logos-ta’liymat) ataması bolsa ideyalar haqqındag’ı ta’liymat degendi an’latadı ha’m eki tu’rli ma’nide isletiledi:

- ideyalardın’ mazmunı, qa’liplesiwi, a’hmiyeti haqqındag’ı bilimlerdi an’latadı ha’m ilimiy taraw esaplanadı;
- belgili bir ideyanı a’melge asırıw, maqsetke jetiw usılları, quralları, faktleri sistemasın an’latadı.

Salamat ha’m salamat emes, iygilikli ha’m jawız, jaratıwshı ha’m buzıwshı ideyalar bolıwı mu’mkin. İdeyalardın’ a’piwayı pikirlerden parqı sonda, bular sanada payda bolsada, ken’ ja’miyetshiliktin’ maqsetlerin an’latadı. Olardın’ isenimine aylanıp, belgilengenligin bildiredi, insan (ha’m ja’miyet) ruwxıylıg’ına, ha’tte tu’pkilikli qatlamlarına da sin’ip baradı. İdeya sonday quwatqa iye, ol adamlardın’ ishki du’nyasına kirip barıp onı ha’reketke

keltiriwshi, maqsetke qaray jetelewshi ruwxıy-aqlıy ku'shke aylanadı. Olardı anıq maqsetke bag'darlaydı. Olardı birlestiredi, birlik ha'm birge islesiwge bag'darlaydi.

Ha'r qanday ideya sotsiallıq xarakterge iye. Belgili bir ideyalar, a'dette qandayda bir shaxs sanasında qa'liplesedi. Belgili bir mu'ddetten keyin bolsa ja'miyettin' tu'rli qatlamlarına tarqaladı, tu'rli elatlar ha'm milletler arasında tarqaladı. G'a'rezsiz turmisqa qa'dem qoyıp atırg'an jan'a a'wlad ja'miyette bar bolg'an ideyalar ta'sirinde ta'rbiyalanadı. Qandayda bir ko'z-qaraslar ha'm ideyalardı o'zine sin'diredi, o'z gezeginde jan'a ideyalardı jaratadı ha'm taratadı.

İdeyanın' en' tiykarg'ı qa'siyeti - insandı ha'm ja'miyetti maqsetke qaray jetekleytug'ın, olardı ha'reketke keltiretug'ın, bag'darlawshı ku'sh ekeni.

Mazmunı ha'm ko'riniw formasına qarap, ideyalardı bir neshe tu'rlerge ajıratıw mu'mkin:

- İlmiy ideyalar, filosofiyalıq ideyalar, diniy ideyalar, ko'rkem ideyalar, sotsiallıq-siyasiy ideyalar, milliy ideyalar, ulıwmainsaniy ideyalar h.t.b.

1. İlmiy ideyalar - pa'n rawajlanıwının' na'tiyjesi, ilimiy ashılıwlardın' na'tiyjesi sıpatında payda bolatug'ın, tu'rli pa'n tarawlarının' tiykarg'ı printsipleri, u'stinlikke iye qag'ıydalardı qa'liplestiretug'ın ilmiy pikirler.

Pa'n rawajlanıwı u'zliksiz ha'm sheksiz. Bul protsesste a'meliyatta tastıyıqlanbag'an, go'nergen ko'z-qaraslar jan'a ilimiy ideyalar menen orın almasa beredi.

2. Filosofiyalıq ideyalar ha'r bir filoosfiyalıq ta'liymattın' tiykarın quraytug'ın, a'lem ha'm adam haqqındag'ı en' ulıwmalıq tu'sinik ha'm ko'z-qaraslar. Olar bizdi qorshap turg'an du'nyanı biliw protsessinde adamzat ja'miyetinin' rawajlanıwı barısında toplang'an bilimlerdi ulıwmalastırıw, insan turmisinin' ma'nis-mazmunı, onın' baxtı sıyaqlı ma'seleler u'stinde pikir ju'ritiw tiykarında qa'liplesedi[2].

İnsaniyat tariyxında tu'rli xalıqlardın' aqıl-zakawat iyeleri, dana filosof ha'm dindarları ha'r tu'rli ideyalar jaratqan.

3. Diniy ideyalar dep, ha'r bir diniy ta'liymat ha'm ag'ımnın' tiykarın, diniy iyman-isenimnin' negizin qurawshı ag'imlarg'a aytıladı. Alg'ashqı dinler ha'r bir na'rsenin' janlı ekeni, jannın' ma'n'giligi, but ha'm sa'nemlerdin', ta'biyg'ıy dene ha'm ha'diyselerdin' ila'hiy quwatqa iye ekenligi haqqındag'ı ko'z-qaraslarg'a tiykarlang'an edi. Ma'selen, hindlerdin' diniy tu'sinikleri boyınsha jan ko'ship ju'redi, bul o'mirde insanda bolsa, keyingi o'mirde basqa janzatqa o'tiwi mu'mkin. Qudaylardın' ko'pligi haqqındag'ı pikirge

[2] Миллий исти3лол 2ояси` асосий тушунча ва тамойнлар. -Т. Янги аср авлоди. w00q, wu-wo-б

tiykarlanatug'ın politeizm dinleri waqtı kelip, monoteistlik - jeke qudaylıq ideyası tiykarındag'ı dinlerge o'z ornın bosatıp bergen.

Jeke qudaylıq ideyası milliy dinlerde (ma'selen, iudaizmde), a'sirese, ja'ha'n dinler - xristianlıq ha'm islamda o'z ko'rinisin tapqan. Sonın' ishinde, islam dininde Allaxtın' jekkeligi ideyası tiykarında onın' barlıq normaları, talap ha'm minnetlemeleri qa'liplesken.

4. Ko'rkem ideyalar - a'debiyat ha'm ko'rkem-o'ner shıg'armalarının' ma'nis-mazmunın quraytug'ın, onnan go'zlengen maqsetlerge xızmet qılatug'ın jetekshi pikirler. Olar turmıstan alınadı, ko'rkem talqınlar tiykarında bayan etiledi, oqıwshıda belgili bir sezim oyatadı. «Qaharman» lardı su'yiw, olarg'a erisiw jag'dayları da usı tiykarında ju'z beredi.

5. Sotsiallıq-siyasiy ideyalar ha'r bir xalıq ha'm ulıwma adamzattın' arzıw-u'mitleri, murat-maqsetlerin bildiredi, erkin turmıs ha'm a'dalatlı du'zimdi jırlaydı.

Prezident İslam Ka'rimov ko'rsetip o'tkenindey, millet rawajlanıwına, onın' joqarılawına xızmet qılatug'ın, xalıqlardı birlestirip, joqarı maqsetlerge qaray bag'darlaytug'ın ideyalar joqarı ideyalar. Adamlar arasına ala-awızlıq, xalıqlar arasına kelispewshilik keltirip shıg'aratug'ın, adamlardı tu'rli ta'replerge ajıratıp, jek-ko'riwshilik qozg'aytug'ın jaramas buzıwshı ideyalarg'a mısal boladı. Shınında, bunday jawız niyet ha'm qa'lbeki uranlardı sha'rtli tu'rde ideyalar dep ataymız. Qandayda bir sotsiallıq birlik yaki qatlam arasında tarqalg'an, qanday adamlar toparları yaki elat-milletlerdi ha'reketke keltirip atırg'anına qarap ta ideyalardı tu'rlerge ajıratıw mu'mkin.

İdeyanı materiallastırıwshı, a'meliyatqa aylandırıwshı ku'sh kim ekenine qarap, klasslıq ideya, milliy ideya, ulıwma xalıq ideyası, ulıwma insanıy ideyalar da bar bolıwı mu'mkin. A'lbette, belgili bir xalıq jıyındısın belgili bir tariyxıy shariyatta iygilikli ha'reketke iytermeleytug'ın ideya mazmunı jag'ınan ulıwma insanıy bolıwı da yaki tar ma'plerdi go'zleytug'ın klasslıq ideya ja'miyet ha'm insan ma'plerine qarsı, dushpanlar bolıwı da mu'mkin.

İygilikli ideya - insan sanasında ju'zege keletug'ın, belgili bir pikirlerdin' sotsiallıq xarakterge iye bolg'an, ma'nawiyatqa ku'shli ta'sir o'tkerip, ja'miyet ha'm adamlardı ha'reketke keltiretug'ın, tiykarg'ı maqsetke qaray jetekleytug'ın ullı pikir.

İdeologiyag'a ja'miyettegi belgili bir siyasiy, huqıqıy, morallıq, diniy, ko'rkem, filosofiyalıq, ilmiy ko'z-qaraslar, pikirler ha'm ideyalar jıyındısı - dep anıqlama beriledi. Olardın' barlıg'ıda ja'miyettegi belgili bir siyasiy, filosofiyalıq, huqıqıy, morallıq, diniy, ko'rkem, ilimiy ko'z-qaraslar, pikirler, ideyalar jıynag'ı sıpatında da'liyllep beriledi. Demek ideologiya - belgili bir sotsiallıq topar yamasa qatlamnın', millet yaki ma'mlekettin',

ja'miyettin' talapların, maqset ha'm umtılıwların, sotsiallıq-ruwxıy rawajlanıw printsiplerin belgileytug'ın ideyalar, olardı a'melge asırıw usıl ha'm quralları sisteması bolıp tabıladı. Onda ma'pleri belgilengen sotsiallıq ku'shler ha'm qatlamlardın' o'tmishi, bu'gingi ku'ni ha'm keleshegi o'z ko'rinisin tabadı.

Ha'r qanday teoriya yaki ta'liymat bir sistemag'a salıng'an ideyalar jıynag'ınan ibarat boladı. Sol sebepli du'nyag'a ko'z-qarastın' negizin ha'm belgili iseniminin' tiykarın da ideyalar payda etedi.

«İdeya» ha'm «ideologiya» bir birine jaqın bolsa da, olardı shatastırmaw kerek. Ne ushın?

Birinshiden, ideologiya ideyag'a salıstırg'anda mazmunı jag'ınan ken'irek tu'sinik.

Ekinshiden, ha'r qanday ideologiyada sotsiallıq haqıyqatlıqtı saqlap qalıw yaki o'zgertiwge qaratılg'anlıq, yag'nıy maqsetler jetik emes, ba'lkim zapasliq quramda bar bolıwı ha'm ideologiyanın' o'zegin qa'liplestiriwin aytıp o'tiw lazım.

U'shinshiden, ha'r qanday sotsiallıq ideya tek g'ana belgili bir ideologiyalıq gu'resler shen'berinde g'ana o'zinin' sho'lkemlestiriwshilik ha'm bag'darlawshılıq qu'diretin, o'zine tartarlıq ku'shin ko'rsete alıwı mu'mkin.

O'zbekstan xalqının' milliy g'a'rezsizlik ideologiyası ja'miyetti birlestiriwge, ullı keleshek jolında birgelikte ja'mlesken halda ha'reket qılıwg'a, qurılıp atırg'an erkin puqaralıq ja'miyetinde ha'r bir watanlasımızdın' o'zine ta'n ornı bolıwına erisiwge bag'darlaydı.

Prezident İslam Karimov ja'miyet ideologiyasına to'mendegishe ta'riyip bergen: «Adamlardın' mın' jıllar dawamında qa'liplesken du'nya qarası ha'm mentalitetine tykarlang'an, waqtında usı xalıq, usı millettin' keleshegin go'zlegen ha'm onın' du'nyadag'ı ornın anıq-ra'wshan belgilep beriwge xızmet qılatug'ın, keshegi ha'm erten'gi ku'n ortasında o'zine ta'n ko'pir bola alatug'in ideyanı men ja'miyet ideologiyası dep bilemen»[3]. Demek, milliy ideologiya ha'r qanay xalıqtı - xalıq, milletti - millet qılatug'ın, onın' jolı ha'm maqsetlerin anıq-ra'wshan jaqtılandırıwshı mayak esaplanadi.

İdeologiyanın' filosofiyalıq tamırları degende, onın' filosofiya ilimi juwmaqlarına tiykarlanıwı na'zerde tutıladı. Bunda ha'r bir xalıqtın' o'zine ta'n filosofiyalıq miyrası, ko'z-qarasları, ideyaları olardın' maqsetlerinde o'zinin' ko'rinisin tabadı. Shıg'ıs ha'm Batıs filosofiyası bug'an jarqın mısal bola aladi. Ma'selen, bul ideologiyalar Rim imperiyası bo'lsheklengennen keyin o'z ma'mleketshiligine iye bolg'an xalıqlardın' o'zine ta'n qadriyatları ha'm mentaliteti negizinde ju'zege kelgen milliy filosofiyalar tiykarında qa'liplesti. Sonlıqtanda, sol da'wirdegi italyan, anglichan, frantsuz, nemis filosofiyası o'zi

[3] Каримов .А. Биз келажагимизни 7з 37лимиз билан 3урамиз. u-жилд. – Т.Узбекистон,qooo, io-б

ag'za bolg'an ja'miyetti birlestiriwge xızmet etti. Sonın' menen birge bul milliy mektepler negizinde ju'zege kelgen filosofiyalıq ta'liymatlar, ag'artıwshılıq ko'z-qaraslar insaniyat ma'deniyatı g'a'ziynesine salmaqlı u'les bolıp qosıldı. Mısalı, haqıyqıy milliy o'zgesheliklerge iye bolg'an Gegel filosofiyası Avstro-Vengriya imperiyasınan ajıralıp, g'a'rezsiz joldı tutqan Pruss monarxiyasının' ma'mleket ideologiyası da'rejesine ko'terilgen edi.

İdeologiyanın' du'nyalıq tamırları ruwxıy du'nyag'a ta'n siyasiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy qatnaslar jıynag'ınan ibarat. Ulıwma ta'n alıng'an printsipler ha'm nızam u'stinligi, siyasiy plyuralizm, milletler aralıq tatıwlıq, dinler aralıq bawırıken'lik sıyaqlı ideyalar du'nyalıq ja'miyettin' tiykarın quraydı. Bunday ja'miyette insannın' huqıqları ha'm erkinlikleri, sonın' ishinde, hu'jdan erkinligi de nızam menen qorg'aladı. Mısalı, O'zbekstanda g'a'rezsizlik jıllarında dinnen ja'miyetti ruwxıy jan'alawda, jaslardın' ruwxıy-morallıq ta'rbiyasında paydalanıwg'a ayrıqsha itibar berilmekte. Diniy qadriyatlar tiklendi - Avesto ana tilimizde basıp shıg'arıldı, islam dininin' muqaddes kitabı Quran, Hadisler, İmam Termiziy, İmam Buxariy, Baxouddin Naqshband, İmam Matrudiy, Burhoniddin Marg'inoniy, Abdulxoliq G'ijdivoniy, Xoja Axror Valiy yubileyleri o'tkerilip, estelik ansamblleri tiklendi, bay ruwxıy miyras u'yrenilip, olardan ja'miyetimiz rawajlanıwı jolında ken' paydalanılmaqta. Bul qayırlı isler ma'mleketimizde diniy miyras ha'm baxalıqlardan aqılg'a say paydalanılmaqta. Du'nyalıq degeni, bolshevikler ha'm fundamentalistler aytqanınday, dindi biykar etiw yaki «basshılıqqa alıw» degen emes, ba'lkim ondag'ı morallıq ha'm filosofiyalıq ta'liymatlardag'ı iygilikli ideyalardan, bahalıqlardan orınlı paydalanıw ushın ken' imkaniyat jaratıw.

Bul haqqında Prezident İ.A. Karimov ko'rsetip o'tkenindey, «du'nyalıq», ayrım fundamentalist kimselerdin' dawalarınan parqı, hesh qanday ateizm (dinsizlik) emes. Biz bunday qa'te ha'm g'a'rezli talıqlawlarg'a pu'tkilley qarsımız»[4].

Haqıyqatında da, jaqın o'tmishimizde - dinsizlik siyasatı hu'kimranlıq qılg'an, diniy ko'z-qaraslar kulofat dep atalg'an. Diniy fundamentalistler bolsa du'nyalıq ilimlerdi daxriylik, qudaysızlıq dep insandı iseniminen ayırıwg'a urındı.

İdeologiyanın' diniy tamırları - insan sanası ha'm ruwxıylıg'ı menen tıg'ız baylanıslı ekenligi ha'm sonlıqtanda onın' ideyalıq tamırları diniy ta'liymatlarg'a barıp taqalıwı tu'siniledi. Yag'nıy ko'p g'ana ideologiyalarda Avesto, Veda ha'm Upanishadilar, İnjil ha'm

[4] Каримов И.А. Миллий исти3лол мафкурасы - 8ал3 эти3оди ва буюк келажакка ишончдир. – Т.`Узбекистон, w000, wy-6

Quran sıyaqlı kitaplarda so'z etilgen iygilikli ideyalar belgili da'rejede o'z ko'rinisin tapqanlıg'ın ko'remiz.

Du'nyalıq ha'm diniy bahalıqlar bir-birin bayıtıp barg'an sharayatta rawajlanıw joqarı basqıshqa ko'teriledi. Bug'an adamzat tariyxında o'shpes iz qaldırg'an İmam Buxariy ha'm Muso Xorazmiy, İmam Matrudiy ha'm Abu Rayxan Beruniy, İmam G'azzaliy ha'm Abu Nasr Farabiy sıyaqlı ullı aqıl iyeleri bir da'wirde jasap, miynet etken da'wir anıq mısal bola aladı. İlimiy ashılıwlar bu'gingi ku'nde de ideologiya rawajlanıwına u'lken ta'sir tiygizedi. Zamanagoy ilim-pa'n jetiskenlikleri, mısalı, kosmonavtika, bionika, biofizika, kibernetika, informatsiyalastırıw tarawındag'ı du'nya ju'zlik jan'alıqlar, klonlastırıw, insannın' gen-na'sil kartasın anıqlaw sıyaqlı ullı ashılıwlar adamlar sanasın keskin o'zgertpekte.

Sonlıqtanda, ilim-pa'n ha'm ma'deniyat tarawındag'ı jetiskenliklerden aqılg'a say paydalanıw ushın da ja'miyetke ku'shli ideya, ku'shli ideologiya kerek.

İdeya, ideologiya ja'miyettin' o'z aldına qoyg'an maqseti bolıp, bulsız ja'miyet o'z jolın joytadı. «Maqset degen, - dep jazg'an edi Prezident İ.A. Karimov, - xalıqtı, milletti birlestiriwshi, jolg'a baslawshı misli bir bayraq. Bul bayraq pu'tkil O'zbekstan xalqının' ruwxın, ar-namısın, maqtanıshın, kerek bolsa qu'diretin, arzıw-niyetlerin o'zinde ja'mleytug'ın ullı ku'sh. Ma'mleketimizdin', xılqımızdın', el-jurtımızdın' maqseti, o'zinin' ullılıg'ı, jasawshanlıg'ı ha'm haqıyqatshılıg'ı menen ha'mmemizdi o'zine qaratatug'ın bolmag'ı lazım. Bul maqset xalıqtı-xalıq, milletti-millet qıla bilsin, qolımızda jen'ilmes bir ku'shke aylansın»[5].

İdeologiyanın' *o'mirshen'ligi* adamlardın', millettin', ja'miyettin' milliy ma'plerin, arzıw-niyetlerin qay da'rejede sa'wlelendire alatug'ın bas ha'm tiykarg'ı ideyalar, bul ideyalar olardın' turmıs ta'rizi, du'nyag'a ko'z-qarası, ta'biyatına qanshelli say bolıwı menen belgilenedi. Turmis sınawlarına shıdam beretug'ın, adamlardın' iygilikli murat-maqsetlerin bildiretug'ın, olarg'a ruwxıy quwat beretug'ın ideologiyanı ko'pshilik qabıl etedi. Tek g'ana usınday jag'dayda g'ana ol ku'shli ruwxıy qu'diretke iye boladı. Sol sebepli de, ideologiya barlıq da'wirlerde ja'miyetti joqarı ha'm jaratıwshı maqsetler jolında birlestirip, ja'miyet ag'zaları ortasında sag'lam qatnaslardı qa'liplestirgen, ha'mde iygilikli a'rmanlar, murat-maqsetlerge erisiwde ruwxıy ku'sh-quwat beretug'ın faktor wazıypasın atqarıp kelgen. Sonın' ushın da ideya ha'm ideologiya barlıq insanlar, xalıqlar, ja'miyet ha'm ma'mleket aldında turg'an a'hmiyetli wazıypalardı a'melge asırıwda ja'rdem beretug'ın, tu'rli tarawda miynet

[5] Каримов И.А. Миллий исти3лол мафкурасы - 8ал3 эти3оди ва буюк келажакка ишончдир. – Т.`Узбекистон, w000, у-6

etetug'ın ja'miyet ag'zaların birlestirip, olardı ulıwmalıq maqsetke qaray mobilizatsiyalaytug'ın ullı ku'sh.

Bul belgili bir ma'mleket, ja'miyette jalg'ız ideologiyanın' tolıq hu'kimranlıg'ın, og'an ta'n printsiplerdin' o'zgermes normalar formasında ja'miyet turmisinda qatan' ha'm tolıq tu'rde ornatılıwın bildiredi. Bul ideologiya jeke ha'kimliginin' mazmunı to'mendegishe, bunda qandayda bir ideologiyalıq sistema jalg'ız ilimiy jaqtan tiykarlang'an en' a'dalatlı, ja'miyettegi belgili bir qatlam ma'plerin birldiriwshi ideologiya dep dag'azalanadı. O'zinin' mazmunı yaki qandayda bir ta'repi menen onnan parıq qılıwshı ideyalar, ko'z-qaraslar, ideologiyalar jat ha'm dushpan ideologiyalar sıpatında qaraladı. Pikirler, ideyalar ko'p tu'rliligi biykar etiledi. Aqıbetinde, millionlag'an adamlarda jalg'ız pikirge iykemlesiw, qullıq, biyparıqlıq, baqqımandalıq, o'zge ideyalarg'a qorqınısh penen qaraw sana-sezimi qa'liplesedi. Ja'miyettin' ma'nawiyat rawajlanıwına ilim-pa'n gu'lleniwine u'lken zıyan jetkiziledi. Haqıyqatında, bunday jalg'ız ideologiya jeke ha'ikmligi jawız niyetlerde a'melge asırıladı, ma'mleket ideologiyasına aylanadı. Sotsiallıq turmistin' rawajlanıwına unamsız ta'sir ko'rsetedi ha'm ja'miyet turmisin, pikirler erkinligin buwadı.

Tariyxtan belgili bolg'an totalitar du'zimdi salıstırmalı analiz etiw olar a'mel qılg'an ideologiyalardın' to'mendegi ulıwmalıq o'zgesheliklerin ha'm bul ideyanı a'melge asırıw menen baylanıslı bolg'an bir qatar unamsız aqıbetlerin anıqlawg'a imkaniyat beredi. Da'slep, totalitarlıq ideologiyalar o'z ma'mleketlerinde ja'miyetlik ha'm jeke turmistin' barlıq tarawların tolıq qamtip alıwg'a, jalg'ız du'nyag'a ko'z-qaras sisteması hu'kimranlıg'ın ornatıwg'a umtıladı. Bul ideologiyalar ullı ha'm jarqın o'tmishti biykar etedi. Olar ja'miyetti revolyutsiyalıq jol menen pu'tkilley qayta du'ziw za'ru'r ha'm onı a'melge asırıw mu'mkin, dep esaplaydı. O'zlerine shekem bolg'an milliy-ma'deniy miyras ha'm bahalıqlardın' barlıg'ın yamasa ko'pshiligin biykar etip, olardı tek g'ana o'z printsipleri menen almastıradı.

Totalitar ma'mleketlerdin' o'zine ta'n basqa xarakterli o'zgeshelikleri ja'miyettin' a'skeriylestiriliwi, «qamal qılıng'an qorg'an»dag'ıday ideyalıq-psixologiyalıq jag'daydı ju'zege keltiriwden ibarat. Bunda ma'mleket ishinde a'skeriy fanatizm jag'dayı ku'sheytirilip g'ana qalmastan, sonın' menen birge, agressiv sırtqı siyasatta a'melge asırıladı.

Bul siyasat a'skeriy-territoriyalıq ha'm ideologiyalıq basqınshılıq qılıwg'a, onın' totalitarlıq ta'rtipleri ken' ko'lemde qarar taptırıwg'a qaratıladı. Lekin tariyxıy haqıyqat sonnan ibarat; totalitar ideologiyalardın' tu'rli u'lgileri ha'm olardın' jobaları tiykarında jaratılg'an, demokratiyag'a qarsı du'zimlerdin' aqırı qıyralıwg'a ushırawı so'zsiz. Sol sebepli jeke ha'kimlikke umtılg'an, absolyut sotsiallıqtı bildiriwge dawa qılatug'ın ideologiyanın'

keleshegi joq. Sebebi ol jeke ha'kimlik ornatıw barısında o'zin bayıtıp baratug'ın derek - pikirler ko'p tu'rliligi ha'm ko'z-qaraslar ra'n'be-ra'n'liginen u'zilip qaladı. Belgili topar yaki partiya ideyaları hu'kimran ideologiyag'a aylansa, erkin pikirlew, hu'jdan erkinligi ha'm ko'z-qaraslar ra'n'be-ra'n'ligi sheklenedi. Absolyut shınlıqqa iyelik dawası totalitarlıq printsiplerin ku'sheytedi.

Ma'selen, burıng'ı Awqam da'wirinde kommunistlik ideologiya a'ne sonday xalg'a tu'sken edi. Onın' tiykarg'ı ideyaları burıng'ı sovetler ha'kimiyatı basshılıg'ında zorlıq penen a'melge asırıldı. Na'tiyjede, bul ideologiya jeke hu'kimran bolıp qalg'an edi. ol XX a'sirdin' 80-jıllarında qıyralıwına jol tuta basladı. 1991-jılda burıng'ı Awqam tarqalıp ketiwi menen u'zil kesil kriziske ushiradı. Bunın' sebepleri nelerden ibarat?

Birinshiden, ol o'zin insaniyat oyı erisken en' joqarı shın', absolyut shınlıq ko'rinisi dep esaplap, basqa ideologiyalardı ta'n almas, olar bizge jat degen norma tiykarında kelisimge kelmey is tutar edi.

Ekinshiden, bul ideologiya taratıwshıları zorlıq printsipi - «ma'jbu'r qılamız» keypiyatında is tutıp, usı ideyalar ha'mme jerde, ha'mme waqıt hesh qanday artıqmashılıqsız ha'm toqtawsız propaganda qılınıp, xalıqtın' erkin jasawı ha'm pikir ju'ritiwine jol qoyılmas edi. Kimde kim bul ideyag'a qarsı shıqsa, ayawsız jazalanar, pu'tkil ma'mleket mexanizmi sol jazanı tu'rli formalarda a'melge asırıwg'a qaratılg'an edi.

U'shinshiden, bul ideologiya ko'zabag'a g'ana ja'miyetlik toparlar ideologiyası edi. Shınında burıng'ı Awqam da'wirinde ziyalılar, diyxanlar, xızmetkerler, qala berse, «jetekshi klass» bolg'an rabochiylerdin' arasında da ideologiyadan narazı bolg'anlar bar edi. Lekin bekkem ideologiyalıq diywal artınan olardın' dawısı shıqpas edi.

To'rtinshiden, bul ideologiya hesh kimge hu'jdan erkinligi, o'z pikirin ashıq bayan etiw, mısalı sırt el puqaraları menen halıs tu'rde sa'wbetlesiwge de jol qoyılmaytug'ın edi. Egerde kimde kim bunday isti islewge ha'reket etse «xalıq dushpanı», «burjuaziya malayı» na aylanar edi.

Besinshiden, ol milliylikten pu'tkilley jat edi. Onda abstrakt internatsionallıq barınsha ullilanar edi. Kimde kim milliy baxalıqlar haqqında ga'p ashsa da'rhal «milletshi»ge aylandırılar edi. Milliy sana-sezimge iye bolg'an shaxs, qa'niyge, zıyalı, alım, basqalar «qalaq», «qa'wipli kisi» esaplanar edi.

Altınshıdan, bul da'wirde milliy tariyx, sonın' ishinde, O'zbekstan tariyxı pu'tkilley ta'n alınbas edi. Olar ko'binese tek g'ana ulıwma tu'rde aytılıp o'tiler edi.

Jetinshiden, xalıqlardın' dinine, milliy miyrasına, milliy baxalıqlarına pu'tkilley natuwrı mu'na'sebette bolg'an edi. Mısalı, xılqımızdın' ullı oyshılları İmam Buxariy, Baxawaddin Naqshband, Maxmud Zamaxshariy, İmam Motrudiy, Suwpı Allayar sıyaqlı danıshpanlardın' bay ilimiy miyrasların u'yreniw, olardan paydalanıw qadag'an etilgen edi.

Bulardın' barlıg'ı bolshevistlik - birden-bir kommunistlik ideologiyanın' rawajlanıw talaplarına pu'tkilley jat ekenligin anıq ko'rsetip berdi. Sonlıqtanda ol jan'a zaman talaplarına shıdam bere almay o'z ma'mleketi menen birge tariyxqa aylandı.

Jalg'ız ideologiya hu'kimranlıg'ının' ja'miyet turmisindagi ziyanlı aqıbetleri:

Shaxs erkinligi ha'm pikirler ra'n'be-ren'ligine kelisimsizlik, millettin' o'zligin biykarlaw, milliy ha'm diniy baxalıqlardı biykarlaw, milliylikti sheklew, absolyut shınlıqtı biykarlaw, milliylikti sheklew, absolyut shınlıqtı biliwlikke dawa qılıw, zorlıqqa tiykarlang'anlıg'ı, qullıq, baqqımandalıq, biyparwalıq, ***milliy shekleniwshilik***, siyasiy tarawda baslamasızlıq, o'zge ideyalarg'a jat qaras, ja'miyettin' ruwxıy krizisi, tariyxıy yadsızlıq, ana tiline mensinbewshilik penen qarawda anıq ko'rinedi.

Ha'zirgi ku'nde ju'z berip atırg'an ayrım unamsız jag'daylar, qa'te is-ha'reketler, jawız isler, birinshi gezekte ideologiyalıq boslıqtın' ju'zege keliwi ushın jol qoyılg'an kemshilik ha'm itibarsızlıq sebepli ju'z bermekte. İdeyalıq boslıqtın' ju'zege keliwi birinshi gezekte, teren' ja'miyetlik-siyasiy, ruwxıy-psixologiyalıq mashqala ha'm protsessler menen baylanıslı. A'dette, jan'a ideyalar ha'r tu'rli ta'sir ku'shine iye boladı. Ayrım toparlar olardı, tez qabıl etedi, bazı bir insanlardın' aldın'g'ı ideologiyalıq normalardan ju'z beriwi ha'm jan'a ideyalardı qabıl etiliwi qıyın keshedi. İdeyalıq boslıqtın' payda bolıwının' ja'ne bir deregi - ja'miyette bul tarawdag'ı ta'rbiyanın' jeterli emesligi, ideologiyalıq protsesslerdin' o'z xalınsha taslap qoyılg'anlıg'ı da mu'mkin. Eger ma'mleket yaki millet ja'miyetlik topar yamasa qatlam o'z ma'plerine, maqsetlerin anıq-ra'wshan bildire alatug'ın o'z ideyaların ideologiya ja'rdeminde insanlar, a'sirese, jas a'wlad sanasına turaqlı tu'rde sin'dirmese, ideyalıq boslıq payda bolıwı mu'mkin. Bunday sharayatta isenim pa'seyip, ideologiyalıq qa'wipler ku'sheyedi. O'zinin' bekkem ideyası joq, isenimi bos adamlar bolsa, ta'sirge tez beriliwshen' boladı, o'z jolın joytıp qoyadı, bunday hal ja'miyetke ju'da' u'lken ziyan jetkizedi.

Burıng'ı totalitar du'zim ornına jan'a g'a'rezsiz ma'mleketler qa'liplesti. Hu'kimran birden-bir ideologiya joq bolg'anan keyin, onın' aymag'ında belgili bir waqıt ideyalıq boslıq (vakuum) jag'dayı ju'zege keldi. Turmisin o'tep bolg'an ideya, rawajlanıw ko'z-qarasınan biykar etilgen eken, ja'miyette jan'a bir ideya, aldıng'ı bir pikirdin' qa'liplesiwine talap

seziledi. Bul talap teren’ an’lap jetilmegen halda bolsa ideyalıq vakuum - boslıq ju’zege keledi. lekin ideologiya tarawında boslıqqa jol qoyıp bolmaydı.

Shınında boslıq degenimiz ne? İdeyalıq boslıq - bul eski totalitar du’zimnen jan’a du’zimge o’tiw protsessinde aldın hu’kimranlıq qılıp kelgen ideologiya o’z a’hmiyetin jog’altqanan keyin, rawajlanıw talaplarına say ta’rizde onın’ ornın basatug’ın jetekshi ideyalıq sistemanın’ ele tolıq qa’liplespegen jag’dayı. Bunday sharayatta ha’r tu’rli ideyalar usı aymaqtı o’z ta’sir shen’berine o’tkeriwge urınadı.

1990-jıllardın’ baslarında bunday ideologiyalıq boslıq O’zbekstan aymag’ında da ko’zge taslang’an edi. Onın’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri to’mendegilerden ibarat:

- hu’kimran, kommunistlik ideologiya kriziske ushıradı ha’m onın’ ornı bosap qaldı;

- O’zbekstan g’a’rezsiz ma’mleket sıpatında payda bolg’an, g’a’rezsizlik ideologiyası ideyaları ma’mleketimiz puqaralarının’ sanası ha’m du’nya qarasında belgili da’rejede sa’wlelene baslag’an bolsa da biraq ol ele g’a’rezsiz du’nya qarasına, bekkem isenimine aylanbag’an edi;

- o’tiw da’wirinde ja’miyetlik turmıstın’ tu’rli tarawlarında pikirler ha’m ideologiyalar ko’p tu’rliligi ken’ ko’rine basladı. Milliy ma’deniy miyras ha’m bahalıqlarg’a, milliy g’a’rezsizlik ideyasına degen isenimnin’ payda bolıwı jag’dayinda a’hmiyetli burılıs jasadı. O’tiw da’wirinde jan’asha ko’z-qaraslar adamlardın’ bekkem isenimine aylanıp u’lgermegen waqıtta sırtqı ideya ta’sirlerininin’ jaqsı yamasa jaman, paydalı yamasa zınyanlı ekenligin ha’mme parıqlay alalmadı. O’zbekstandag’ı ideologiya maydanına biygana, xalqımızdın’ arzıw-niyetlerine pu’tkilley jat ideyalardın’ hu’jimi a’ne sol menen baylanıslı geosiyasiy, ideologiyalıq maqsetler menen de da’liyllenedi. Ma’selen, g’a’rezsiz ma’mleketimiz tınısh jasap atırg’an bir payıtta Afganistan ha’m basqa jaqın aymaqlardag’ı turaqsız jag’daydan paydalanıp, olardın’ aymaqlarında uya qurıp alg’an bazı bir ekstremistlik ku’shler, terroristlik toparlar o’z jeke maqsetlerin a’melge asırıwg’a, Oraylıq Aziya regionın ideologiyalıq gu’resler maydanına aylandırıwg’a urına baslag’an edi.

- İdeyalıq boslıq ma’mleket qa’wipsizligi ha’m puqaralar tınıshlıg’ına u’lken qa’wip saladı. Sebebi ideyalıq boslıq, ideyalıq ku’shsizlikke, ideyalıq ıdırawshılıqqa alıp keledi. İdeyalıq birlikke, ma’mleket qu’diretine zıyan keltiredi. Na’tiyjede ma’mleketler ha’m xalıqlar g’a’rezsizlikke ekonomikalıq ha’m ideologiyalıq qısımg’a tu’sip qaladı, **tu’skinlikke** jolıg’adı. Ma’selen Shıng’ısxan elimizge basıp kelgende Muxammed Xorezmshax basshılıg’ındag’ı ma’mleket qu’direti ha’m la’shkerlerinin’ sanı jag’ınan Shın’g’ısxannan bir neshe ese u’stin edi. Lekin ideyalıq ıdırawshılıq sebepli ma’mleket xalqı apatshılıqqa

ushıradı. A’ne sonday, Patsha Rossiyası basqını da’wirinde de kem sanlı rus a’skerlerine qarsı Buxara A’mirligi, Xiywa ha’m Qoqan xanlıqlarının’ bir-biri menen kelispewshilikleri ulıwmalıq dushpang’a qarsı ku’shlerdi birlestiriw ideyası ornına, kerisinshe, o’zlerinshe bo’linip qarsı turıwları, birikpegenligi aqıbetinde xalıqtı birlestirip, gu’reske mobilizatsiyalamag’anı u’lkemizdin’ qaramlıqqa tu’sip qalıwına sebep boldı. Ja’miyetimizdegi barlıq qatlam ha’m toparlardı birden-bir ku’sh sıpatında ulıwma maqsetler ha’m tu’pkilikli ma’pler jolında birlestiretug’ın ja’miyet ideologiyası g’ana ideyalıq ıdırawshılıqqa shek qoydı. Sonlıqtanda o’z keleshegin oylag’an ha’r bir ma’mleket ha’m ja’miyet ideyalıq boslıq ha’m ideologiyalıq ıdırawshılıqqa jol qoymaw, go’nergen isenumler ha’m jat ko’z-qaraslardı biykarlaw menen birge, aldın’g’ı pikirler, ullı maqset ha’m iygilikli ideyalardı adamlar sanası ha’m qa’lbine sin’diriwge ha’reket qıladı.

İdeologiyalıq plyuralizm (latınsha pluralis - ha’r tu’rlilik, ra’n’be-ren’lik) - ja’miyetlik-siyasiy turmisde tu’rli qatlam, partiya, toparlar ma’plerin bildiriwshi ideyalıq ra’n’be-ren’likti, ko’z-qaraslar ha’m pikirler ko’p tu’rliligin bildiredi.

İnsan ha’m ja’miyet turmisinda ideyalar ha’m ideologiyalar ko’p-tu’rliliginin’ bolıwı ja’miyetlik-ruwxıy talap ko’rinisi bolıp tabıladı.

Jer ju’zindegi barlıq insanlar o’z oy-pikirlerine iye bolıp a’meliy is ju’ritedi. Sol sebepli grek filosofı Aristotel eki insan tolıq bir tu’rde pikirlemeydi, olardın’ a’lem haqqındag’ı tu’sinikleri, pikirleri ha’r tu’rli degende, haq edi. Haqıyqattan da, du’nyadag’ı xalıqlar, milletler, ma’mleketler de bir-birinen parıq qıladı. Olardın’ diniy isenimi, milliy ma’deniyatı, mentaliteti, maqsetleri ha’m rawajlanıw jolları da ko’p tu’rli. Olardın’ arzıw-niyetleri, turmisliq idealları, maqsetlerin sa’wlelendiretug’ın ideyalar ha’m olardı a’melge asırıwda ruwxıy ku’sh bag’ıshlawshı ideologiyası da ha’r tu’rli bolıwı ta’biyiy. Haqıyqattan da, du’nyadag’ı ha’r bir ma’mleket, xalıq ha’m millet, ja’miyettin’ maqset ha’m ma’plerin bildiretug’ın o’zine ta’n ideyası ha’m ideologiyası bar.

Ma’mlekette aldın’g’ı ideyalar, ideologiyalar qansha ko’p bolsa, yag’nıy ideologiyalıq plyuralizm hu’kimran bolsa, rawajlanıwdın’ qolaylı jolın tan’lap alıw ushın imkaniyat sonshelli ken’ boladı. Pikirler erkinligi ha’m ko’p tu’rliligi ideologiyalardın’ mazmun jag’ınan bayıwına, bir-birin toltırıwg’a xızmet qıladı.

G’a’rezsiz O’zbekstan ideologiya jeke ha’kimliginen waz keshti ha’m milliy rawajlanıwı ushın ken’ jol ashtı. Ma’mleketimizde ideologiyalar ha’m pikirler ha’r tu’rliligi ja’miyetlik rawajlanıwg’a xızmet qılatug’ın jan’adan-jan’a ideyalardın’ payda bolıwına tu’rli xalıqlar, elatlar, milletler ha’m siyasiy institutlardın’ ma’plerin ulıwma tu’rde a’melge asırıwg’a

imkaniyat jarattı. Sonday-aq, ol ma'mleketimizde ko'p partiyalıq sistemasına da sharayat jaratadı. Siyasiy partiyalar bolsa o'zleri ag'za bolg'an qatlamlar, siyasiy toparlardın' ma'pleri, umtılıwları, arzıw-u'mitlerin ulıwmalastırg'an halda o'z ha'reket da'stu'rleri arqalı ko'rsetedi.

Jaratıwshı ideya - insandı ullilaytug'in, onın' ku'sh-g'ayratı ha'm qu'diretin asırıp, xalqı, Watanı, barlıq insaniyat ushın paydalı isler qılıwg'a mobilizatsiyalaytug'ın, o'zinde rawajlanıw ma'nawiyat, doslıq, tınıshlıq, a'dillik, hadallıq, pa'klik sıyaqlı iygilikli sezimlerdi o'zinde ja'mleytug'ın ideya.

İnsaniyat tariyxı ha'r tu'rli ideya ha'm ideologiyalardın' ju'zege keliwi, bir-biri menen qatnasınan ibarat u'zliksiz protsess. Bul protsesste ha'r tu'rli ideyalar qandayda bir ku'shlerge xızmet qılıwı, o'zine isengen insanlardı qanday maqsetlerge qaray jetelewine qarap bir-birinen parıqlanadı.

Ja'ha'n ta'jiriybesine na'zer taslasaq, pu'tkil du'nya rawajlanıwına u'lken ta'sir ko'rsetken teoriyalıq ta'liymat ha'm ideologiyalardı taratıw ushın insaniyat tariyxının' tu'rli da'wirlerinde u'lken aqıl-zeyin, talant ha'm teren' oy iyeleri ayanbay miynet etkenligin ko'remiz. Sokrat ha'm Platon, Konfutsiy ha'm Zardusht, Amir Temur, Alisher Nawayı, Maxatma Gandi sıyaqlı ullı oyshıllardın' iskerligi bunın' ayqın mısalı bola aladı.

Adamzatqa a'zelden aqıl-zakawat penen qa'lb jaratıwshılıg'ı ta'n qa'siyet. Onın' qa'lbi menen qolı birdey islese, haqıyqıy a'jayıbatlar jaratıladı. Neshe a'sirlerden berli du'nyanı tan' qaldırıp kiyatırg'an Mısır Piramidaları, Shaxrisabzdegi aqsaray, Samarqandtag'ı Biybixanım, Registan maydanlarındag'ı medreseler ansamblleri, Tajimaxal esteligi, Eyfel minarası, qanshadan-qansha ko'rkem-o'ner ha'm ma'deniyat du'rdanaları - barlıg'ı a'ne sonday jaratıwshılıq u'lgisi bolıp tabıladı. Bunday a'jayıbatlar bizin' ma'deniy miyrasımızda, Xiywa, Buxaradag'ı biyta'krar esteliklerimizde, klassikalıq ko'rkem shıg'armalarında joqarı a'dep-ikramlılıqqa tiykarlang'an u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerimizde o'z sa'wleleniwin tapqan.

Jaratıwshılıq ideyalar menen qurallang'an adamlar pa'ra'wan turmıs, erkin ja'miyet qurıw ushın gu'res alıp barg'anlıg'ı tariyxtan belgili. Bunday protsess unamlı ideyalardın' tuwrılıg'ına, olar bolsa, o'z gezeginde, eller, xalıqlar yigilik, miynetsu'yerlik sıyaqlı do'retiwshi ideyalardı tarqatqan insan, payg'ambar Zardusht jaratqan «Avesto» kitabındag'ı joqarı ideyalar ullı watanlasımız Zardushttın' o'lmeytug'ın ideologiyası edi.

Derlik u'sh mın' jıl aldın ag'artıwshılıq quranın jawızlıq bultları qaplap alg'an da'wirde ullı watanlasımız Zardusht jeke qudaylıq ha'm iygilikli ideyalardı na'siyatlay baslag'an edi. Zardusht ta'liymatında insandı iygilikke baslawshı ideyalar oraylıq orındı iyeleydi.

İygilik ha'm jawızlıq ku'shleri ortasındag'ı ideyalıq gu'res zardushtiylik dininin' muqaddes kitabı «Avesto»da ko'rsetip o'tilgen. Onda a'skeriy soqlıg'ısıwlar, basqınshılıq urısları, xaywanlardı azaplaw, adamlarg'a a'dilsizlik, o'tirik so'ylew, wa'dege wapasızlıq, satqınlıq qılıw ideyaları qaralanıp, otırıqshı turmis keshiriwge, miynetke, diyxanshılıq, sharwashılıq penen shug'ıllanıwg'a shaqırıwshı ideyalar ulıg'lanadı. Zardushtiylik dininde jer, suw, taza hawa, ana ta'biyat a'lpeshlenedi, qurg'aq jer ashıp, onı bag'-bag'shalarg'a aylandırg'an adam qudaydın' sharapatına erisedi, kerisinshe, bag'lar, egislik jerler, suwg'arıw qurılmaların buzg'anlar u'lken gu'nag'a qaladı. Zardushttın' iygilikli ideyaları insanlardı tınısh-tatıw jasawg'a, hadal miynet etip Watandı abat etiwge shaqıradı.

«Avesto»da Watan su'yiwshilik ideyası ullilanip, adamlardı nawqiran bolıwg'a shaqırg'an. «Mag'an nawqiran ha'm dinshil, watandı su'yiwshi ha'm ja'miyetlik birge islesiwshi, tatıw, jaqsı a'depli, qaran'g'ılıqtan, qıyınshılıqtan qutqarıwshı perzentler ber. Olar ma'nzil, qala, u'lke ha'm onın' atı ja'ne dan'qın ko'rsetsin»[6] delinedi. Sonday-aq, shıg'armada ana jerdi a'zizlew, onı abat etiw ideyaları na'siyatlanadı. Ma'selen, «Avesto»da jazılıwınsha, jerdi ha'mmeden ko'birek baxtiyar qılg'an shaxs, ha'mmeden ko'p biyday, sho'p ha'm miywelı terekler ekken adam bolıp tabıladı. Ol qurg'aq jerlerge suw shıg'arg'an ha'm suwlı jerlerdi shu'digar qılg'an insan..., - delinedi.

Uzaq waqıt egilmegen ha'm gu'nde tiymegen jer baxıtsız. Kimde-kim jerdi shep ha'm on' qol menen, on' qol ha'm shep qol menen shu'digarlasa, jer og'an parawanlıq inam etedi... Jer de mol miywalardı inam etedi.

Jerdin' shu'digar qılınıp, saylandı da'nler sebiliwi, biyday o'simliginin' o'nip shıg'ıwı sol jerdegi jawız ku'shler, da'wlerdin' bul jerlerden ketiwi haqqındag'ı ideya Avestonın' Vandidat tarawına bag'ıshlang'an bo'liminde to'mendegishe berilgen:

«Qashan atızlarda da'n jetilse, da'wler orınlarınan qwpadilar.

Qashan biyday gu'rkirep ko'gerse, da'wler qorqınıshtan qaltıray baslaydı.

Qashan biyday un bolsa, da'wler qapa boladılar. Qashan biyday qırmang'a u'yilse, da'wler nabıt boladı. Qaysı bir u'yde biyday bas shıg'arsa, da'wler ol u'yden uzaqlasadı. Qaysı bir u'yde biyday ambarı bolsa, misli qızdırılg'an temir da'wler moyının shırmap taslaydı». («Avesto», 115-bet).

«Avesto»da sa'wlelengen Zardushttın' «Jaqsı niyet jaqsı so'z ha'm jaqsı is-ha'reketti alg'ıslayman, niyet, so'z ha'm isler ishinen men jaqsı niyet, jaqsı so'z ha'm jaqsı isti

---

[6] Авесто. Тарихий-адабий едгорлик. А.Махкам таржимаси. – Т., Шар3, w00q,o0,qqq-бет

tan'layman. Men barlıq jaman a'ndiyshe, jaman so'z ha'm jaman isten ju'z buraman»[7], degen hikmetli so'zleri bu'gingi ku'nde de u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye. Bul o'lmes ideyalar keyinala payda bolg'an dinler, tiykarınan, xristianlıq ha'm islam ta'repinen de qabıl etildi. Demek, bul kitap o'z da'wirinde qa'liplesken ideyalar sistemasınan ibarat bolg'an ja'miyet ideologiyası edi.

## II BAP. Ha'zirgi rawajlanıw basqıshı, milliy ideya ha'm jaslar ta'rbiyası

### § 1. Milliy ideyanın' tiykarg'ı wazıypaları ha'm ulıwma insaniy pikirleri

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' ma'nis-mazmunın ha'm onın' millet turmısındag'ı ornın jetik tu'sinip jetiw ushın en' a'wele, og'an tiykar bolatug'ın milliy ha'm a'meliy negizdi anıqlap alıw u'lken a'hmiyetke iye. Bul ko'z-qarastan, milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tariyxıy, filosofiyalıq tamırları onın' printsipleri ha'm bir-biri menen tıg'ız baylanıslıg'ında. Olardın' tıg'ız baylanıslıg'ı negizinde ulıwma insanıy qa'diriyatlar u'stinligi turadı. Demek, onın' tiykarg'ı printsiplerinen biri watanparwarlıq ideyası menen baylanıslı.

Haqıyqattanda, bu'gingi ku'nde bul so'zdi ju'da' ko'p isletemiz. Bul boyınsha nege insanparwarlıq milliy ideyanın' tiykarg'ı printsiplerinen biri bolıp qalmaqta degen sawal tuwıladı. Bunın' birinshi sebebi g'a'rezsizliktin' arqasında insanparwar ha'm demokratiyalıq ja'miyet qurıw imkaniyatı payda boladı.

Mine bul imkaniyattı reallıqqa aylandırıwda eki a'hmiyetli ma'seleni sheshiw za'ru'rligi ju'zege keledi.

Olardan birinshisi adamlardın' sanası ha'm oylawındag'ı g'a'rezlilik du'zim illetlerinen, onın' g'ayırinsanıy ideyalarınan sonday-aq, jeke birden-bir ideologiyashılıq printsipinen tazalaw. Bug'an erisiwdin' bir qatar jo'nelisleri bar. En' a'hmiyetlisi, jan'a ja'miyette insannın' tu'p ma'nislerine sa'ykes sotsiallıq qatnaslardı qa'liplestiriwden ibarat. Bunda milliy ideyanın' insanparwarlıq ha'm demokratiyalıq printsipleri insan ha'm ja'miyet ma'pleri birlesiwin belgilep beriwshi tayanısh tochka ha'm ja'mlestiriwshi ku'sh esaplanadı.

Ekinshi sebebi-insanparwarlıq printsipinde ulıwmainsanıy printsipler menen bir qatarda millet oyı, ruwhıyatı ha'm pikirlew bazası, qaraslar tu'rli-tu'rligi o'z-ara birlestiriledi. Bul protsess ma'mleketimiz rawajlanıwında turaqlılıq, qa'wipsizlik ma'seleleri menen birlikte tutasqan halda ko'rinis tabadı.

---

[7] Авесто. Тарихий-адабий едгорлик. А.Махкам таржимаси. – Т., Шар3, w00q,o0,qqq-бет

Milliy ideyanın' ulıwma insanıy printsipleri haqqında pikir ju'ritkende g'a'rezsizlik jıllarında insanparwarlıq, ma'selesinin' u'stin jo'neliske iye bolıp atırg'anlıg'ı tosın jag'day emes. Belgili, insanparwarlıq haqqında ju'da' ko'p g'ana Shıg'ıs ha'm Batıs oyshılları o'z pikirlerin bayan etken. Ma'selen, a'yyemgi Qıtayda da'slepki insanparwarlıq ideyasının' sotsiallıq pikirleri Konfutsiy (b.e.sh. 511-479 j) ta'liymatında, a'yyemgi Oraylıq Aziyada «Avesto» kitabında, buddizm dininde, xristian dinnin' jat ideyasında, yag'nıy japakeshler ha'm biysharalarg'a ila'hiy saltanatta baxıt ha'm azatlıq beriwdi wa'de qılg'anlıg'ı, islam dininde jeti dogmatta o'z sa'wleleniwin tapqan. Sonday-aq xalıqaralıq huqıqta «İnsanparwarlıq huqıqı» ataması da bar eken, bul atama birinshi ma'rtebe qurallı konflikt ju'zege kelgen halatta ma'deniy qa'diriyatlardı qorg'aw tuwralı konventsiyada isletilgen edi.[8]

Millet ta'g'dirine tiyisli bolg'an ideyalar a'wele, milliy tiykar menen baylanıslı boladı. Og'an tayanbag'an, onnan bahra almaytug'ın yamasa onnan u'zilip qalatug'ın ideyalar millet ma'plerine ha'm xızmet qıla almaydı.

Bul protsesste eki u'lken nızamlıq a'mel qıladı.

Birinshi nızamlıq millettin' o'zine xas o'zgeshelikler ha'm mentalitetke iye ekenligi. Olar millet rawajlanıwı ha'm perespektivası ushın tiykarg'ı derek esaplanadı. O'z negizleri tiykarında rawajlanıw jolınan barmaytug'ın millet perspektivada, o'zligin jog'altadı. Onı esapqa alıw a'mel qılıwdı millettin' o'z negizlerine su'yenip rawajlanıw nızamlıg'I - dep aytıw mu'mkin boladı.

Ekinshi nızamlıq. Ha'r qanday protsesste bolg'anı sıyaqlı, milliy rawajlanıwda da miyraslıq nızamı a'mel qıladı. Onın' mazmunı sonda, ba'rshe protsessler o'z-o'zinen payda bolmaydı, ba'lki olar bul jo'neliste payda bolg'an aldın'g'ıları menen baylanıslı boladı. Onın' negizinde ju'zege keledi, onnan keyingi rawajlanıw ushın xızmet qılıwı mu'mkin bolg'an elementlerdi qabıl qılıw tiykarında jan'ası, qa'liplese baslaydı. Bul protsess miyraslıq nızamı esaplanadı. Ol millettin' o'z negizine tiykarlanıp rawajlanıwı sha'rt bolg'anı ushın g'ana emes, al ba'rshe protsessler ushın ha'm a'mel qıladı. Bul miyraslıq nızamlıg'ının' xarakterli o'zgesheligi.

Onın' milliy rawajlanıw ushın a'hmiyeti sonda, ol millettin' o'z negizleri tiykarında rawajlanıwı ushın imkaniyatlar salmag'ının' bekkem bolıwına xızmet etedi.

Milliy ideya qa'liplesiwinde mine usı eki nızamlıqtın' birligi tiykarg'ı esaplanadı. A'lbette milliy ideya negizleri tek millettin' tar shen'berdegi tiykarları menen sheklenbeydi. Sonın' menen bir qatarda, ulıwmainsanıyat erisken aldın'g'ı jetiskenliklerge ha'm tayanadı.

[8] №аран: Гаага qotr жыл qr май Сборник договоров ООН wro-б

Sonın' ushın ha'm Prezident İ.A.Karimov ma'mleketimiz o'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgizgennen keyin sotsiallıq rawajlanıwdın' to'mendegi to'rt negizin belgilep bergen edi.

Olar:

-ulıwmainsanıy qa'diriyatlarg'a sadıqlıq;

-xalqımızdın' ma'newiy miyrasın bekkemlew ha'm rawajlandırıw;

-insannın' o'z imkanyatların erkin ko'rsete alıwı;

-watanparwarlıq[9]

Ko'rinip turıptı, bularda milliy ideya printsipleri ulıwmainsanıy qa'diriyatlar menen birlesip ketken.

Mine bul negizler tiykarında milliy ideyalardın' tiykarg'ı printsipleri qa'liplesedi: Xosh bul printsip ne? Printsip birden-bir ta'liymat, du'nya qaras yaki iskerliktin' qatan' a'mel qılatug'ın qag'ıydası ha'm o'lshemlerin an'latatug'ın tu'sinik esaplanadı.

Usı ma'niste ha'm milliy ideyanın' o'zine xas printsipleri payda bolıp, olar tiykarında milliy rawajlanıwdın' aktual wazıypaları a'melge asırılmaqta.

Milliy ideyanın' tiykarg'ı printsiplerin to'mendegiler quraydı.

-milliy sana, milliy oylawdın' ha'm milliy o'zlikti qa'liplestiriwge bag'darlang'anlıg'ı

-milletti birlestiriwge qaratılg'anlıg'ı;

-millet ma'pin sa'wlelendiriwi;

-aldın'g'ı milliy u'rip-a'detler, da'stu'rler ha'm qa'diriyatlardın' bekkemleniwi ha'm rawajlanıwına tiykar bolıwı.

-milliy maqtanısh, ar-namıs ha'm juwapkershiliktin' qa'liplesiwi ha'm bekkemleniwine tiykar bolıwı.

-ko'p milletli ma'mleketimiz xalqında birden-bir Watan ruwhıyatının' qa'liplesiwine tiykar bolıwı

-milliy miyras, tariyxıy yadtı saqlaw, o'zlestariw ha'm keyingi a'wladqa jetkiziwdin' ma'newiy-ruwhıy deregi bolıwı;

-jaslarımızda Watanparwarlıq, milletparwarlıq xalıqparwarlıq ha'm ulıwmainsanıylıq, ma'newiy, ruwhıy potentsialdı qa'liplestiriwge qaratılg'anlıg'ı;

-milletimizdin' g'a'rezsiz subekt sıpatında statusın sa'wlelendiriw;

-milletimizdin' azatlıg'ı, g'a'rezsizligi ha'm rawajlanıwına ma'newiy-ruwxıy tayanısh bolıwı;

[9] Каримов И.А. Узбекистон миллий истиклол сиёсат, мафкура 1-жилд Т.: Узбекистон. 1996 й. 76 б.

-milletlerdin’ o’zi menen birge jasap atırg’an millet ha’m xalıq wa’killerin o’z a’tirapına ja’mlew, olar menen tınısh-tatıw jasaw, olarg’a hu’rmet dıqqat penen qaraw, ja’rdem ko’rsetiw, birge islesiwdi bekkemlew ha’m olar tiykarında birden-bir o’zbekstan xalqı tuyg’ılarının’ qa’liplesiwine oray, derek bolıwı;

-milletimizdin’ zamanago’y tsivilizatsiyalarg’a minasip u’les qosıwına ma’newiy-ruwxıy ku’sh-ku’diret ha’m ilxam bag’ıshlawı;

-O’zbekstan xalqında milliy qa’wipsizlik ha’m millet rawajlanıw ruwhıyatın qa’liplestiriw ha’m bekkemlewdin’ teoriyalıq tiykarı bolıwı;

-ka’mil insan ideyası o’zinde sa’wlelendiriw sıyaqlılardı quraydı.

Milliy ideya milliy sana ha’m oylaw jemisi esaplanadı. Olardın’ rawajlanıwı na’tiyjesinde milliy o’zlikti an’law ju’zege keledi. Milliy oylaw milliy turmıs obrazı, o’zgeshelikleri ha’m iskerligi, onın’ maqsetleri ha’m ma’pleri negizlerinin’ milliy sanada ko’rinis tabıwı.

Milliy sana millettin’ o’zine xaslıg’ı tiykarında rawajlanıp barıwındag’ı ko’rsetkishi bolsa, milliy o’zin-o’zi an’law ma’plerdi qorg’awdag’ı ha’reketke keltiriwshi ishki ma’newiy-ruwxıy potentsial.[10] Haslında, milliy sana, milliy oylaw ha’m milliy o’zlikti an’lawdan ibarat bolg’an u’shlikke a’mel qılmag’an, onı o’zinde sa’wlelendirmegen yakiy onı rawajlandırıwg’a ha’m bekkemlewge bag’darlanbag’an ideya o’zine milliy ideya statusın da ala almaydı. Sebebi, mine bul u’shlik millet barlıg’ının’ ha’m real sa’wleleniwi esaplanadı. Milliy ideya, milliy sana ham milliy oylawdın’ joqarg’ı ko’rinisi, onın’ reallıqqa aynalıwının’ belgisi esaplanadı. Olardın’ o’z-ara ta’siri na’tiyjesinde g’ana milliy o’zlikti an’law faktorı qa’liplesedi ha’m millettin’ «meni» ju’zege keledi. Millet o’z-o’zinen qa’liplespeydi, ba’lki ol ja’miyet tariyxıy rawajlanıwının’ jemisi. Onın’ tolıq halında millet statusına jetiwi ushın ha’r bir etnik birlik, milliy tildin’, ma’deniyat, u’rp-a’det, da’stu’rler, qa’diriyatlardag’ı o’zine xaslıg’ın yag’nıy milliy o’zligin an’lawı lazım.[11]

Mine bul o’zine ta’nlik arqalı milliy ideya payda boladı. Milliy ideya o’zine ta’nlikti bekkemleydi ha’m onın’ millet wa’killeri du’nyaqarasına aynalıwında tiykarg’ı faktor bolıp xızmet etedi. Bul protsess, o’z gezeginde, milliy tatıwlıq, birge islesiwdin’ ju’zege keliwine alıp keledi. Usı ma’niste onın’ en’ za’ru’rli printsipinin’ milletti birlestiriwge qaratılg’anlıg’ı esaplanadı. Bul ma’niste de milliy ideyanın’ qu’direti belgili ma’plerdi tolıq halında sa’wlelendiriwi menen belgilenedi.

---

[10] Отамуратов, Отамуратов С.С ?збекистон да маънавий-ру7хий тикланиш-Т. Янги аср авлоди, w00e wu-б

[11] Сонда 163-б

Milliy ideyanın' ja'ne bir printsipi, onın' milliy u'rip-a'det, da'stu'r ha'm qa'diriyatlardı bekkemlew ha'm rawajlandırıwına tiykar bolıwı esaplanadı. Olar millettin' o'zine ta'nligin en' joqarı da'rejede sa'wlelendiredi. Onın' bekkemleniwi ha'm rawajlanıwı milliy ideyag'a baylanıslı boladı.

Milliy maqtanısh, iftixor ha'm juwapkershilik siyaqlı tiykarlardın' qa'liplesiwi ha'm milliy ideya.

Milliy maqtanısh ha'r bir insannın' millet wa'kili sıpatında o'zi-o'zi an'law na'tiyjesinde payda bolatug'ın ishki ruwxıy halatı esaplanadı. Bul tuyg'ı o'z ana toprag'ı, ata-babaları ta'repinen qaldırılg'an materiallıq, ma'newiy miyrastan, o'z milletinin' ja'ha'n tsivilizatsiyasına qosqan u'lesinen, o'z Watanının' rawajlanıwda erisken tabıslarınan, milletinin' o'zge milletler aldındag'ı qa'dir-qımbatı, abroy-itibarınan ruwxının' kju'dariliw sezimi.

Milliy juwapkershilik bolsa ha'r bir millet wa'kilinin' o'z milletinin' bu'gingi, erten'gi ku'ni ha'm perespektivası ushın o'zinin' qatnaslı ekenligin seze biliwi.

Bul tuyg'ılar negizinde milliy ideya turadı. Onın' tiykarg'ı wazıypası ha'm mine usı tuyg'ılardı qa'liplestiriwge bag'darlang'anı menen belgilenedi. Sebebi olar ha'r bir millettin' rawajlanıwg'a erisiw ha'm gu'lleniwinde tiykarg'ı faktor boladı.

İnsaniyat aqıl-za'kawatı artıp baratırg'an, onın' aldında sheshiw quramalı bolg'an globallıq mashqalalar ko'lemi ken'eyip baratırg'an bu'gingi ku'nde milliy ideya tar ma'pler emes, ba'lki ma'mlekette jasap atırg'an ba'rshe xalıqlardın' ma'plerin sa'wlelendirip, birden-bir Watan tuyg'ısın qa'liplestiriwge xızmet etedi. A'lbette, ulıwma Watan tuyg'ısın qa'liplestiriw-bul ha'r bir milletke ta'n bolg'an o'zgesheliklerdin' joq bolıwına emes, ba'lki ulıwma xalıq ruwhıyatının' qa'liplesiwine alıp keledi. Birden bir Watan ruwhıyatı tek ma'mleket atı menen atalıwshı millet wakiline emes, tap sonın' menen birge onda jasap atırg'an o'zge millet ha'm xalıq wa'killerinde ha'm watanparuarlıq, og'an iyelik qılıw, onın' perespektivası aldında juwapkershilik sıyaqlı sezimlerdin' qa'liplesiwine alıp keledi. Sonın' ushın da milliy ideya bu'gingi ku'nde bir millet shegarasınan ulıwma xalıq shen'berine deyin bolg'an ma'plerdi birlestiriwge tiykar bolmaqta.

Milliy miyras, tariyxıy yadtı saqlaw, o'zlestiriw ha'm olardı keyingi a'wladqa jetkiziwde milliy ideya ma'newiy-ruwhıy tiykar esaplanadı. Ol a'ne usı ma'newiy-ruwhıy potentsialdag'ı milliylikti saqlaw, olarg'a ku'sh-quwat bag'ıshlap turıw wazıypasın a'melge asıradı. Sonın' menen bir qatarda, millet wa'killerin milliy-ma'newiy baylıqlar menen

azıqlandıradı, olarda o’z miyrasın saqlaw ha’m onı keyingi a’wladqa jetkiziw ruwhıyatın ha’m qa’liplestiredi.

Bul protsesste milliy ideya bir tamanan milliy-ma’newiy baylıqlardı saqlaw faktorı bolsa, ekinshi tamanan millet a’wladların o’z-ara baylanıstırıp turıw wazıypasın da atqaradı. Ondag’ı milliylik faktorı a’wladlardı o’z ara ma’newiy-ruwhıy ta’repten baylanıstırıp turadı ha’m bul boyınsha milliy miyras ha’m tariyxıy yadqa turmis- baqıylıqtın’ bag’ısh etiliwinde milliy ideya tiykarg’ı faktor.

Milliy ideyanın’ milliy miyras ha’m tariyxıy yadtın’ tiykarı bolıwı tek milliy o’zine ta’nlikti g’ana emes, sonday-aq millet wa’kilinde joqarı erk-ıqrar, inanım sıyaqlı paziyletlerdin’ qa’liplesiwinde derek rolin atqaradı. Prezident İ.A.Karimov aytqanınday-aq, «Ta’riyxıy yadı bar insan erk-ıqrarlı insan… Kim bolıwına qaramastan ja’miyettin’ ha’r bir ag’zası o’z jemisinin jaqsı bilse, bunday adamlardı joldan shıg’arıw, ha’r qıylı dogmalar ta’sirine tu’siriw mu’mkin emes. Tariyx sabaqları insandı abaylılıqqa u’yretedi, erk-ıqrarın bekkemleydi»[12]

Ma’mleket jaslarında watanparwarlıq, milletparwarlıq, xalıqparuarlıq ha’m ulıwma insanıylıq sıyaqlı tuyg’ılardı qa’liplestiriw ha’m milliy ideyanın’ a’hmiyetli printsipinen esaplanadı. Sebebi, basqa ha’r qanday ideyalarg’a qarag’anda da onda o’zin an’lag’an ha’r qanday insan qa’lbi, ju’regi ha’m sanasına ta’sir etiwshi na’zik tuyg’ılar ja’mlengen. Ayrıqsha, insan o’zin-o’zi an’lap, men kimmen, menin’ ata-babalarım kim, qaysı milletke tiyislimen, menin’ ana-topırag’ım qayjerde degen sawallardı o’zine beriw ha’m og’an juwap tabıwdı milliy ideyadan, onın’ u’lken negizlerinen izleydi. Ol sawallarg’a basqa bir ideya juwap bere almaydı.

Milliy ideyanın’ ja’ne bir printsipi, birinen ekinshisine uqsamaytug’ın o’zgesheliklerine iye ekenligi, o’zgelerdin’ ma’newiy-ruwhıy jag’dayın tikkeley qabıl qıla almaslıg’ı menen baylanıslılıg’ı. Bir millettin’ ma’newiy-ruwhıy potentsialı forma ha’m mazmunı jag’ınan ekinshisinde ta’kirarlanbaslıg’ı olardın’ ha’r birine o’zine ta’n individuallıq bag’ısh etedi. A’ne usı individuallıq milliy ideyada o’z sa’wleleniwin tabadı. Bul ha’r bir millettin’ biyg’a’rez subekt sıpatındag’ı statusın ta’miynlep turadı. O’zine ta’n individuallıq milliy-ma’newiy rawajlanıw go’zzallıg’ın sa’wlelendiredi ha’m olardın’ aldın’g’ı qırları arqalı ulıwma insanıylıqqa tiyisli bolg’an ma’newiy baylıq ju’zege keldi.

Milliy ideyanın’ tiykarg’ı printsiplerinin’ ja’ne biri millettin’ azatlıg’ı, onın’ g’a’rezsizligin ta’minlewde ma’newiy-ruwhıy derek bolıwı.

---

[12] Каримов И.А. Биз келажагимизни 7з к7лимиз билан 3урамиз. u-жилд Т` ?збекистон, qooo qeu-б

Millettin' g'a'rezsiz bolıwı, onın' o'z ta'g'dirin o'zi hal qılıw imkaniyatına iye bolıwında milliy ideya tiykarg'ı derek boladı. Sebebi ol tek milletke g'a'rezsiz subekt statusın bag'ısh etip qoymastan, sonın' menen birge onın' g'a'rezsiz rawajlanıwının' za'ru'rlikke aynalıwın ha'm ta'minleydi.

Shınında da milliy rawajlanıw ideyaları, ha'rdayım o'zinde a'dalat, ten'lik, shınlıq ha'm demokratiya printsiplerin sa'wlelendiredi. Olar ha'r bir millet ushın en' za'ru'r talap esaplanadı. Sebebi a'dillik buzılg'an jerde qarsılıq, ten'sizlik bar bolg'an sharayatta isenimsizlik, tınıshlıq bolmag'an jerde dag'darıs, demokratiya bolmag'an jerde insannın' erkin na'pes alıw imkaniyatın ju'zege shıg'arıw mu'mkin bolmaydı.

Ko'rinip turıptı, olardın' ha'r biri millettin' perespektivası ushın za'ru'r bolg'an faktorlar. Milliy ideya bul ma'niste ha'm olardı o'zinde ja'mlestiriwi ha'm milliy rawajlanıwdın' tiykarg'ı ko'rsetkishlerine aylanıwına xızmet qılıwı za'ru'r.

Olar ha'r qanday aldın'g'ı milliy ideyanın' ulıwma insanıylıqqa tiyisli bolg'an qırları esaplanadı. Olardan mahrum bolg'an milliy ideya, shın ma'niste ulıwma milliy ideya da'rejesine kju'darile almaydı.

Milliy ideya millettin' ma'pleri ha'm za'ru'rliklerin ulıwma insanıy printsiplerdi o'zinde birlesken xalda sa'wlelendiriwi menen xarakterlenedi. Ol ulıwma insanıy printsiplerge qarsı emes, ba'lki onın' tiykarında qa'liplesedi. Yag'nıy, milliy ideyanın' printsipleri ulıwma insanıy printsipler negizinde qa'liplespeydi, kersinshe, milliy printsiplerdin' aldın'g'ı, ba'rshe xalıqlar ma'pleri ha'm za'ru'rliklerine juwap beretug'ın ta'repleri esabına ulıwma insanıy printsipler qa'liplesedi.

Mine bul juwmaqqa muwapıq milliy ideyanın' ulıwma insanıy printsiplerin to'mendegiler quraydı:

-Milliy shekleniw, agressiv milletshilik ha'm shovinizmnen erkin bolıw;

-urıs otın jag'ıw, o'zge milletlerge zulımlıq o'tkiziwden erkin bolıw, ma'mleketler ara turaqsızlıqtı ju'zege keltiriw quralına aylanbaslıq;

-a'dalat, ten'lik, tınıshlıq, do'retiwshilik ha'm demokratiya ideyaların o'zinde sa'wlelendiriw;

-ja'ha'n xalıqları jaratqan tsivilizatsiya jetiskeliklerin saqlaw ha'm keyingi a'wladqa jetkiziwde ma'newiy-ruwhıy faktor bolıwı;

-adamzatqa qa'wip tuwg'ızıp atırg'an globallıq mashqalalardın' qa'wpin ken' tu'sindiriw ha'm og'an qarsı gu'reste ja'ha'n xalıqları birligin ju'zege keltiriwge xızmet qılıw;

-diniy bawırıken'lik ideyasın o'zinde sa'wlelendiriw,

-insan huqıqları, jeke adam erkinligi ha'm erkin pikirlilikti qorg'aw;

-nızam u'stinligi, milletler ara birge islesiwdi ha'm siyasıy turaqlılıqtı ju'zege keltiriw ha'm bekkemlewge tiykar bolıw;

-ha'r bir millettin' u'rp-a'detleri, da'stu'rlerin ha'm qa'diriyatların hu'rmet qılıw, aldın'g'ı ta'jriybelerdi u'yreniw ha'm o'z milleti erisken jetiskenliklerdi olarg'a jetkiziw;

-buzg'ın ha'm tu'rli g'a'rezli ideyalarg'a qarsı gu'res ha'm do'retiwshi ideyalar rawajlanıwının' faktorı bolıw sıyaqlılar. Olar o'z mazmun ha'm ma'nisi jag'ınan ha'r bir milliy ideya ushın ta'n bolg'an ulıwmainsanıy printsipler.

## § 2. Milliy ideya, milletler ara tatıwlıq, diniy bawırıken'lik birligi

Milliy ideya ken' mazmung'a iye. Ol milletler aralıq tatıwlıq ha'm milliy, diniy bawırıken'lik ideyalari menen o'z ara bir. Sol ko'z-qarastan aytg'anda, milliy ideya bul tek bir millet emes, ba'lkim, ja'miyet rawajlanıwına ulıwma maqset jolında ules qosatug'ın ma'mleket puqaralarının' milleti, rassası, diniy isenimine qaramastan hammenin' maqset ha'm ma'plerin sawlelendıredi.

Milliy ideya-barlıq tarawlarda bar milletler ma'plerin o'zinde sa'wlelendirgen jag'dayda arzu qiling'an keleshek ja'miyettin' tiykarın jaratıw, bekkemlew ha'm rawajlantırıw ushın bolg'an ulıwma maqset bag'darındag'ı hareketler jiyındısın milliy ha'm diniy bawırıken'likdı oyatıwshı pikirler, ko'z-qaraslardı, ideyalardı da o'zınde sa'wlelendıredı.

Bugungi kunde ma'mleketimizde 130 dan artiq millet ha'm elat wakılleri jamasdi. Bul ja'miyetimizdegi milliy o'zgeshelikdı bildiredı. Milletler aralıq tatıwlıq ideyası-ulıwmainsanıy qadriyat bolip, turli xalıqlar birlikde jamastug'ın region ha'm ma'mleketler milliy rawajlanıwında baslı faktor.

Bul ideya-bir ja'miyetde jasap, bir maqset jolında miynet qilatug'ın turli milletlerge ta'n adamlar ortasında o'z ara hurmet, dostlıqdı bekkemlewdın' ruwxiy tiykarı.

Milliy ideya-har bir millet wakilinin' uqıbı ha'm potentsialın tolıq a'melge asırıw ushın sharayat jaratadı.Watan ko'rki, el tınıshlıg'ı ha'm xalıq pa'rawanlıg'ı usag'an iygilikli maqsetlerge qaray bag'darlaydı.

Belgili ma'mleketke atı berilgen (titul) millet menen onda jamastug'ın basqa xalıqlar ortasında birlikdin' bolıwı sotsial rawajlanıwdın' en' tiykarg'ı faktorı. Kerisinshe, milliy

ideyanin' a'hmiyetin tu'sinbewshilik ja'miyet turmisin, tınıshlıq ha'm turaqlılıqdı izden shıg'arıwı mumkin.

Milletler aralıq tatıwlıq ha'm birlikke xawıp salıwshı illet, bul-buzg'ınshı milletshilik ha'm shovinizm. Bunday zıyanlı ideyalar ta'sirine tu'sken ja'miyet turaqsızlıq jag'dayına tu'sip qalıwı mu'mkin. XX asrda Evropa xalıqlardı illetke salg'an ha'm ayırım ma'mleketlerdin' dag'darısına sebep bolg'an fashizm yaki milliy qa'siyetler menen esaplaspag'an ha'm qa'lbeki internatsionallıq ideyasına tiykarlang'an kommunizm ideyası bug'an jarqın mısal boladı.

O'zbekstan territoriyasında burınnan ko'plep millet ha'm elat wa'killeri birgelikte jasap keledi. Olar ortasında a'sirler dawamında milliy kelispewshilik bolmag'anı xalqımızdın' a'zelden bawrıken'ligin ko'rsetedi.

Sonın' ushın, bu'gingi ku'nde ma'mleketimizde jasap kiyatırg'an milletlerdi o'z-ara birlik ruwxında ta'rbiyalaw maqseti g'a'rezsizlik ideologiyasının' tiykarg'ı maqsetlerinen biri. Ol xalqımızg'a bolg'an joqarı pazıyletli ha'm insanpa'rwarlıq pazıyletlerine tiykarlanadı.

Ol doslıq mu'na'sibetler u'stin bolg'an paytta sotsial rawajlanıwdın' faktorı sıpatında maydang'a shıg'adı. Respublika Prezidenti İ.Karimov bul haqqında bılay dep jazadı: «Du'nya ta'jiriybesinen milletler yaki etnik toparlar ortasındag'ı o'z-ara mu'na'sibetlerde da'stu'riy birlesken ma'mleketlerde ko'p elatshılıq faktorı ma'mleketlerdin' siyasiy-ekonomikalıq rawajlanıwına na'tiyjeli, xoshametlendiriwshi ta'sir etiwin ko'rsetiwshi mısallardı ko'plep keltiriw mu'mkin. Bul ma'mleketlerde etnik toparlar ha'm rasalar ortasında belgili mashqalalar bar. Sog'an qaramay, ko'p elatshılıq faktorı olardın' sotsial-ekonomikalıq tarawlanıwı jolındag'ı tosıqqa aylanıp qalmag'an, kerisinshe, rawajlanıwdın' jedellesiwine ja'rdem bergen milletlerdin' ha'm ma'deniyatlardın' bir-birine ta'sir ko'rsetiwi bul ma'mleketlerde jamastug'ın xalıqlardın' sotsial aqlıy bayıwı ushın jaqsı derekke aylang'an. Sonday qılıp ma'mleketlerde ko'p milletlilik faktorı demokratiyalıq jedellestiriw ha'm sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwdın', puxaralar ja'miyeti qurılıwı ta'sirshen' quralına aylanıp qalg'an».[1]

O'zbekstan Prezidenti bul pikirlerdi tag'ı da teren'lestirip, ko'p milletshilik bizin' biybaha baylıg'ımız ekenligin, ha'mme na'rse onnan paydalanıwda ekenligin qayta- qayta atap ko'rsetedi. Haqıyqatında da ha'r bir millet o'zinin' biyta'krar ma'deniy ruwxıy

[1] Каримов И. Озбекстан уллы келешекке қарай.Т.Ўзб. 1998, 70-бет.

qa'drıyatlarına iye. Bunday millet wa'killerinin' bir ma'mleket territoriyasında jasawları birlikte miynet etiwleri sotsial turmistin' barlıq tarawlarında o'z-ara qarım-qatnasta bolıwları xalıqtın' ha'r ta'repten rawajlanıwın tezlestiredi. Ayrım milletler tariyxıy rawajlanıw dawamında o'ndiristin' belgili tarawında joqarı da'rejede jetilistirilgen qa'liplesken oy-o'ristin' ta'siri bag'darına itibar qaratadı. Milliy xarakterde, turmista sotsial ha'diyselerge qatnasta o'zine ta'n o'zgeshelikleri bar. Etikalıq, huqıqıy, siyasiy ma'deniyat tarawlarındag'ı is ha'reketlerde belgili unamlı parqlar ushıraydı. Bug'an uqsas ha'r tu'rli baylıg'ımız rawajlanıwımız tezligin asıratug'ın faktor bolıwı mu'mkin. A'dalatlı milliy siyasat alıp barılg'anda ko'p milletlilik maqsetimiz ta'g'dirimiz birligin tu'siniwge ja'rdem beredi. Ulıwmainsanıy ideyalardın' u'stem bolıwın jeke ma'plerdi durıs an'lap alıwdı an'satlastıradı. Kerisinshe, milliy qatnaslarg'a na'ziklik penen jantasılmasa ulıwma milliy printsiplerge itibarsızlıq tınıshlıq ha'm turaqlılıqqa unamsız ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin. İ.Karimov «Ha'zirgi waqıtta insanıyat tariyxında bunın' kerisi yag'nıy ko'p elatlı ma'mleketlerdegi milletleraralıq qatnaslarda birliktin' joqlıg'ı, pu'tkil xalıqlar ha'm ma'mleketlerdi anag'urlım arqag'a ılaqtırıp taslag'an sotsial-siyasiy katastrofalarg'a alıp barg'anın ko'rsetiwshi mısallar az emes. Ko'p elatlılıq tek g'ana ayırım ma'mleketlerdin' pu'tkil regionlardın' ha'm ishki siyasiy turaqlılıg'ı ha'm milliy qa'wipsizliginen qa'wip tuwdırıwı baslı faktorg'a aylang'an».[1]

Milletler aralıq birlik bolmasa buzg'ınshı milletshilik ha'm shovinizmnin' unamsız ideyaları tarqalıwı ushın qolay jag'day jaratıladı. Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' a'mel etiwine adamlar qa'lbi ha'm sanasına sin'diriliwine keri ta'sir etedi. Sonı esapqa alıp ma'mleketimizde bul mashqala ilimiy tiykarda a'dillik penen sheshilmekte. Milletler ortasında qarama-qarsılıqlarg'a jol qoymaw ushın: etnik siyasatta shaxs huqıqları qorg'alıwının' u'stem bolıwın, ma'mleketler arasında qarama-qarsılıqlardı a'meliy ko'riniste sheshetug'ın usıllarg'a tiykarlanıwı bas jolımız ekenligine, bazar qatnasıqların ekonomikalıq rawajlanıwda barlıq milletlerge ta'n xalıqtın' ma'plerine mas keliwine, ha'r bir millet ma'deniyatı, tili, u'rp-a'det ha'm da'stu'rleri, ma'deniy miyrasın rawajlantırıwg'a o'z aldına a'hmiyet berilmekte.

Ma'mleketimizde statistik mag'lıwmatlarg'a qarag'anda, 136 millet, elat, xalıq ha'm etnik toparlardın' wa'killeri jasaydı. Olardın' ha'r biri o'z milliy ma'deniy u'rp-a'detleri, da'stu'rleri, tiline , konstitutsiyalıq huqıqıy ten'likke iye. O'zbekstanda bu'gingi ku'nde 100 den aslam milliy ma'deniy oraylar islep turıptı. Bul bag'darda oraylar du'ziw boyınsha 15 sho'lkemlestiriw toparları is alıp barmaqta. O'zbekstanda barlıq millet wa'killerinin' ten'

[1] Сол дерек 70-71 бетлер

huqıqlı mu’na’sibet ma’mleket nızamı menen bekkemlengen. Bunın’ na’tiyjesi mekteplerimizde 9 milliy tilde oqıtılıwı, 20 tilde g’alaba xabarlandırıw quralları is alıp baratırg’anlıg’ında ko’rinedi.[2]

Tu’rli millet wa’killerinin’ tvorchestvolıq kesheleri ko’rkem ko’rgizbeleri bir ta’repten sol millettin’ O’zbekstan puxarası sıpatında o’z ornı barlıg’ın ko’rsetse, ekinshi ta’repten sol jerde jamastug’ın barlıq milletlerdin’ O’zbekstan xalqı O’zbekstan puxarası ekenligin ko’rsetip turıwshı milliy ideya a’tirapında birlesiwine alıp baradı. İnsaniyat tu’sinigi ha’r tu’rli millet ha’m elatlar tu’rli din ha’m rassag’a tiyisli adamlardı o’z qamtıwına aladı. Demek, ha’r bir insan adamzat belgili bir waqıtta o’z xalqı, Watanının’ perzenti bolıp esaplanadı. Ha’r bir adamda o’z xalqının’ tili, ruwxıyatı, u’rp-a’detleri, qa’driyatları sa’wlelenip turadı. Milliy g’a’rezsizlik ideyası o’z mazmun ma’nisine ko’re barlıq milletlerdin’ ulıwma ma’plerin a’melge asıradı. Ma’mlekette puxaralar ha’m milletler aralıq tatıwlıq sotsial turaqlılıq ortalıg’ın ta’miyn etiwge xızmet qıladı. Ha’r qanday polietnik ma’mlekette tu’rli milletler ortasındag’ı qatnaslar ma’mleket ha’m ja’miyet rawajlanıwına tiykar jaratıwshı faktor esaplanadı.

Du’nya ken’, du’nyada ma’mleketler ko’p, biraq bul du’nyada uqsası joq Ana jurtımız O’zbekstan birew. O’zbekstan dep atalg’an jurttın’ biyta’krar ta’biyatı, bay tariyxı miynetkesh insanları menen bir qatarda bul jerde tu’rli millet ha’m elat wa’killerinin’ bir shan’araq ag’zalarınday jasawları ko’zge taslanbaqta. Bunday doslıq ha’m birge islesiwlik o’zinin’ teren’ tariyxıy tamırlarına ha’m tiykarg’a iye. Bul tiykarlar mamleketimiz Konstituttsiyasında bekkemlep qoyılg’an. Konstituttsiyanin’ 18-statyasında barlıq puqaralar birdey huqıq ha’m erkinlikliklerge iye bolıp, jinsi, irqi, milleti, dini, sotsial kelip shıg’ıwı, isenimi, shaxsi, sotsial obrwyinan tısqarı nızam aldında ten’.- degen qag’ıyda bekkemlep qoyılg’an.[1]

Bul nızamda milliy turmisge, puqaralardın’ milliy sezimlerıne tiyislı tiykarg’ı ahmiyetge iye bir qatar printsipler belgilep qoyılg’anına isenim hasıl qılıwı mumkin.

1. Puqaralardın’ milletine qaramastan nızam aldında ten’ligi bekkemlengen.
2. Puqaralardın’ diniy isenimine qaramastan birdey huqıq erkinliklerge iye ekenligi korsetilgen. Diniy qadriyatlar millet ruwxıylıg’ının’ ajralmas bo’legı ekenin esapg’a alsaq, bul nızamnin’ a’meliy a’hmiyeti aydınlasadı.

---

[2] Қараң Абилов О. Өзбекстан раўажланыўының оптимистик руўхы. Т.2003 184-бет

[1] Өзбекстан Республикасы Конституциясы –Т., 2003жыл

3. Puqaralardın’ rassalıq ten’ligi aytilg’an. Rassizmdan jawız ideologiya ha’m a’meliёttin’ tariyximizda ulıwma kuzetilmegenin atap korsetiwımiz kerek. Biraq ayirim regionlarda buzg’ınshı milletshilik ideyalari menen qurallang’an ayirim toparlar diniy aqidaparastlıq ha’m rassalıq karaslardan o’z maqsetleri jolında paydalanıwg’a urınıp atırg’anlıg’ın da unıtpaw kerek.

Demek, belgili jag’daylarda olar aralas formada shıg’ıwı mumkin. İnformatsiya globallasıwı kuzetilip atırg’an bugungi kunde turli ideyalar hesh qanday shegaralardı tan almay kirip kelıwın itibarg’a alatug’ın bolsaq, sol printsiptin’ ahmiyeti tag’ida aniq kozge taslanadı.

Tariyxiy ta’jriybe kwp milletli mamlekettin’ turaqlılıg’ı milletler aralıq qatnaslarg’a tiyisli huqıq ha’m erkinliklerdı tuwrı belgilep qoyıw menen bir qatarda turmısda og’an a’mel etıw menen baylanıslı ekenligin korsetedi.

Mag’lıwmatlarg’a ko’re, 2000-jılda 36 ma’mleketde 40, 2001-jılda 30 ma’mlekette 36 a’skeriy qarama-qarsılıqlar bolg’an. Olardın’ 27 si 10 jıllar aldın baslang’an. Bul kelispewshiliklerdin’ ayırımları bir ma’mleket ishinde bolg’anlıg’ın esapqa alsaq, olardın’ milliy diniy ha’m rassalıq tiykardan kelip shıqqan puxaralıq urısları ekenin ko’rsetedi.

Du’nyanın’ tu’rli tochkalarında bolıp turg’an bunday kelispewshilikler ko’binese milletler aralıq qatnaslarda milletler aralıq tatıwlıq bawrıken’liktin’ joqlıg’ı sebep bolmaqta. Respublikamız milliy siyasatının’ tiykarg’ı printsipleri turmısta sa’wleleniwin atap ko’rsetsek boladı. milletler aralıq qatnasıqlar tarawında a’meliyat haqqında ga’p ketkende g’a’rezsizlik elimizdegi tu’rli millet ha’m elat wa’killerine o’zinin’ tariyxıy Watanı menen baylanıslar ornatıwg’a imkan bergenin aytıp o’tiwimiz kerek. Ornatılg’an baylanıslar ana tilin oqıtıw ha’m u’yreniwdi jolg’a qoyıw tu’rli qollanbalar ha’m a’debiyatlardı o’z waqtında alıw jaslardı bilimlendiriw ha’m rawajlang’an ma’mleketlerge jiberiw, olardın’ tariyxıy watanına barıp keliw imkaniyatların jarattı. Solay etip, ken’ qamrawlı ma’deniy ag’artıwshılıq da’stu’rlerin a’melge asırıw ushın sharayat ju’zege keldi.

O’zbekstan ha’zir ha’m bunnan keyin o’z g’a’rezsizligin qorg’awı ushın ko’p milletli O’zbekstanlıqlardın’ ha’r bir a’wladı milliy g’a’rezsizlik ideyaları ruwxında ta’rbiyalanıp barılıwı turaqlılıq ha’m ulıwma milliy tatıwlıq ha’m bawrıken’likti tag’ı da bekkemlep baradı. Milliy ideya barlıq O’zbekstanlıqlardın’ ma’plerin sa’wlelendiriwshi ideya. Respublika jamastug’ın 130 dan artıq millettin’ ha’r biri o’zine ta’n ma’deniyatqa ha’m a’sirlik traditsiyag’a iye. O’zbekstan Respublikası alıp baratırg’an milliy siyasatının’ en’ u’stem

bag'darı barlıq milletlerdin' rawajlanıwı ushın tınıshlıq ha'm imkaniyat jaratıw, milletlar aralıq qatnasıqlardı birlestiriwden ibarat. Bul tarawda keyingi jıllardag'ı en' u'lken jetiskenliklerimiz ulıwma u'yimizdegi tınıshlıq ha'm turaqlılıq, milletler aralıq tatıwlıq bolıp tabıladı. Adamlarımız sanasında a'ne sol qa'driyat ha'm onın' o'zgermes a'hmiyeti tu'sinigi ku'n masın o'sip baratırg'anlıg'ın aytıw mu'mkin.[1]

Du'nyanın' barlıq ma'mleketleri ko'p milletli. Respublikamızda a'ne sonday bay ha'r tu'rli ma'deniyatlar gu'llep jasnag'an ma'mleketlerden biri. Bunnan ha'r bir O'zbekstanlı maqtanısh etiwi mu'mkin. O'zbekstandı o'z Watanı dep bilip onın' rawajlanıwı jolında ayanbay miynet qılatug'ın tu'rli millet wa'killeri watanlaslarımızdan ha'r biri bunı shın qa'lbinen sezedi. Alıp barılıp atırg'an milliy siyasat arqalı respublikamızda tınıshlıq, sotsial tatıwlıq ha'm o'z-ara birge islesiw bekkemlenip barılmaqta. Respublika İnternatsional Ma'deniyat Orayı ha'm Milliy Ma'deniyat Orayları is ha'reketleri bul jamastug'ın xalıqlardın' milliy u'rp-a'detleri ha'm ma'resimlerin qayta tiklew ruwxıy ha'm ma'deniy rawajlandırıw, milletler aralıq qatnasıqlardı birlestiriwge qaratılg'an. Tu'rli milletlerge tiyisli puxaralarımızdın' u'lken ulıwma xalıqlıq bayramlarına tayarlıq ko'riw ha'm olardı o'tkeriw, ma'mleket ma'deniy turmısındag'ı waqıyalardı belgilewde belsene qatnasıwları unamlı ortalıqtı jaratpaqta. Bul ortalıq bizge bir shan'araq tuyg'ısın qayta-qayta seziw «O'zbekstan ulıwma u'yimiz» degen so'zlerde teren' ma'ni bar ekenligin bildiredi.

Da'slepki milliy ma'deniyat orayları koreysler, qazaqlar, evreyler, armiyanlar ta'repinen respublika wa'layatlarında 1989-jılda du'zildi. Sol waqıtta olardın' iskerligin muwapıqlastırıp turıw maqsetinde O'zbekstan hu'kimetinin' qararına ko're ma'deniyat isleri wa'zirligi ka'sında respublika milletler aralıq ma'deniyat orayı sho'lkemlestirildi. Biraq bul oraylardın' haqıyqıy rawajlanıwı 1991-jıldan g'a'rezsizlikke eriskennen keyin baslandı. 1992-jıldın' yanvarında İ.Karimovtın' baslaması menen respublika milletler aralıq internatsional oray qasındag'ı ma'deniyat isleri wa'zirligi respublika internatsional ma'deniyat orayına aylantırıldı. Sonday etip onın' iskerligi negizinde milletler ha'm elatlardı birlestiriwge itibar qaratıldı. Respublika internatsional ma'deniyat orayı haqqındag'ı nızamda onın' g'a'rezsiz mekeme ekenligi belgilep qoyıldı. Oray milliy ma'deniy oraylardın' iskerligine basshılıq etedi. O'zbekstanda jamastug'ın milliy toparlardın' ma'deniy mu'ta'jliklerin qandırıwda ma'mleket mekemelerine ha'm ja'ma'a't sho'lkemlerine ko'meklesedi. Respublika internatsional ma'deniyat orayının' materiallıq texnikalıq baza menen ta'miynleniwi RİMO

[1] И.Каримов. Өзбекстан XX1 әсирге умтылмақта. Т.Ўзб.1999 ж, 30-бет.

ha'm MMO islerin aktivlestirdi, olardın' birlesiwi ha'm paydalı birge islesiwi ushın ken' imkaniyatlar jarattı.

Dinler aralıq bawrıken'lik ideyası- ha'r tu'rli diniy isenimge iye bolg'an adamlardın' bir Watanda iygilikli ideya ha'm niyetler jolında birlikte jasawın an'latadı.[1]

Din a'yyemnen ayırım ruwxıy qa'driyatlardın' o'zinde sa'wlelendirip keledi. Milliy ha'm diniy qa'driyatlardın' a'sirler dawamında jasap kiyatırg'anı ha'm olardı o'z-ara bir maqsetke iye ekenliginde. Sebebi, du'nyadag'ı barlıq dinler iygilikli ideyalarg'a tiykrlanadı. Jaqsılıq, tınıshlıq, doslıq usag'an pazıyletlerge tayanadı. Adamlardı halal ha'm pa'k, bawrıken'likke shaqıradı. Ha'zirgi waqıtta bul ideya do'retiwshilik jolında tek g'ana din ulamalar emes ba'lki pu'tkil ja'miyet ag'zalarının' birligin na'zerde tutadı, tınıshlıq ha'm turaqlılıqtı bekkemlewdin' tiykarg'ı sha'rti esaplanadı. Mısalı, a'zel-a'zelden elimizde tu'rli diniy ta'liymatlar jasap keledi. A'sirler dawamında iri qalalarımızda meshit, shirkew bar bolıwı tu'rli millet ha'm dinge tiyisli qa'wimlerdin' o'z diniy a'mellerin erkin a'melge asırıwın ta'miynleniwi bunın' da'liyli. Tariyxımızdın' en' kuramalı awır da'wirlerinde olar ortasında diniy tiykarda kelispewshilikler bolmadı. Xalqımızdın' diniy bawrıken'lik ideyasına a'mel etip jasap kelgenliginen da'lalat beredi. Ha'zirgi ku'nde ma'mleketimizde 15 konfessiyag'a tiyisli diniy sho'lkemler is alıp barmaqta. Olardın' o'z iskerligin a'melge asırıwı ha'm ma'mleket turmısında qatnasıwı ushın sha'rt-sharayatlar jaratılg'an. Bul tarawdag'ı huqıqıy tiykarlar O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyasında «Hu'jdan erkinligi ha'm diniy sho'lkemler haqqında» g'ı nızamda sa'wlelengen. A'ne sol tiykarlar ma'mleketimizdegi barlıq din wa'killerinin' birlikte bolıp ullı iygilikli ideyalar jolında ha'reket qılıwı ushın imkan jaratadı.

Dinlerdin' ulıwmainsanıy sheberligi, maqseti bir bolıp, olar negizinde bir-birlerine qarsı emes.

Diniy bawrıken'liktin' sheberligi sonnan kelip shıg'adı. Ja'miyet tariyxınan tu'rli dinge tiyisli adamlardın' jaqın jasap kelgenligine ko'plep mısallar keltiriw mu'mkin. Bizin' ma'mleketimiz aymag'ında ha'm islom, ham xristianlıq, iudaizm kibi dinler janında jasap kelgen, diniy a'meller erkin orınlanıp kelingen. Sol da'wirlerde de intelligent, alımlar bir-birinen u'yrengen, ustaz-sha'kirt bolg'an. Olardın' tu'rli dinlerge tiyisliligi bunday mu'na'sibetlerge kesent bermegen.

[1] Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийккарғы түсиник хәм принциплер.Т.2000 ж,60-бет.

Aytıw mu’mkin, diniy sana rawajlanıp, dinnin’ sheberligin teren’irek an’law menen diniy bawrıken’lik ha’m rawajlana berdi. Bul ha’zirgi da’wirde diniy bawrıken’likti ja’nede ku’sheytirmekte. Ha’zirgi waqıtta O’zbekstandag’ı tu’rli konfessiyag’a tiyisli diniy sho’lkemler o’z jumısların o’z-ara ten’ huqıqlılıq, ja’miyetshilik ha’m birge islesiw tiykarında a’melge asırmaqta. Diniy bawrıken’lik tu’rli dinlerdin’ tu’rli dinlerge tiyisli adamlardın’ ja’miyetshilik mu’na’sibetlerin g’ana na’zerde tutpaydı, ba’lkim isenimine qaramastan ba’rshe adamlardın’ ten’ligi, ulıwma haq maqset jolında birge islesiwdi de o’z qamtıwına aladı. Diniy qarasqa qarag’anda da, ma’deniy, solardan, ilimiy qarasqa qarag’anda ha’m insan en’ joqarı bolmıs. Ol o’zine berilgen turmisi dawamında jasawg’a, ruwxıy aqlıy ta’repten jetilisip jerdegi turmıs sharayatların jaqsılaw ushın gu’resiwge do’retiwshilik qılıwg’a haqılı. Ruwxıy ka’millikke erisiw ushın insan jasawı jaqsı sharayatlarg’a iye bolıwı kerek. Demek, jerdegi turmisdi saqlap qalıw, rawajlandırıw barlıq adamlardın’ ulıwma maqseti. Diniy ko’z-qaraslar du’nyalıq ko’z-qaraslardı biykarlamaydı. Ol menen birlikte jamasdı ayırım jag’dayda o’z-ara jaqınlasadı. Du’nyalıqtın’ rawajlanıwına xızmet etedi. Du’nyalıq, yag’nıy sol materiallıq turmıstı rawajlandırıwg’a bag’darlang’an diniy ko’z-qaras ha’m maqsetler menen mas keledi. Diniy ko’z-qaraslar du’nyalıq ko’z-qaraslarg’a xızmet qılıwı mu’mkin degende, ko’z-qarastın’ iygilikli jaqsılıq hadallıq, tınıshlık, doslıq uqsag’an joqarı insanıy pazıyletlerin ta’rbiyalawdı na’zerde tutamız. Haqıyqattan da diniy ta’liymatlar ol du’nya turmısın sa’wlelendiriw arqalı bul du’nyada joqarı pazıyletlerge iye bolıwg’a shaqıradı. Diniy bawrıken’liktin’ qarar tabıwı bekkemleniwi, rawajlanıwı barlıq adamlardı isenimine qaramastan milliy ideya ha’m ideologiyanı a’melge asırıw jolında birlestiredi. Ol ideologiyanı milliy ideya ha’m adamlar sanası ha’m qa’lbine jaylastırıwg’a ja’rdem beredi.

Kerisinshe, diniy bawrıken’likti tar ma’niste tu’siniw bir ta’repleme talqılaw ulıwma maqsetten shetlesip, adamlardı o’z-ara toparlarg’a bo’lip jiberiwi mu’mkin. Sonday-aq, ayırım toparlardı g’a’rezli ma’plerine xızmet etetug’ın diniy nıqaptı ju’zege keltiredi. Bul haqqında Prezidentimiz bılay dep jazadı: «İnsanıyat tariyxında diniy sananın’ ajıralmas bo’legi bolg’an adamlardag’ı iseniminen tek g’ana do’retiwshi ku’sh sıpatında emes, ba’lkim buzg’ınshı ku’sh, ha’tteki fonatizm sıpatında paydalanılg’anlıg’ın ko’rsetiwshi mısallar ko’p. Fonatizmnin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri ha’m ko’rinisleri aldı menen o’z dininin’ haqıyqılıg’ına ju’da qattı iseniwi, basqa diniy isenimlerge kelisimsiz qatnasta bolıwdan ibarat.

Fonatizmge jolıqqan adamlar yamasa olardın' toparları ja'miyette turaqsızlıq tolqın keltirip shıg'arıwı mu'mkin».[1]

O'zbekstanda jan'a demokratiyalıq, puxaralıq ja'miyeti tiykarların jaratıwg'a kirisilgen ha'zirgi o'tiw da'wirinde diniy bawrıken'lik qanshelli za'ru'r bolsa, diniy bawrıken'lik ushın milliy ideologiyada sonshelli za'ru'r. Milliy ideologiyanın' ideyaları o'z gezeginde dinnin' haqıyqıy mazmunın ja'miyet rawajlanıwındag'ı ornın bilip alıwg'a ja'rdem beredi. Diniy bawrıken'lik ideyasın durıs tu'siniwge ja'rdem berip, barlıq adamlardı isenimine qaramastan birlestiredi. Milliy g'a'rezsizlik ideyası adamlar sanası ha'm qa'lbine sin'gende diniy ayırmashılıqqa hesh qanday orın qalmaydı. Respublikamız xalqının' milliy ko'rinisi tek g'ana Shıg'ısta emes, ba'lkim Batıs tsivilizatsiyasına mas ulıwma insanıy printsipler, islam, xristian ha'm basqa dinlerge isenip ha'm u'rp-a'detler ha'r tu'rli turmıs obrazlarınan ibarat ruwxıy o'lshemlerdi o'zinde sa'wlelendiredi. Bunda elimizde jasap atırg'an xalıqlardın' o'tmishi bu'gingi turmisi keleshegi menen baylanıslı arzıw-a'rmanları a'sirler asa jasaw protsessinde qa'liplesken birlik, bawrıken'lik tuyg'ıları birlesken ko'riniste sa'wlelenedi. Ha'zir respublikamız boyınsha barlıg'ı 2104 diniy sho'lkem, O'zbekstan musılmanları mekemesi, Rus pravoslav shirkewi, Tashkent ha'm Orta Aziya eparxiyası, evangel xristian baptistlar shirkewleri awqamı, Rim katolik shirkewi, tolıq injil xristianlar orayı, O'zbekstan Bibliya ja'miyeti, 1906 meshit, 163 shirkewi 7 evreyler ja'ma'a'ti, 7 baxaiylar ja'ma'a'ti, 2 Krishnanı an'law ja'ma'a'ti ha'm 13 diniy oqıw ornı (1 islam meshiti, 10 medrese, 1 pravoslav, 1 tolıq injil xristianları seminariyası) ma'mleket diziminen o'tken.

O'zbekstanda diniy ha'm du'nyalıq ortasında u'lgi sıpatında qollaw mu'mkin bolg'an jan'a salıstırmanın' qa'liplesiwi na'tiyjesinde dinler aralıq bawrıken'lik ha'm milletler aralıq tatıwlıqtın' ta'miyinlengenligi, muxa'ddes jurtımızdın' a'zelden ulıwmainsanıy tsivilizatsiya oraylarınan biri bolg'an ha'mmege belgili. Bu'gin O'zbekstan diniy tolerantlıq ha'm dinler aralıq kelisim barısında tek g'ana G'MA ma'mleketlerinde emes, ba'lkim pu'tkil du'nyag'a u'lgi bolmaqta. Bul haqqında Moskva ha'm pu'tkil rus patriarxı Aleksey II, AQSh senatorı Xillari Klinton, AQSh tın' aldın'g'ı ma'mleket sekretarı Madlen Olbrayt ha'm İordaniya patshalıg'ı shaxzadası Hasan ben Talol jurtımızg'a kelgen waqtında tap ko'rsetken edi. A'lbette xalıqımızg'a a'zelden ta'n bolg'an bul pazıylet o'zinin' uzaq tariyxına iye.

Tariyxımızdın' ha'r qaysı da'wirinde din barlıq waqıtta adamlarg'a jaqsı pazıyletlerdi asırıp jamanlarınan qutılıwg'a shaqıradı. Joqarı ulıwmainsanıy qa'driyatlarg'a tiykarlang'an. Bu'gingi ku'nde ruwxıy ha'm diniy tarawlarda bolıp atırg'an quramalı protsesste barlıq millet

[1] И.Каримов. Өзбекстан уллы келешекке қарай. Т.1998ж, 37-бет.

ha’m din wa’killeri bir-birlerine salıstırmalı bawrıken’lik ha’m o’z-ara hu’rmet printsiplerine a’mel etiwleri turaqlılıqtın’ tiykarg’ı faktorı bolıp tabıladı. Prezidentimizdin’ “G’a’rezsizlik na’wshesi ko’geriwi ushın og’an tınıshlıq, tatıwlıq, milletler aralıq turaqlılıq uqsag’an ku’shli tamırlar kerek. Sonda ol ha’r qanday samal, dawıllarda iyilmeytug’ın bolıp o’sedi”, degen so’zleri turmısta izbe-izlik penen a’melge aspaqta. Bul ideyanı a’melge asırıwda tiykarg’ı eki ma’sele, birinshiden, tınıshlıq ha’m do’retiwshilik, islam dinin jalg’an islamshılardan yag’nıy ag’artıwshı islamdı siyasiylasqan jawınger islamnan qorg’aw, ekinshiden, ko’p milletli ha’m ko’p dinli ja’miyetimizde isenim erkinligi kepillengen sharayatta ayrım ja’ma’a’tlerdin’ missionerlik ruwxında is ju’ritiwinin’ aldın alıw kerek. Bul o’z gezeginde jurtımızdag’ı milletler aralıq birlik ha’m diniy bawrıken’likti tag’ı da bekkemleydi. Son’g’ı jıllarda pu’tkil du’nya, sonın’ ishinde regionımızda ku’sheyip baratırg’an diniy ekstremizm ha’m jawınger islamnın’ mazmunı bolg’an bawrıken’likte qarama-qarsı bolg’an ha’reketlerge sebepshi bolmaqta. Bul ha’reket ha’m g’a’rezli ag’ımlardın’ atları ha’m uranları tu’rlishe bolıwına qaramay, maqseti bir-dindi nıqap qılıp ma’mleket siyasatına aralasıw ha’kimiyattı qolg’a kiritiw. O’zbekstan Prezidenti İ.Karimov “O’zbekstan XXI a’sir bosagasında: qa’wipsizlik qa’wip, turaqlılıq sha’rtleri ha’m rawajlanıw kepillikleri” kitabında dinnin’ ja’miyet turmisinde tutqan ornı haqqında bılay deydi: “Biz din bunnan keyin de xalıqtı joqarı ruwxıy, etikalıq ha’m ruwxıy qa’driyatlardan, tariyxıy ha’m ma’deniy miyrastan azıqlanıwı ta’repdarımız biraq biz hesh qashan diniy shaqırıqlar ha’kimiyatqa qarsı gu’reske siyasat, ekonomika ha’m nızamshılıqqa aralasıwı ushın bayraq bolıwına jol qoymaymız, sebebi bul jag’daydı ma’mleketimizdin’ qa’wipsizligi, turaqlılıg’ı ushın qa’wip tuwdıradı dep esaplaymız”.

Hazirgi zamanda milliy ha’m diniy bawırıken’lik dunyada tınıshlıq ha’m turaqlılıqdı saqlaw ha’m diniy ekstremizm, fundamentalizmg’a qarsı guresdı, putkıl dunyanın’ birligin nazerde tutadı. Sol printsipge tiykarlang’an O’zbekstan turli dinlerge tiyisli qadriyatlardı saqlawı, barlıq puqaralar o’z isenimin a’melge asırıwı ushın za’rur sharayatlardı jaratib berıw, dinler ha’m milletler aralıq birlikdı bekkemlew, olar ortasındag’ı a’zeliy traditsiyalardı rawajlandırıwg’a itibar qaratmaqda.

Juwmaqlap aytqanda milliy bawırı ken’lik – turli milletke ta’n adamlardın’ bir-birinin’ tilin, dinin, turmıs obrazın, urp-a’detin, milliy-ma’deniy miyrasın hu’rmet etıwdı olardın’ obrwyın, ar-namısın qa’dırlew arqalı a’melge asatug’ın o’zıne ta’n ruwxıy bawırıken’likdı bildiredı. Milliy bawırıken’lik og’an qarama-qarsı bolg’an, milliy ma’pge ziyan jetkezıw

esabına tamiynlenbeydı.Ol turli millet ma'plerin biriktiriw ha'm ta'miynlew tiykarında bekkemlenip baradı.

Diniy bawrıken'lik ha'm dinler aralıq ha'mde har bir dinnin' ishindegi turli bag'darlar ha'm ag'ımlardin' do'retiwshı ideyalardı qadrlew, bir-birlerın hurmet qiliw tiykarında a'melge asadı. Bul milliy ideya a'mel qilatug'ın ideyalar sipatinda milliy bawırıken'lik ha'm dinler aralıq bawırıken'likke tiykarlanıw turli xalqlar ha'm milletler ortasında ozara birlik, tatıwliqdı ta'miynlew arqalı erkin ha'm pa'rawan turmıs qurıwg'a, insanlardın' turmıs maqsetleri menen bir.

### § 3. Ha'zirgi da'wir rawajlanıwı: milliy ideya ha'm jaslar ta'rbiyası

Ha'r qanday milletin' rawajlanıwı ja'miyettegi jaslar qatlamının' milliy ideya ha'm qa'diriyatlarg'a mu'na'sebeti, onın' jaslar sanasına qanday ta'sir etip atırg'anlıg'ına ha'm de a'meliy iskerligine qanday ta'rizde su'yeniwıne baylanıslı. Jaslar respublikamız xalqının' yarımınan ko'bin quraydı. Sonday aq, jaslardın' milliy ideyanı an'lawı, isenim ha'm iymang'a aylanıwı, qanday jan'a qa'diriyatlar qa'liplestirilgenligi menen de baylanıslı boladı. Sebebi milliy ideya bir ta'repten, jaslardı o'zinin' obekti sıpatında qarasa, ekinshi ta'repten jaslar milliy ideyanın' aldın'g'ı rawajlandırıwshıları ha'm keleshek a'wladqa jetkerip beriwshileri esaplanadı. U'shinshiden, jaslar qanshelli milliy ideya menen qurallang'an ha'm onı an'lap alg'an bolsa, ja'miyet sonshelli rawajlanadı. Bul halat milliy ideya menen jaslardın' o'z ara baylanıslı ekenligin belgileydi. Basqasha aytqanda, milliy ideya qanshelli mazmunlı, ha'r bir adamnın' uzaqqa go'zlegen maqset ha'm ma'pleri, na'tiyjede, millettin' keleshegin belgilewge xızmet qılatug'ın bolsa, onı jaslar sonshelli tez qabıllaydı ha'm og'an salıstırmalı o'zinin' unamlı mu'na'sebeti qa'liplesedi. Demek, ja'miyet milliy ideologiya arqalı jaslarda qanday ideya ha'm pikirlerdi usınsa, sog'an sa'yke ra'wishte ideyalıq ta'repten shınıqqan, watanpa'rwar, zamanago'y bilimlerdi iyelegen jaslarg'a iye boladı. En' a'hmiyetlisi sonda, ha'r bir ja'miyette qanday maqsette bolmasın jan'a ideya ha'm kontseptsiyalarg'a salıstırmalı tu'rde jaslar o'zinin' mu'na'sebetin bildiredi ha'm xalıqtın' basqa qatlamına salıstırg'anda tezirek qabıllaydı. Sebebi jaslar fiziologiyalıq ha'm psixologiyalıq ta'repten ele qa'liplesiw basqıshında bolg'anı ushın olarda jan'alıqlarg'a degen qızıg'ıw ku'shli boladı ha'm onı isenimge aylandırıw itiyajı ku'shli boladı. Sonday aq, jaslar o'zlerinin' ja'miyetlik-ruwxıy ha'm basqa ta'replerine ko're unamsız ha'diyselerge tez beriliwshen'lik, ja'miyettegi o'zgeriwshen' sha'rayatqa maslasıw qa'diliyetinin' joqarı

ekenligi menen ajralıp turadı. Olar ja'miyettin' sonday ja'miyetlik toparına tiyisli, olar o'tkir sezimlik biliw qa'biliyetine iye bolıp, so'z benen a'meliyattın' geyde sa'ykes emes halatların ku'shlirek sezedi. U'lkenler ushın a'detli bolg'an ayrım «a'dalatsızlıq»lar jaslardın' ele tolıq qa'liplespegen sanasına, du'nyag'a ko'z-qarasına ku'shli ziyan jetkeriwi mu'mkin. Sonın' ushın ha'zirgi ku'nde jaslar arasında milliy ideya, milliy maqtanısh ha'm ar-namıs penen baylanıslı manawiy-ruwxıy halatlar u'lken a'hmiyetke iye.

Jaslardın' aldında haqıyqattı aytıwdan qorıqpaw, jalg'anlıqtan qashıw, bar qıyınshılıqlar, mashqalalardı ashıq-aydın bayan etiw lazım. Ha'zirgi waqıtta, ma'mleketimiz basshıları alıp barıp atırg'an unamlı isler ha'm bar bolg'an mashqalalardı sheshiw ushın alıp barılıp atırg'an unamlı isler is ha'reketler ha'm erisilgen a'meliy na'tiyjeler haqqında u'git-na'siyat islerin alıp barıwg'a o'z aldına itibar qaratıw jaslardın' ja'miyetimiz, ma'mleketimiz, g'a'rezsizligimizge bolg'an isenimin bekkemlew alımlarımız, aldın'g'ı ziyalılarımız, lektorlarımız, ideologiyalıq isler menen shug'ıllanıwshı barlıq u'git-na'siyatshılardın' birinshi da'rejeli wazıypası esaplanadı.

Milliy ideyanın' jaslardı bag'darlawshı, ilhamlandırıw, ullı keleshekke qaray bag'darlaw ushın a'hmiyetli, ta'lim ha'm ta'rbiyada tutqan ornı ha'm roli onın' turmis haqıyqatlarına, real barlıqqa, xalıq turmısına qanshelli mas ha'm muwapıqlıg'ına qarap belgilenedi.

Turmıs haqıyqatlarına mas kelmeytug'ın, real turmıstan, barlıqtan, xalıq turmısınan, ku'ndelik turmıstan ajralıp qalg'an gu'rrin'lesiwler, lektsiyalar, sa'wbetlesiwler, ushırasıwlar qanshelli sulıw, o'zine tartar, abroylı bolmasın, ba'ribir, onın' a'meliy na'tiyjesi bolmaydı. Jaslardın' ko'z aldında, qa'lbinde turg'an mashqalalardı o'zinde sa'wlelendirmegen, onı qızıqtırıp kelgen sorawlarg'a jeterli da'rejede juwap bermeytug'ın, adamlardın' ju'regine sezimler salmaytug'ın jıynalıslar ha'm sa'wbetlesiwler, ideologiyalıq isler paydalı emes, ziyan keltiredi, onın' abroyın tu's iredi, bunday ushırasıwlarg'a, u'git nsiyatlarg'a jaslar isenbeydi, ıqlas qoymaydı.

Jaslarda haqıyqatqa mayıllıq joqarı boladı, jalg'anshılıq, ko'z boyamashılıq, so'z benen a'meliyatı basqa bolg'an adamlardan jerkenedi, jek ko'riwshilik ruwxıyatı ku'shli boladı.

Milliy maqtanısh ha'm ar-namıs sezimlerin qa'liplestiriwde xalıqtın' ma'deniy miyrası, milliy qa'diriyatları, ullı oyshıllardın' ibratlı turmisi, bu'gingi erisilip atırg'an jen'isler a'hmiyetli. Jas a'wlad sanasına milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' ja'miyetlk a'dalat tuwralı haqqındag'ı ideyalardı sin'diriwde Abu Nasır Farabiydin' «Pazıl adamlar

qalası», Yusuf Xas Xajibtin' «Qutadg'u bilig», Nızamulmulktin' «Siyasatnama», Amir Temur «Tuzukleri», Alisher Nawayının' «Maxbub ul-qulub» atamalı ataqlı miynetleri tariyxıy-ilimiy derek bolıp xızmet qıladı.

Jaslardın' milliy qa'diriyatlarg'a mu'na'sebeti, milliy ideya tiykarında erkin turmıs, abat ha'm azat Watan qurıw jolındag'ı ha'reketleri, maqset ha'm ma'plerin ulıwmalastıradı, analizleytug'ın, usı ideyalardı bayıtıw ha'm isenim, iymang'a aylandırıw menen baylanıslı. Bul iskerlikti jolg'a qoyıw ushın to'rt a'hmiyetli ma'selege itibar qaratıw lazım ha'm za'ru'rligi ko'rsetilgen:

Birinshiden, bar halatta, jaqın keleshegimizdin' rawajlanıw printsiplerin kerek bolsa, ondag'ı unamsız halatlardın' ja'miyetlik sebeplerin qalıs u'yrenetug'ın ma'mleketlik emes, g'a'rezsiz sho'lkemler iskerligin jetilistiriw, olardın' imkaniyatlarınan tolıq paydalanıw za'ru'r.

Ekinshiden, tınımsız da'rejede o'zgerip atırg'an, toqtawsız jan'alanıp atırg'an zaman, turmısımızda ju'z berip atırg'an waqıya, ha'diyse, protsessler, O'zbekstan ma'mleket g'a'rezsizliginin' ja'miyetlik-ekonomikalıq, siyasiy, huquqıy, ma'deniy-manawiy, marifiy-ideologiyalıq islerdi ja'ne de jedellestiriw, ulıwma maqset jolında saparbar etiw;

U'shinshiden, milliy ideyanın' ku'shi bir ta'repten ag'artiwshiliq-u'git na'siyat isleri, onın' na'tiyjeliligine baylanıslı bolsa, ekinshi ta'repten jaslardın' ku'ndelikli turmısta dus kelgen mashqalalardı tu'siniwi, olardın' mu'na'sebetlerine pikirge qarsı pikir menen ideyag'a ideya menen juwap bere alıw, onı qanday sheship atırg'anlarına tuwrıdan tuwrı baylanıslı. Millet keleshegi, Watang'a kerek bolg'an janın jabbarg'a berip iskerlik ko'rsetetug'ın jaslar bolmasa, milliy g'a'rezsizlik ideyasında ko'zde tutılg'an maqsetlerge erisip bolmaydı. Bul jaslarda milliy maqtnıshtın' ba'lent bolıwın ta'miynleydi.

Biz ulıwmainsaniy qa'diriyatlar, Shıg'ıs filosofiyası, jetik morallıq-estetikalıq ideallar, milliy da'stu'rler tiykarında ta'rbiya mektebin jaratqan oyshıllarımız bolg'anınan maqtanamız.

Bizge babalarımızdan dinimiz, turmıs ta'rizimiz miras qalg'an. A'ne sonın' ushın manawiy qa'diriyatlarg'a itibar beriw, jaslardın' maqseti ha'm arzıw-u'mitlerine mu'na'sip go'zzal turmıstı qurıw ju'da' u'lken ja'miyetlik a'hmiyet ka'sip qıladı. Sebebi «Keleshegi ullı ma'mleket, en' birinshi gezekte, bolajaq puqaralardın' ma'deniyatı, mag'lıwmatı ha'm manwiyatıhaqqında g'a'mxorlıq qılıwı za'ru'r. Jas a'wladqa azat ha'm abat Watandı miyras qaldırar ekenbiz, olar oyshıllarımızdın', ma'mleket basshılarının' ullı islerin dawam ettiriwdi

niet qılar ekenbiz, jaslardın' manawiy oyanıwshılıg'ına a'hmiyet beriw lazım. G'a'plet uyqısınan oyanıp, ayqın na'zer menen kelesheke na'zer taslaytug'ın zaman keldi».

Millet rawajlanıwı, manauiyatı ha'm mag'lıwmaı jetik bilimge iye jaslarg'a baylanıslı. Bolmasa jaslardın' mankurtlik ha'm tek g'ana pulg'a sa'jde qılıwshı arzan isshi ku'shine aylanıp qalıw qa'wip tuwıladı. Millettin' keleshegi arzan-girewge o'z ku'shin satatug'ınlar ornına emes, kerisinshe materiallıq ha'm manawiy miyneti, potentsialı joqarı qa'dirlenetug'ın adamlar, o'z turmısın do'retiwshilik ha'm ja'miyet rawajlanıwında unamlı rol oynaytug'ın miynet tiykarında qurg'an jaslarg'a baylanıslı. Keleshegimizge u'mit ha'm isenim u'lken. O'zbekstannın' kelesheginde ullı ma'mleket bolıwı ushın barlıq sha'rt sha'rayatlar bar: ullı tariyx ha'm bay manawiy miyrasımız bar. Ja'ha'n a'hmiyetine iye ma'deniyattın' miyrasxorlarımız: watanımızdın' ıqlımı, ta'biyatı, a'jayıp jer astı ha'm jer u'sti baylıqlarımız esapsız; xalqımız miynetkesh, g'ayratlı ha'm sabırlı; ma'mleketimiz zor intellektual potentsialg'a, bay aqlıy miyrasqa iye. Bul manawiy jemisler ma'mleketimizdin' tariyxıy tamırları sıpatında keleshekte mol-mol manawiy hasıl beriwine gu'man joq. bunı jaslar qa'dirlewi, onı rawajlandırıp, mudamı bayıtıp barıwı o'zlerinen keyingi a'wladlarg'a qaldırıw sezimleri ba'lent bolıwı, sonday milliy maqtanısh ha'm ar-namıs olardı jan'a-jan'a jen'islerge, ilim-pa'n sırların iyelewge shaqıradı.

G'a'rezsizlik ma'nisi ha'm a'hmiyetin aytatug'ın bolsaq, bul ja'miyetlik o'zgerislerde jaslardın' ornı a'hmiyetli. G'a'rezsizlik sebepli jaslardın' du'nyag'a ko'z-qarası o'zgerdi. Olardın' maqtanısh, ar-namıs, abroy, juwamkershilik sezimleri ku'sheymekte. Turmisge ha'm miynetke mu'na'sebeti, Watang'a, ana jerge miyrimi, iyelik ha'm juwapkershilik sezimi ku'sheydi. Bir so'z benen aytqanda jaslar o'zligin an'lay basladı. Qanday jerde jasap atırg'anlıg'ımızdı seziw, ulıwma insaniy qa'diriyatlarg'ı umtılıw menen birge, Shıg'ıs filosofiyası, pikirlew nurı ha'mmenin' kewlinen orın aldı. Milliy da'stu'rlerimiz ha'm urp a'detlerimizdi tiklew ha'm rawajlandırıw printsipi ku'sheydi. İslam dinimizdi qa'dirlew manauiyatımızdı jan'a ma'niler menen toltırıwg'a alıp keldi. Ullı babalarımız ma'deniy g'a'ziynesine haqıyqıy miyraslıq qıla basladıq. Olardan maqtanıw imkaniyatına iye boldıq. Jurtımızdı jasap atırg'an barlıq millet, elat wa'killerinin' tınısh-inaq jasawı ushın sha'rayat jaratıldı.

Jan'a ja'miyettin' maqset ha'm ideallarına binaan jan'a a'wlad du'nyag'a ko'z qarası qa'liplespekte. Jan'a ja'miyettin' qarar tabıwı ha'm rawajlanıwı, o'z gezeginde, manawiy jan'alang'an ha'm qa'liplesken a'wladlar ruwxının' pa'kleniwinde usınbaqta. Jan'a ja'miyet aldın millet a'rmanında, qa'lbinde pisip jetilisedi. Son'ın ala ol obektiv reallıqqa aylang'an,

ken' ja'ma'a'tshiliktin' turmıs ha'm rawajlanıw ta'rizin sa'wlelendiriwshi ideya sıpatında qarar taptı. Usı ja'miyet jetistirgen adamlar, ken' ja'ma'a'tshiliktin' aldın'g'ı du'nyaqarası ha'm pikirlewine za'ru'rlik sezedi. Bir birinin' rawajlanıwın belgilewshi ideyalıq faktorlar birligi ja'miyet ha'm ma'mlekettin' milliy ma'pleri ha'm keleshegin kepillewshi ku'shler bolıp sanaladı. A'ne usı ma'nide respublikamızdı qarar tawıp atırg'an puqaralıq ja'miyetin ha'm usı ja'miyette jasawshı jaslardın' sanası, du'nyag'a ko'z qarasın o'zgertiw ha'm insaniylastırıw maqsetinde ju'da' ko'p sharalar ko'rilmekte. İnsan erkinligi ha'm azatlıg'ın kepilewshi O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyası qabıl etildi. Qatar universitetler sho'lkemlestirildi, oqıw tiziminde du'nya modelleri, ta'rbiya bag'darında manawiy miyrasımızdın' en' aldın'g'ı ha'm insanpa'rwar printsipleri tiykar etip alındı. Ma'mleket ha'm ja'miyet qurılısı ma'selelerin u'yreniw, jetik ta'jriybeli basshı kadrlar tayarlaw maqsetinde O'zbekstan Respublikası Prezidenti janındag'ı ma'mleket ha'm ja'miyet qurılısı Akademiyası sho'lkemlestirildi. Watanımızdın' Qurallı Ku'shleri ha'm qa'wipsizligin bekkemlew, puqaralardın' o'z u'yi ha'm is orınlarında tınısh qa'tirjam bolıwı boyınsha shara ilajlar belgilendi; ta'lim tizimimizdegi reformalar zamanago'y litseyler ha'm kollejler belgilendi; jaslardın' bilim ha'm potentsialların jetilistiriw maqsetinde «Ulug'bek», «Umid», «Ustaz», keyinala «İstedod» fondları du'zildi; O'zbekstan respublikasında kadrlar tayarlawdın' Milliy da'stu'ri tiykarında ulıwma orta ta'lim, orta arnawlı, ka'sip o'ner ta'limin sho'lkemlestiriw shara ilajları islep shıg'ıldı. Ko'rkem Akademiyanın' sho'lkemlestiriliwi, İmam İsmail Buxariy, Amir Temur, Babur, Ulug'bek, Baxauaddin Nakshbandiy, al Farg'oniy, Moturidiy, Xuja Axror Baliy siyaqlı milliy ma'deniyatımız darg'alarına bag'ıshlang'an saltanatlar, qurılg'an estelikler jan'a ja'miyettin' a'melge asırıp atırg'an real manauiy isleri. Olar jan'a ja'miyettin' ku'sh qu'diretinen u'lgi bolıp g'ana qal may, milliy sana ha'm jan'a du'nya qarastı qa'liplestiriwde, jaslarda milliy maqtanıshtı bekkemlewde ju'da' u'lken a'hmiyet ka'sip etpekte.

Jaslardın' sanası ha'm pikirlewi o'zgerip, jan'alanıp barmaqta. Pikirlew ha'm sanamızda g'a'rezsizlik ideyaları bekkemlenbekte. Du'nyanı, o'zimizdi ha'm o'zligimizdi an'law imkaniyatı qolg' kiritildi. Bul jaslar pikirlewdi g'a'rezsizlik pikirlewi talaplarına mas qa'liplestirmekte.

G'a'rezsizliktin' da'slepki ha'm en' ullı jemisi o'zligimizdi an'lap jetiw boldı. O'zligimizdi an'lap jetken pikirlewdin' en' birinshi belgisi milliy ideya, milliy ideologiyadan xabardar bolıw. Ma'mleketimizdegi tınıshlıq ha'm turaqlılıq milliy ideologiya shen'berinde ushırasıwı mu'mkin bolg'an ishki kelispewshiliklerdin' aldın alıw ha'm onı ken' da'rejede

jaslar qa’lbine kirip barıwına imkan jarattı. Jaslar sanası ha’m pikirlewinde o’zgeris ku’sheygen eken, olar o’z turmisi ha’m keleshegin millet ha’m de ma’mleket keleshegi menen baylanıslı ekenligin teren’ seze baslag’anın an’latadı. Ha’r bir tarawda o’zgerisler, jen’is ha’m jetiskenlikler ku’n masın ko’beyip, ken’eyip barar eken, ideologiya tarawında endi is qalmaydı, ha’mme na’rse oylag’anımızday bola beredi dew tuwrıma, a’lbette joq. Sebebi, du’nyada muallaq bir aymaqta jasamay atırg’anımız, a’tirapımızda tu’rli dizim ha’m du’zimdegi xalıqlar ha’m ma’mleketler barlıg’ı, ideologiyaday na’zik manawiy protsesstin’ u’zliksiz o’siw ha’m o’zgeriste bolıwın belgileydi. «Du’nyada jaslar sanası ha’m qa’lbin iyelewge» urınıwlar ele saqlanıp qalmaqta. A’sirese, jaslarımız pikirlewi, du’nyag’a ko’z qarasın qa’liplestiriw ma’selelerine biyparıq bolmawımız kerek ekenligin na’zerde tutıwımız sha’rt. Demek, ideologiyalıq qa’wiptin’ saqlanıp qalıwı jaslardı ha’m oylawg’a shaqıradı.

İdeyalıq qa’wip ju’zeki qarag’anda birden ha’m tuwrı ko’zge taslanbawı mu’mkin. Sog’an binaan, sananı, pikirlewdi qozg’alısqa salıwshı ha’r qanday qa’wiplerdin’ aldın alıw, olarg’a jol qoymaw lazım.

Tınısh ha’m paraxat miynet etiwge shaqırıwshı milliy ideyag’a qa’wip salıwı mu’mkin bolg’an orta a’sirlerde payda bolg’an musılman xalifatlıg’ın tiklewdi o’z aldına maqset qılıp qoyg’an belgili sho’lkemler bar, olar ko’p qarjı ha’m ideologiyalıq ta’sir usılları ja’rdeminde bir ideologiyalıq ma’kan qurıp, islam dinin siyasiylastırıw ha’m usı tiykarda hu’kimranlıq qılıw, ha’kimiyattı qolg’a kiritiwge ha’reket qılmaqta. Olar musılmanlar jamastug’ın ma’mleketler ortasında hesh qanday adminstrativlik shegeralar bolmawı kerek. Bul ma’mleketlerdin’ barlıg’ı jeke xalifatlıq orayı ta’repinen basqarılıwı lazım, degen ideyalardı jaslar sanasına sin’diriwge ha’reket qılmaqta. Bunday ekstremistlik ha’reketler arqalı musulman shan’araqlardın’ jas perzentleri sanası, du’nyag’a ko’z qarasın basıp alıwg’a, na’tiyjesinde milliy ideya, milliy ideologiya tu’sinkleri ornın orta a’sir ruwxındag’ı islam aqıydaları menen toltırıwg’a ha’reket qılmaqta. Ha’zirgi payıtta, diniy ekstremizm, vaxxabiyshilik ha’m «Xizbi taxriri islomiya» ko’z qarasların inkar etiw islam filosofiyası, islam dini ha’m onın’ insan manauiyatın pa’klendiriw jolındag’ı ideyalarg’a qarsı shıg’ıw degen ga’p emes. Xalqımızdın’ isengen, tınıshlıq ha’m paraxatshılıqtı teren’ qa’dirlewshi haqıyqıy islam ta’liyamatına hesh qanday qarsılıg’ı joq. Biraq dinnen siya siy maqsetlerde paydalanıwg’a umtılıw bul basqa ma’sele. Siyasiy maqsetler, demokratiyalıq printsipler ha’m protsesslerdin’ o’z jolı, nızam qag’ıydaları bar.

Du’nyawiy puqaralıq ja’miyetinde ha’r kim o’z isin qılıwı, shug’ıllanıwı, sonday aq «din dinnin’ isin, ma’mleket ma’mlekettin’ isin qılıwı kerek». Ma’mleket diniy ma’selelerge

aralaspag'anınday, din ha'm ma'mleket islerine aralaspawı kerek. Eger jaslarımız arasında o'z ma'mleketinde diniy qa'diriyatlardın' rawajlanıwı, manawiy jetikliktin' jamalın ko'riwdi qa'ler eken, olar birinshi gezekte, zaman perzenti, milliy ideya ha'm milliy ideologiya iyesi bolg'an bilimdan ha'm marifatlı insan bolıwı lazım. Olar a'zeliy ha'm ma'n'gi manauiy qa'diriyatlarımızdan u'zilmegen halda zamanago'y pikirlew da'rejesindegi bilim ha'm sanag'a iye bolıwı kerek.

Milliy ideya, milliy pikirlew ha'm milliy ideologiya jolında jaslar qanshelli birikse, baylanıssa du'nya xalıqları ko'z aldında ku'shimiz, statusımız ha'm ornımız sonshelli ba'lent kju'darïledi. Biz basqa ma'mleketlerge su'yenip, basqa ma'mleketlerdi pana tutıp, olardın' eteginen uslap ju'retug'ın ma'mleket, xalıq emespiz, g'a'rezsiz siyasat, g'a'rezsiz pikirlew ha'm g'a'rezsiz ha'reketler g'ana ha'r dayım basqalarda hu'rmet ha'm itibar oyatqan. G'a'rezlilik, qullıq miyuesi ha'r qanday sha'rayatta millettin' rawajlanıwına jol bermeydi. O'zimizdin' ku'shimiz, qu'diretimiz, o'zimizdin' sanamız sebepli biz ullı ma'mleketke erisemiz. Ha'zirgi sha'rayatta kimde kim o'z g'a'rezsiz Watanı, o'z g'a'rezsiz pikiri, bekkem iymanlı bolsa g'ana ten'ler ishinde ten' boladı.

Ha'zirgi da'wir ushın aktual ha'm tiykarg'ı esaplang'an milliy ideya printsipleri millet tariyxı ha'm onı an'law da'rejesine baylanıslı boladı. Sebebi milliy ideya aspanan tu'speydi, ol jerde ju'rgen adamlardın' qa'lbinde jetilip, usı jer, usı topıraq, usı Watan xızmeti ushın qaratılg'anda g'ana onın' a'hmiyeti ha'm abroyı asıp baradı.

Milliy ideyanın' jaslar sanasınan teren' orın alg'anın anıqlawdın' tiykarg'ı kriteriyası usı aziz watanımız, usı aziz xalqımız qa'diriyatları ba'rshemizdiki, bul Watan, bul millet ushın jasaw ha'm onın' keleshegi ushın hadal ha'm pa'k miynet qılıw baxıt ekenligin qanshelli seziwimizde.

Belgili da'wirdegi milliy ideya, milliy ideologiya, yag'nıy ja'miyettin' tiykarg'ı maqsetin ideallar, demokratiyalıq printsipler menen uyg'ınlastırıw ma'selesi ju'da' a'hmiyetli. Bul protsess milletti o'z qabıg'ında oralıp qalıw qa'wpinen azat etedi, og'an ja'ha'n da'rejesinde pikirlew imkanın beredi. İnsaniyat u'shinshi mın' jıllıq tsivilizatsiyasınd sonday rawajlanıw jolın qolg'a kiritti. Ha'r bir millet ha'm ma'mleket ta'g'diri insaniyat keleshegine baylanıslı bolıp qaladı. Da'wrimizdin' bunday o'zine ta'n ha'm quramalı ja'miyetlik-tariyxıy protsesslerdi umıtıw hesh qanday mu'mkin emes. İnsannın' o'z milleti ha'm de Watanı, sonday aq, insaniyat aldındag'ı juwapkershiligi ha'm parızın ha'r bir jas a'wladqa sin'diriw, jaslarda watanpa'rwarlıq sezimlerin insanpa'rwarlıq printsipleri menen uyg'ın ka'mal taptırıw za'ru'rligin ja'ne de ku'sheyttirmekte.

XXI a’sirde jasap atırg’an bu’gingi jaslarımızdın’ manawiyatı a’ne usınday ken’ ha’m teren’, sap ha’m taza bolıwı da’rkar. Tuwrı, insan ha’m ja’miyet turmısının’ barlıq tarawların qamrap alıwshı manauiyat tu’siniginin’ anıq ha’m absolyut filosofiyalıq kriteriyasın belgilew qıyın. Lekin, bul degen so’z manauiyattın’ qa’liplesiw ha’m jetilisiw normaların ko’riwge bolmaydı degen ga’p emes. Pu’tkil ja’miyet da’rejesinde alıp barılıp atırg’an, insan ruwxıylıg’ın pa’klendiriw ha’m batıllastırıw menen baylanıslı barlıq isler onın’ qanshelli u’lken na’tiyjeler beretug’ının da’liylleydi. G’a’rezsizlikke shekem bolg’an tu’sinik, elesletiw ha’m de keshirmelerimizden bu’gingi ruwxımız, manauiyatımız u’lken parıq qıladı. Bunı ha’r kim o’zine o’zi beretug’ın «Keshe kim edik, bu’gin kim boldıq» degen sorawdan an’lap alsa boladı.

Jaslar manawiyatın asırıw ma’selelerdin’ birinshi yaki ekinshi wazıypaları joq. olardın’ ha’mmesi bir jola ha’m de ha’r dayım diqqat itibar orayında turıwı kerek. Sonın’ ushın ta’lim-ta’rbiya, bilim ha’m du’nyag’a ko’z qarasqa u’lken a’hmiyet berilmekte. Bala ta’rbiyası besikten baslang’anınday, manauiy kamalat ha’m shan’araq, baqsha, mektep, joqarı oqıw orınları h.t.b ma’skanlardan baslanadı. Ol keshiktirilse, qıysıq na’wsheni sındırmastan tuwrılaw qanshelli qıyın bolsa, manauiy kamalatqa erisiw ha’m sonshelli keshigedi, yaki awır keshedi.

Biz bu’gin puqaralardın’ erkinligi ha’m g’a’rezsiz pikirlewge tiykarlang’an ja’miyet qurıp atır ekenbiz, jaslarımızg’a ja’miyette ulıwma erkinlik bolmaslıg’ın, g’a’rezsiz pikirlew juwapkersizlik ha’m parızdı umıtıw emeslikti tu’sindirip barıwımız za’ru’r. Puqara erkinligi jan’a ja’miyetlik du’zim ta’repinen kepillense de, puqaralardın’ ja’miyet ma’plerine mas kelmeytug’ın ulıwma erkin is ha’reketlerdin’ kepilligi emes. «Men ulıwma erkin puqaraman, g’a’rezsiz pikirli insanman, bilgenimdi qılaman» dep, jasaw ta’rizin o’zgertiw insannın’ ja’miyetlik ha’m milliy ma’nisine qayshı aqıyda.

Sol orında O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2004 jıl 25 maydag’ı «O’zbekstan hayal-qızlar komiteti iskerligin qollap quwatlaw barısındag’ı qosımsha shara-ilajlar haqqında»g’ı Pa’rmanı ha’m 21 iyun ku’ni Aqsarayda usı Pa’rmanı belgilengen wazıypalardı sheshiw jollarına bag’ıshlang’an ma’jliste belgilengenindey, «Jaslar ortasında diniy ekstremizm, aqıydaparstlıq, narkomaniya siyaqlı illeetlerdin’ aldın alıwda, perzentlerimizdi bunday ba’le qazalardan asıraw ushın gu’reste, ha’r dayım sezgir ha’m qırag’ı bolıp jasawda ha’kimlikler, wa’zirlik ha’m idaralar, a’sirese, Oliy ha’m orta arnawlı, Xalıq ta’limi

wa’zirlikleri, Din isleri boyınsha komitet, «Kamolot» jaslar ja’miyetlik ha’reketi, «Oila» orayı, ken’ ja’ma’a’tshilik, ha’mmemiz juwapkermiz»[13].

Sonın’ ushın jaslar ta’rbiyası ha’m bul ta’rbiya tamırında olardın’ manauiyatın ha’reketke keltiriwshi g’a’rezsizlik ideyası, milliy qa’diriyatlardı asırap abaylaw ha’m rawajlandırıw sezimi, Watan keleshegi jolında hadal ha’m pa’k miynet etiw siyaqlı milliy ideologiyanın’ o’zek tamırların sin’diriw jatadı.

G’a’rezsizlik da’wiri jasları a’ne sonday xalqımızdın’ XXI a’sirdegi ullı do’retiwshilik islerine o’zlerin bag’darlaytug’ın pidayı insan bolıp jetisip atırg’anın turmisdin’ o’zi da’liyllep bermekte. Olar ulıwma insaniy qa’diriyatlardı do’retiwshilik ta’rizde u’yrenip, zamanımızg’a engiziwde, milliy o’zine ta’nligimizdi, a’sirler sınawınan o’tken da’stu’rlerimizdi, ha’mme waqıt iyman isenim menen jasaw sıyaqlı turmıslıq printsiplerimizdi de saqlap, jetilistirip barg’an halda bunday sharaplı islerdi orınlawg’a ha’reket qılmaqta.

Bu’gin jaslar g’a’rezsizlik sebepli «ar», «a’ndiyshe», «namıs», «hu’jdan», «insap», «maqtanısh» siyaqlı tu’siniklerdin’ haqıyqıy ma’nisin an’lamaqta.

Ar-bul mu’na’sip emes yaki ep ko’rilmegen isten, na’rseden uyalıw, qısınıw, uyat ha’m namıs qılıw sezimidur. Bunnan tısqarı, abroy-itibar, maqtanısh sezimlerinde bildiriwi mu’mkin.

A’ndiyshe bul aqıbetti oylap ju’rgizilgen pikirlew, abaylap is tutıw sezimi. A’ndiysheli adam degende, aqıbetti oylap is tutatug’ın, qa’wip-qa’terdi biletug’ın ar-namıslı, iybeli insandı tu’sinemiz. A’dette a’ndiysheli adam betke shappaydı, parasatlılıq penen is tutadı.

Namıs- bul uyatlılıq, sap tazalıq ma’nilerinen tısqarı adamnın’ o’z statusın saqlaw, ulıg’law ha’m ardaqlaw, uyalıw sezimlerin, shan’araq ha’m babalar atına daq tu’sirmew ma’nisin sa’wlelendiredi. A’dette namıslı adam manawiy qa’diriyatın materiallıq baylıqqa almastırmaydı. Nızam qadag’an qıla almag’an na’rselerdi geyde namıs qadag’an qıla aladı degen naqıl ha’m bar xalqımızda.

Hu’jdan- bul adamnın’ ku’ndelik iskerligi, qılmısı, peyili ushın shan’araq, ja’ma’a’t, ja’miyet ha’m Watan, millet aldında manauiy juwapkershilikti seziw. Usı jetik morallıq tu’sinik shaxstı do’retiwshilik ha’reketlerine umtıldırıp ha’m sog’an sa’ykeslestirip, o’z iskerligine o’zi baha beriwge alıp keledi; o’z iskerliginin’ jaqsı ta’replerinen qanaatlanıp, quwansa, jaman ta’replerinen narazı bolıp, ruwxıy eziledi, yag’nıy hu’jdan azabına ushıraydı

[13] Хаял-кызлар комитетлери хаяллар мапин хакыйкый суретлеуши хам коргаушысына айланыуы керек. «Халык сози», 2004 жыл 23 июнь.

Hu’jdan tuwma qa’siyet dewshiler ha’m bar. Hu’jdan- adamlardın’ jasap turg’an sha’rayatına, alg’an ta’lim-ta’rbiyasına baylanıslı dep esaplawshılar ha’m bar. Hu’jdan ko’p yaki az bilimlilikke, bay yaki ka’mbag’al bolıwg’a, a’piwayılıq yaki ataqlılıq menen g’ana baylanıslı emes.

İnsap- bul a’dalat ha’m hu’jdan a’miri menen is  tutıw sezimi ha’m qa’bilieti, iste, adamlarg’a mu’na’sebette hadallıq, tuwrılıq, barabarlıq, ten’lik, sapdillik ha’m haqıyqatgo’ylik. O’zgeni o’z ornına ha’m sonday aq, o’z ornına ha’m o’zgeni qiyalıy qoyıp ko’riw ha’m insapqa kiredi. Toq ashtı, bay ka’mbag’aldı, baxıtlı baxıtsızdı, a’wmetli a’wmetsizdi, sag’lam keseldi o’z ornına qoyıp ko’re alsa, ha’m kerisinshe de sonday bolsa, insaplılar qatarı ko’beyip bradı.

İnsap tu’sinigi Shıg’ıs filosofiyasında sonday tu’siniledi. İnsap- bul adamnın’ ja’miyetlik moral ko’z qarasınan o’z minez qulqın ta’rtipke salıwı ha’m morallıq bahalawı. İnsap hu’jdanlı adamnın’ yaki belgili ja’ma’a’ttin’ ja’miyetke yaki basqa adamlarg’a salıstırmalı o’z minez qulqı ushın manauiy juwapkershilik sezimi. Eger adam qanday da bir isti tuwrı orınlasa, onda ishki qanaatlanıw sezimi payda boladı, hu’jdanı pa’k boladı, eger bile tura natuwrı orınlasa, insaptan shıqqan boladı. İnsap adamdı qanday da bir isti qılıwg’a shaqırsa yaki qılıwdan tartsa, bunda ol qa’lib a’miri ta’rizinde boladı.

Belgili adamnın’ yaki jeke, yaki ja’miyetlik minez qulqında ushıraytug’ın ha’r qanday jalg’an, o’tirikshilikti ja’ma’a’ insapsızlıq sıpatında qaralaydı. Qullası, insap adamnın’ ja’miyet aldında, do’gerek a’tiraptag’ı adamlar aldında o’z is ha’reketi menen manawiy juwapkershilikti seziwinin’ sa’wleleniwi.

Ana tilimiz a’sirler boyı xalqımız ta’repinen zergerlik masqal berilip, sonday jetik qılıp jaratılg’an, ol arqalı ha’r qanday ma’ni ha’m tu’siniklerdi, olardın’ en’ na’zik ta’replerine shekem anıq ha’m tınıq su’wretlew mu’mkin. Yag’nıy neshe mın’ jıllar dawamında xalqımız sanası tolısıp bara bergen, onda hasıl bolg’an tu’siniklerdi o’z tu’pkilikli so’zlerimiz benen ha’m, jan’a-jan’a so’zler jaratıw usılları menen ha’m su’wretlegen. Sol barısta til baylıg’ımız rawajlanıp kelgen.

Shaxs maqtanıshı- bul statusqa iye bolıw. Ha’r bir shaxs o’zinin’ jen’islerinen maqtanısh sezimine iye boladı. Ata ana qabıl perzentlerinen, ustaz qa’biliyetle sha’kirtinen, jazıwshı jaqsı shıg’armasınan, bag’ban payızlı bag’ınan, millet o’z miyrası, talantlı perzentleri menen maqtanadı h.t.b

İnsan o’z ku’shine isengen ha’m usının’ menen parıqlana alg’an jag’dayda g’ana qanday da bir na’rsege erisedi. O’z qa’dir qımbatın an’law aqıllı adamdı ja’ne de kemtar,

ja'ne de sawlatlı qıladı. Adam ushın o'z qa'biliyetinen artıq da'rejede maqtanıwı da, o'zin o'zi jerge urıwı da jaramaydı. O'z o'zliginshe qala bilgen adamnın' maqtanıshı putin.

O'zine artıq baha beriw, kekkeyiw, ba'lentten keliw- bular menmenlikke kiredi. Ha'diysi Shariflerde aytılıwınsha, Alla en' jaman ko'rgen na'rselerden biri menmenlikdur. Ha'tte meshitke mardıyıp kirgen adamnın' namazı qabıl bolmaydı eken. «Menmenlik zawalg'a, kemtarlıq ka'malg'a jetekleydi», degen naqıl sog'an ishara bolsa kerek. Adam sonday jasawı lazım, onın' jen'islerinen o'zi ha'm maqtansın, lekin onnan ko're ko'birek shan'araq ag'zaları, qon'sıları, ma'ha'llesi, onnan qala berse, pu'tkil ma'mleketi, milleti maqtansın, maqtanıshım dep sıylasın.

A'lbette, bul tu'sinikler o'z aldına mazmung'a iye bolıw menen birge, olar normag'a a'mel qıladı. Bunday insan qa'lbi menen baylanıslı bolg'an sıpatlar insandı, jaslardı milliy ideyag'a isenim ha'm iymandı bekkemleydi, jaqsılıqqa xızmet qıladı.

Milliy maqtanısh- bul milliy statustı bekkemlew. Milliy status millet o'zin bir ja'miyetlik birlik ekenligin sanalı ra'wishte seziw bolıp sanaladı. Bul sonday bir ku'shli ruwxıy halat, ol sebepli tariyxıy birlik, qan qarındaslıq, til ma'deniyat, manawiyat, ekonomikalıq turmıs ha'm keleshek birligi millet wa'killerinin' qa'lbinen teren' orın aladı.

Milliy birdemlik sezimi milliy sananın' negizidur. Milliy birdemlik jetik ha'm tolıq mapnauiy pazıylet sıpatında, milliy sananı rawajlang'an milletlerde tolıqlaw sa'wlelenedi. Jergilikshilik ha'm toparshılıq milliy birdemlik seziminin' ku'shsizleniwine alıp keledi. Milliy status millet manawiy ka'malatının' barlıq ta'replerinin' miyrası ha'm bu'gingi qa'diriyatların o'z ishine aladı. Milliy g'a'rezsizlik na'tiyjesinde erisilgen ha'm endi erisiletug'ın ekonomikalıq ha'm manawiy jen'isler ko'beygen masın O'zbekstan menen maqtanısh etiw sezimi ku'sheyip bara beredi. Milliy maqtanısh ma'mleketimizdin' barlıq puqaraları ushın birdey tiyisli ha'm jetilise barıwı ushın barlıq puqaralar juwapker.

Juwmaqlap aytqanda, iymanlı adam usı aytılg'an puqaralar. Bul O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyasının', Parlamentimiz ta'repinen qabıl qılıng'an puqaralıqqa tiyisli nızam-qag'ıydalarg'a da mas keledi. Biz keleshegimiz ta'g'dirin a'ne sonday pidayı insanlar, o'z itiyajların pikirlew ta'rezisinde, iyman aynasında pikirleytug'ın, na'psi ba'lesinen azat jaslar qolına tapsırıwımız kerek. Bul jaslar ha'r qansha maqtansa arzıytug'ın tariyxı ha'm qa'diriyatları bar xalqına, milletke, Watanına xızmet qılıwdı o'zlerinin' parızı dep qarawı, sonday isenimge iye bolıwı za'ru'r. sonın' ushın jaslarımızda milliy maqtanıshtı ta'rbiyalaw islerin ha'r ku'ni ha'm sistemalı alıp barıw olar manawiyatı jetilisiwinin' kepili. Jaslarımızdın' ha'r biri milliy maqtanısh sezimlerin o'zleride qa'liplestire aladı.

Milliy maqtanıshtın' o'tmish babalarımız miyrasın spekulyatsiya etip, ko'kirekke urıp maqtanıwdan parqı bar, a'lbette. Milliy maqtanısh qurg'aq, men pa'lenshi a'wladıman, men pismanshının' miyrasxorıman, dep baqırıw yaki qurg'aq maqtanıwdı emes, millet, watan, tariyx, ha'm keleshek ushın qayg'ırıwdı, shaxsiy bag'darlang'anlıqtı, xalıq, Watan da'rtlerine da'rman bolıwdı, yag'nıy manawiy barkamallıqtı talap etedi.

Milliy maqtanısh, aldı menen, ha'r bir millet wa'kilinin' o'z xalqı tariyxın, manauiy morallıq qa'diriyatları, keleshegin biliwi ha'm qa'dirlewi, sonın' menen birlge, basqa xalıqlar ha'm milletlerdin' de milliy qa'dir qımbatın, da'stu'rleri, tariyxı, a'debiyatı, ko'rkem o'neri ha'm ma'deniyatın a'dalatlı ra'wishte qorg'aw, teren' seziw ha'm u'yreniw, hu'rmet etiw menen baylanıslı bolg'an maqtanısh sezimi bolg'an millettin' insaniy pazıyletidur.

Ha'r bir millet o'zinin' jen'islerinen qanaatlanıw ha'm quwanısh sezimin payda etedi. Ata-ana qabıl perzentlerinen, ustaz talantlı sha'kirtlerinen, jazıwshı jaqsı shıg'armalarınan, jurt o'z xalqının' ullı allama ha'm qahramanları, pidayı ha'm zahmetkesh miynet su'ygish xalqınan maqtanada.

Milliy maqtanısh jaslardı o'z ku'shi, qa'biliyeti ha'm talantın milliy ha'm ulıwmainsaniy ma'pler jolında bag'darlawg'a shaqıradı. O'zbek xalqının' jetik milliy qa'dir qımbatı, ar namısı ha'm sharaplılıg'ı onın' ju'da' miyrimliligi ha'm sap hu'jdanlıg'ına tiykarlang'anlıg'ında.

Sonın' ushın da ma'mleketimizdin' qanshelli tez u'lkeyiwi ja'miyetlik-ekonomikalıq, ma'deniy-manawiy ha'm siyasiy fundamentinin' barg'an masın bekkemleniwi, aldı menen, jaslar milliy sanasının' o'siwi, o'zin-o'zi an'lawı, manwiy da'rejesi, milliy maqtanıshı qanshelli joqarı bolıwına baylanıslı. Onın' negizinde marifatlı bolıw jetedı.

O'zbekstanlılar a'zelden miynetkesh, ullı jaratıwshılıq quwatına iye ekenligi, ha'miyshe jaqsılıqqa umtılı jasawı, insang'a ta'n ibratlı pazıyletleri menen ajralıp turadı. O'z ta'g'dirine ha'm o'zgeler ta'g'dirine biyparıq qaray almaytug'ın xalqımız bir birine su'yenip, da'rtin bo'lisip ha'm biradar bolıp jamasdı. O'z xalqı menen birge qon'sı xalıqlar jen'isleri menen maqtanadı. Milliy o'zligin an'lap alıwda, milliy maqtanıshtı o'siriwde ha'm ta'rbiyalawda, milletimiz tariyxın teren' ha'm ilimiy tiykarda u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Milliy maqtanısh sezimi siyaqlı milliy sana mazmunnın' a'hmiyetli faktorı. Milliy maqtanısh, en' aldı menen o'zligin an'law, milliy keleshegin ta'miynlew jolındag'ı ha'reket, o'z milleti keleshegi aldında juwapkershiliktin' so'zsiz u'lgisi. Milliy o'tmishin jaqsı bilgen, onı qa'dirley alatug'ın ha'm ha'zirgi payıtta onı jan'asha sha'rayatlar ha'm halatlarda bayıtıp baratug'ın ka'mil insan. Bolmasa, miliiy maqtanısh sezimi sonshelli maqtanshaqlıq usılına

aylanıp qalıwı mu’mkin. Du’nyada 200 den artıq milletler bolsa, ha’r bir millet o’zine ta’n minez-qulqına iye. Sonın’ ushın ha’m ha’r qıylı regionlarda jasap atırg’an xalıqlar tu’rlishe jasaw ta’rizine, bir birine uqsamaytug’ın u’rp a’detlerine iye boladı. Ma’selen, o’zbekler ar-namıs, ta’rbiya, iybelilikti ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme tarawlarında a’hmiyetli pazıylet dep qabıl qılıng’an. Sonday qa’siyetlerge iye, bazıda bul tek «o’zbekke ta’n pazıylet» dep te ju’ritiledi.

Milletke ta’nlilik ju’da’ na’zik ha’m ha’zirgi payıtta ju’da’ quramalı halat. Adam za’ru’r bolg’anda turmisindegi barlıq jemislerden, hesh qıylanbastan waz keshiwi mu’mkin. Biraq hesh kim, hesh qashan milliy ta’nlilikten waz keshe almaydı. Onı qa’legen payıtta qa’legeninshe o’zgerte almaydı. Sebebi milletke ta’nlilik sezimleri insannın’ qan qanına, mın’ bir kletkasına sin’ip ketken. Bunı sezbegenler qa’lbi soqır, manawiy kemtik adamlar. Lekin milletke ta’nligi menen maqtanıw basqa, milletshilik basqa.

O’zine artıq baha beriw ha’mme waqıt shaxs turmisin ha’m, millet keleshegin de kriziske alıp keledi. Milliy menmenlik, o’zge milletlerdi mensinbew, kemsitiw, aqır aqıbetinde, milletler aralıq tatıwlıqqa qa’wip salmaqta. O’zbekstanda bar turaqlılıqtın’ tiykarı usı twatan puqarası bolg’an barlıq milletler ushın ma’mleketler tariyxı, onın’ a’sirler dawamında toplag’an qa’diriyatları ulıwma maqtanıshqa aylang’anlıg’ında. «Usı a’ziz Watan ha’mmemizdiki», «Bizden azat ha’m abat Watan qalsın» degen shaqırıqlardın’ manauiy qu’direti, u’lken ulıwmainsaniy mazmunı a’ne sonda.

## PAYDALANILG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ


1. İslom Karimov. «Ozod va obod Vatan, erkin va farovon haёt – pirovard maqsadimiz». Toshkent, «Wzbekiston», 2000.
2. İslom Karimov. Wzbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siёsat, mafkura. Toshkent, «Wzbekiston», 1996.
3. İslom Karimov . Biz kelajagimizni wz qwlimiz bilan quramiz.– T. «Uzbekiston», 1999.
4. İslom Karimov. Milliy istiqlol mafkurası - xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. – T. «Uzbekiston», 2000
5. İslom Karimov. İmperiya davrda bizni ikkinchi darajali odamlar, dep hisoblar edi. «Xalq swzi», 2005 yil 19-yanvar.
6. İslom Karimov. Xafsizlik va barqaror taraqqiet ywlida. T. «Wzbekiston», 1998.
7. İslom Karimov Milliy istiqlol g’oyasi - xalq etiqodi va buyuk kelajagiga ishonchidir T. «Uzbekiston». 2000.
8. İslom Karimov. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq - millatni millat qilishga xizmat qilsin.T. «Uzbekiston». 1998.
9. İslom Karimov İ. Ozbekstan ullı keleshekke qaray.T. «Wzbekiston». 1998
10. İslom Karimov. Uzbek xalkı xech kachon xech kimga karam bulmaydi. T. «Uzbekiston», 2005.
11. O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyası T., 2003-jıl
12. Milliy istiqlol g’oyasi asosiy tushuncha va tamoyillar. T. «Yangi asr avlodi». 2001.
13. Avesto. Tarixiy-adabiy edgorlik. A.Maxkam tarjimasi. T., «Sharq», 2001.
14. Jwraev U. Dune dinlari tarixi. T. «Sharq», 1998.
15. İmom Buxoriy. Al-Adab, Al-mufrad. T. «Wzbekiston», 1990.
16. Abu Nasr Forobiy. Fozil odamlar shahri. Toshkent. G’.G’ulom nomidagi Adabiet va sanat nashrieti 1993.
17. Gaaga 1954 jıl qr may Sbornik dogovorov OON.
18. Otamuratov S. Wzbekistonda manaviy-ruwxiy tiklanish T. «Yangi asr avlodi», 2003.
19. Abilov O. O’zbekstan rawajlanıwının’ optimistik ruwxı. T. 2003
20. Milliy g’a’rezsizlik ideyası: tiykarg’ı tu’sinik xa’m printsipler. T. 2000

21. Xayal-kızlar komitetleri xayallar mapin xakıykıy suretleushi xam korgaushısına aylanıuı kerek. «Xalık sozi», 2004 jıl 23 iyun.
22. Musurmonova O. manaviy qadriyatlar – sog’lom avlodni tarbiyalash vositasi. T., 1996.
23. Abu Abdulloh Muhammad ibn İsmoil Al-Buxoriy. Hadis. 1-4-tomlar Qomuslar bosh tahririyati.